

**JAMASAN PUSAKA WONTEN ING PENGETAN 1 SURA ING DHUSUN  
KECEME, DESA GERBOSARI, KECAMATAN SAMIGALUH,  
KABUPATEN KULON PROGO**

**SKRIPSI**

**Kaaturaken dhumateng Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah  
Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta  
minangka Jejangkeping Pandadaran Anggayuh  
*Gelar Sarjana Pendidikan***



**Dening :  
Novanto Setyawan  
NIM 10205241058**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
2014**

## PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan “*Jamasan Pusaka wonten ing Pengetan 1 Sura ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo*” menika sampun dipunsarujuki dening dosen pembimbing kangge dipunuji.



Yogyakarta, 4 April 2014

Pembimbing

Dr. Suwardi, M.Hum.

NIP. 19640403 199001 1 004

## PANGESAHAN

Skripsi kanthi irah-irahan *Jamasan Pusaka wonten ing Pengetan 1 Sura ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo* menika sampun dipunandharaken ing pendadaran wonten sangajenging *Dewan Penguji* ing tanggal 25 April 2014 saha dipuntetepaken lulus.

Asma	Jabatan	Tapak Asmi	Tanggal
Prof. Dr. Suharti, M.Pd.	<i>Ketua Penguji</i>		19/5 2014
Venny Indria E. S.Pd., M.Litt.	<i>Sekretaris Penguji</i>		22/5 2014
Drs. Afendy Widayat, M.Phil.	<i>Penguji I</i>		9/5 2014
Dr. Suwardi, M.Hum.	<i>Penguji II</i>		9/5 2014

Yogyakarta, 23 Mei 2014  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Yogyakarta  
Dekan, \*



  
Prof. Dr. Zamzani, M. Pd.  
NIP. 19550505 198011 1 001

## WEDHARAN

Ingang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Novanto Setyawan**

NIM : 10205241058

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

medharaken bilih skripsi menika damelan kula piyambak. Sapangertosan kula, wosing skripsi menika beda kaliyan skripsi ingkang sinerat dening tiyang sanes, kajawi bab tartamtu ingkang kula pendhet kangge pamanggih dhasar kanthi njumbuhaken tata cara saha etika panyeratipun. Menawi wedharan menika kabukti boten leres, dados tanggel jawab kula piyambak.

Yogyakarta, 5 April 2014

Panyerat,



Novanto Setyawan

## **SESANTI**

Ajining mangsa, ngungkuli ajining raja brana.

*(Anonim)*

## **PISUNGSUNG**

Raos puji syukur kula aturaken dhumateng Ngarsanipun Gusti Allah ingkang  
Maha Welas lanAsih, skripsi menika kula pisungsungaken dhumateng:  
Tiyang sepuh kula, Bapak Wiyantoro saha Ibu Yuni Kadarsih ingkang sampun  
paring panyengkuyung saha donga pangestunipun.

## PRAWACANA

Puji syukur konjuk dhumateng Gusti Allah SWT ingkang Maha Welas lan Asih, ingkang sampun paring rahmat, hidayah saha inayah saengga skripsi kanthi irah-irahan "***Jamasan Pusaka wonten ing Pengetan 1 Sura ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo***" menika saged kaimpun kanthi kalis ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar* sarjana pendidikan.

Skripsi menika kaserat kanthi pambiyantu saking Bapak Dr. Suwardi, M. Hum minangka *pembimbing* ingkang tansah kanthi sabar saha premati maringi bimbingan tumrap panyerat.

Skripsi menika saged rampung anggenipun nyerat amargi awit sampun dipunsengkuyung saking mapinten-pinten *pihak*. Awit saking menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng:

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M. Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta,
2. Bapak Dr. Suwardi, M. Hum. minangka Pangarsa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah saha minangka dosen *pembimbing* ingkang paring pambiyantu saha panyengkuyung supados nyekapaken skripsi,
3. Bapak Ibu Dosen Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring kawruh mawarni-warni ingkang murakabi saha staf administrasi jurusan PBD ingkang sampun biyantu babagan administrasi tumrap panyerat,
4. *Dewan penguji* sadangunipun Ujian Tugas Akhir Skripsi ingkang sampun paring pitedah dhateng panyerat kangge damel skripsi saha ujian saged katampi,
5. Bapak Wachid minangka Ketua Sertani Dhusun Keceme ingkang sampun paring ijin panaliten,
6. Para warga Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo ingkang sampun paring pambiyantu awujud informasi supados saged nyekapaken skripsi menika,

7. Bapak, Ibu, saha sedaya kulawarga ingkang sampun paring panyengkuyung saha pambiyantu,
8. Kanca saking Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Kanca KKN-PPL, sarta sedaya pihak ingkang boten saged panyerat sebataken setunggal mbaka setunggal, ingkang sampun paring donga saha panjurung tumrap panyerat saengga skripsi menika saged kaimpun,
9. Kanca-kanca saking Paguyuban Kridha Mudha Budaya ingkang sampun paring motivasi lan donga.

Temtu kemawon skripsi menika dereng saged kawastanan sae, jangkep, menapa malih sampurna. Pramila saking menika, sedaya pangandikan menapa dene panyaruwe ingkang tumuju amrih langkung sae, jangkep, saha sampurnaning skripsi menika, tansah katampi kanthi bingahing manah saha atur agunging panuwun. Wasana kanthi raos andhap asor panyerat gadhah pangajap mugu-mugu skripsi menika saged murakabi tumrap pamaos saha panyerat.

Yogyakarta, 5 April 2014

Panyerat,



Novanto Setyawan

**JAMASAN PUSAKA WONTEN ING PENGETAN 1 SURA ING  
DHUSUN KECEME, DESA GERBOSARI, KECAMATAN  
SAMIGALUH, KABUPATEN KULON PROGO**

**Dening:  
Novanto Setyawan  
NIM 10205241058**

**SARINING PANALITEN**

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken (1) asal-usulipun upacara Jamasan Pusaka, (2) lampahing prosesi upacara Jamasan Pusaka, (3) ngandharaken makna simbolik sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing salebeting Upacara Jamasan Pusaka, (4) ngandharaken paedahipun Upacara Jamasan Pusaka tumrap warga masarakat panyengkuyung.

Panaliten menika kalebet jinis panaliten *kualitatif*. Cara ingkang kaginakaken kangge ngempalaken data inggih menika kanthi migunakaken *pengamatan berperan serta* saha *wawancara mendalam*. Pirantining panaliten inggih menika panaliti piyambak ingkang kabiyantu migunakaken piranti *kamera*, *voice recorder*, lan buku cathetan. Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika kanthi migunakaken teknik analisis *induktif*. Data dipunsahaken kanthi cara *triangulasi* sumber lan metode.

Asiling panaliten menika nedahaken bilih: (1) asal-usuling upacara *Jamasan Pusaka* inggih menika nalika Kanjeng Sri Sultan HB IX ingkang masrahaken pusaka wonten ing Dhusun Keceme supados dipunwonteni Jamasan Pusaka saben 1 Sura. Dipunpilihipun Dhusun Keceme minangka papan upacara Jamasan Pusaka amargi papan menika minangka papan ingkang kaginakaken dening Sultan Agung Hanyokrokusuma kangge papan pratapan saengga pikantuk wangsit dados ratu wonten ing Kraton Mataram. (2) Lampahing prosesi upacara Jamasan Pusaka menika kawiwitan kanthi kenduri lan tirakat wonten ing malem 1 Sura, ingkang kalajengaken Kirab gunung lan jamasan Pusaka wonten ing 1 Sura, lan dipunpungkasi kanthi pagelaran seni jathilan. (3) Sesaji ingkang kaginakaken wonten ing prosesi kenduri lan jamasan menika nggadhahi simbol-simbol tartamtu ingkang gayut kaliyan pagesangan manungsa lan nggambaraken raos syukur warga masarakat dhumateng Gusti Inggang Maha Mirah. (4) Upacara jamasan Pusaka ingkang kalampahan wonten ing Dhusun Keceme menika gadhah paedah tumrap masarakat panyengkuyungipun arupi paedah spiritual, sosial, ekonomi, pariwisata, lan pelestari tradhisi.

## WOSING ISI

	Kaca
<b>IRAH-IRAHAN</b> .....	i
<b>PASARUJUKAN</b> .....	ii
<b>PENGESAHAN</b> .....	iii
<b>WEDHARAN</b> .....	iv
<b>SESANTI</b> .....	v
<b>PISUNGSUNG</b> .....	vi
<b>PRAWACANA</b> .....	vii
<b>SARINING PANALITEN</b> .....	ix
<b>WOSING ISI</b> .....	x
<b>DHAPTAR TABEL</b> .....	xv
<b>DHAPTAR GAMBAR</b> .....	xvi
<b>DHAPTAR LAMPIRAN</b> .....	xvii
<b>BAB I PURWAKA</b>	
A. Dhasaring Panaliten .....	1
B. Wosing Perkawis .....	3
C. Ancasing Panaliten .....	5
D. Paedahipun panaliten .....	5
<b>BAB II GEGARAN TEORI</b>	
A. Kabudayan .....	7

B. <i>Folklor</i> .....	10
C. Upacara Tradhisional .....	15
D. Makna Simbolis .....	17

### **BAB III CARA PANALITEN**

A. Jinising Panaliten .....	21
B. <i>Setting</i> Panaliten .....	21
C. Sumber Data Panaliten .....	22
D. Cara Manggihaken Informan .....	23
E. Caran Ngempalaken Data .....	23
1. Pengamatan Berperan Serta .....	24
2. Wawancara Mendalam .....	24
F. Pirantosing Panaliten .....	25
G. Caranipun Ngalalisis Data .....	25
H. Caranipun Ngesahaken Data .....	26

### **BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

A. Deskripsi <i>Setting</i> Panaliten .....	27
1. Andharan Papan Upacara Jamasan Pusaka .....	27
2. Paraga Upacara Jamasan Pusaka .....	30
a. Penduduk .....	30
b. Agami .....	31
B. Asal-usul .....	31
1. Dipunpilihipun Suroloyo minangka Papan Upacara Jamasan Pusaka .....	31
a. Suroloyo Minangka Papan Pratapan Sultan Agung .....	31
b. Puncak Suroloyo Minangka Papan Ing Cariyos Pewayangan .....	32
2. Asal-usul Upacara Jamasan Pusaka .....	35
C. Prosesi Upacara Jamasan Pusaka .....	38

1. Cecawis .....	39
a. Rapat Panitia Pengetan 1 Sura .....	39
b. Cecawis Papan Upacara Jamasan Pusaka .....	41
c. Cecawis Papan Pagelaran Seni Jathilan .....	43
d. Cecawis Sesaji .....	43
1) Sekul saha lawuhipun .....	44
a) Sekul Wuduk .....	44
b) Ingkung .....	45
c) Ambeng .....	46
d) Sekul Golong .....	47
e) Pentho .....	48
f) Serundheng .....	49
g) Gorengan .....	50
h) Jangan .....	51
2) Jenang .....	52
a) Jenang Pethak .....	53
b) Jenang Abrit .....	53
c) Jenang Baro-baro .....	54
d) Jenang Pliringan .....	54
3) Jajan Pasar saha larakan .....	55
a) Jajan Pasar .....	55
b) Larakan .....	56
4) Sekar Setaman .....	57
e. Cecawis Gunungan.. .....	58
2. Lampahing Prosesi Upacara Jamasan Pusaka .....	60
a. Kenduri lan Tirakatan .....	61
b. Kirab Gunungan .....	63
c. Jamasan Pusaka .....	65
d. Rebut Gunungan .....	68
e. Pagelaran Seni Jathilan .....	69
D. Makna Simbolik .....	71

1. Makna Simbolik Ubarampe Kenduri.....	71
a. Sekul saha Lawuhipun .....	71
1) Sekul Wuduk .....	71
2) Inkung .....	72
3) Ambeng .....	74
4) Sekul Golong .....	74
5) Pentho .....	75
6) Serundheng .....	76
7) Gorengan .....	77
8) Jangan .....	78
b. Jenang .....	78
1) Jenang Pethak .....	79
2) Jenang Abrit .....	79
3) Jenang Baro-baro .....	80
4) Jenang Pliringan .....	81
c. Jajan Pasar saha Larakan .....	82
1) Jajan Pasar .....	82
2) Larakan .....	83
2. Makna Simbolik Ubarampe Jamasan Pusaka .....	84
a. Pusaka .....	84
b. Gunungan .....	85
c. Sekar Setaman .....	85
E. Paedah saking Upacara Jamasan Pusaka .....	86
1. Paedah Spiritual .....	87
2. Paedah Sosial .....	88
3. Paedah Ekonomi .....	88
4. Paedah Pariwisata .....	89
5. Paedah Pelestari Tradhisi .....	90

## **BAB V PANUTUP**

A. Dudutan .....	92
------------------	----

B. <i>Implikasi</i> .....	97
C. Pamrayogi .....	97
<b>KAPUSTAKAN</b> .....	98
<b>LAMPIRAN</b> .....	100

## **DHAPTAR TABEL**

	Kaca
Tabel 1 : Jumlah Penduduk .....	30
Tabel 2 : Data Agama Penduduk Keceme.....	31

## DHAPTAR GAMBAR

	Kaca
Gambar 1 : Peta Dhusun Keceme .....	28
Gambar 2 : Dhenah papan upacara jamasan pusaka .....	29
Gambar 3 : Warga reresik Sendhang Kawidodaren .....	42
Gambar 4 : Sekul Wuduk .....	45
Gambar 5 : Inkung .....	46
Gambar 6 : Sekul Golong .....	48
Gambar 7 : Pentho .....	49
Gambar 8 : Serundheng .....	50
Gambar 9 : Gorengan .....	51
Gambar 10 : Jangan Kering .....	52
Gambar 11 : Jenang .....	53
Gambar 12 : Jajan pasar, larakan, lan ambeng .....	56
Gambar 13 : Sekar Setaman .....	57
Gambar 14 : Damel Gunungan .....	59
Gambar 15 : Gunungan .....	60
Gambar 16 : Kirab Gunungan .....	64
Gambar 17 : Pusaka .....	65
Gambar 18 : Jamasan pusaka dening Bapak Bambang .....	66
Gambar 19 : Jamasan Pusaka dening Bapak Sutedjo .....	67
Gambar 20 : Swasana Rebut Gunungan .....	69
Gambar 21 : Pagelaran Seni Jathilan .....	70
Gambar 22 : Pambagyaharja saking Bapak Sutedjo .....	71

## DHAPTAR LAMPIRAN

	Kaca
CLO 01 : <i>Deskripsi setting</i> Upacara Jamasan Pusaka .....	100
CLO 02 : Rapat pembentukan panitia pengetan 1 Sura .....	104
CLO 03 : Reresik papan upacara Jamasan Pusaka .....	107
CLO 04 : Reresik papan Pagelaran Seni Jathilan .....	109
CLO 05 : Damel Gunungan .....	110
CLO 06 : Damel Sesaji Kenduri .....	113
CLO 07 : Kenduri lan tirakat .....	123
CLO 08 : Kirab Gunungan lan pusaka .....	126
CLO 09 : Jamasan Pusaka .....	128
CLO 10 : Pagelaran Seni .....	131
CLW 01 : Bapak Wachid .....	133
CLW 02 : Bapak Kismodiyono .....	139
CLW 03 : Bapak Sudarman .....	142
CLW 04 : Bapak Pawiro Kartono .....	146
CLW 05 : Ibu Kartinah .....	149
Surat Ijin dan Surat Keterangan .....	152

# **BAB I**

## **PURWAKA**

### **A. Dhasaring Panaliten**

Kulon Progo mujudaken salah satunggaling kabupaten ingkang wonten ing sisih kilen Propinsi DIY. Kabupaten menika kaperang dados 12 kecamatan, wiwit saking Samigaluh ing sisih ler ngantos dumugi pesisir laut kidul. Kawontenan alam Kabupaten Kulon Progo ingkang arupi *pegunungan* lan pesisir menika gadhahi kekhasan piyambak-piyambak. Salah satunggaling ingkang khas saking Kabupaten Kulon Progo inggih menika kabudayan ingkang wonten ing pagesangan masarakatipun. Kekhasan budaya ingkang wonten ing tlatah Kulon Progo saged dipuntingali saking kathahing budaya ingkang wonten ing pagesangan masarakat, antawisipun inggih menika saking tetedhan khas, kesenian tradhisional, upacara tradisional, lan sanes-sanesipun.

Kesenian lan upacara tradhisional ingkang wonten ing Kabupaten Kulon Progo wujudipun benten-benten, gumantung saking wilayahipun. Budaya ingkang wonten ing sisih ler ingkang warga masarakatipun gadhah pedamelan dados tani benten kaliyan warga masarakat Kulon Progo ingkang sisih kidul ingkang gadhah pedamelan dados nelayan. Kathahipun wujud budaya ingkang wonten ing Kulon Progo menika mujudaken *keragaman* budaya Jawi ingkang taksih dipunuri-uri dening masarakatipun.

Salah satunggaling upacara ingkang taksih lumampah wonten ing bebrayan agung Jawi masarakat Kulon Progo inggih menika upacara pengetan 1 Sura.

Upacara pengetan 1 Sura menika minangka salah satunggaling cara masarakat kangge nyekapi kabetahan *spiritual*. Prosesi lampahing upacara menika tamtunipun nggadhahi makna sarta nilai ingkang dipundadosaken pitedah tata lakuning pagesangan. Masarakat Jawi tansah gadhah kapitadosan bilih sasi Sura wonten ing penanggalan Jawi menika ateges galenganing tahun utawi purwakaning sasi wonten ing tahun Jawa. Masarakat Jawi pitados bilih lumebeteng warsa enggal menika saged kaginakaken minangka sarana intropeksi diri pribadinipun supados langkung sae babagan tindak-tanduk, solah bawa, lan sapanunggalanipun. Masarakat Jawi ugi pitados bilih wonten ing warsa enggal menika raket sambungipun kaliyan tirakat utawi laku prihatos.

Tradhisi ingkang taksih rumaket wonten ing masarakat Jawi menika taksih kathah. Salah satunggaling inggih menika upacara Jamasan Pusaka ingkang kalampahan dening warga masarakat Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo. Tradhisi jamasan pusaka menika kalampahan wonten ing sasi Sura saben taunipun kanthi wujud jamasan pusaka tumbak ingkang sinebat Tumbak Kyai Manggala Murti wonten ing tanggal 1 Sura. Jamasan Pusaka mujudaken raos pakurmatan dhumateng ingkang Gusti Inggang Maha Kwasa saha nyeyuwun supados saged pikantuk kasarasan saha kaslametan dhumateeng sedaya warga masarakat mliginipun masarakat Dhusun Keceme saha sakiwa tengenipun.

Upacara Jamasan Pusaka menika katindakaken wonten ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo. Upacara Jamasan pusaka menika dipunleksanani wonten ing tanggal 1 Sura saben

taunipun. Upacara menika kalampahan kanthi kenduri wonten ing malem 1 Sura ingkang dipunlajengaken kanthi kirab gunung saking dalemipun dhukuh Keceme ngantos dumugi Sendhang Kawidodaren. Pusaka ingkang dipunkirabaken salajengipun dipunjamasi wonten ing Sendhang Kawidodaren. Dipunpilih papan sendhang Kawidodaren amargi miturut kapitadosan saking masarakat Keceme bilih Sendhang Kawidodaren minangka papan ingkang kaginakaken dening para Widodari kangge sesuci saengga dipunkramataken. Wujud pusaka ingkang dipunjamasi inggih menika arupi tumbak. Tumbak menika minangka pusaka paringan saking Kraton Kasultanan Ngayogyakarta Hadiningrat ingkang dipuntitipaken wonten ing Dhusun Keceme lan kedah dipunjamasi saben 1 Sura.

Upacara Jamasan pusaka gadhahi ancas minangka raos pakurmatan dhumateng para leluhur ingkang wonten ing Dhusun Keceme ingkang dipunsymbolaken migunakaken tumbak. Upacara jamasan pusaka ugi mujudaken raos panuwun warga masarakat saking asiling bumi arupi asiling tetanen ingkang dipuntata wonten ing sajroning gunung. Upacara jamasan pusaka menika minangka salah satunggaling tradhisi ingkang tasih kenthel kabudayan Jawinipun, minangka salah satunggaling cara pasinaon masarakat babagan budi pakerti luhur.

## **B. Wosing Perkawis**

Upacara Jamasan Pusaka menika kalampahan wonten ing tanggal 1 Sura saben taunipun kanthi papan wonten ing Sendhang Kawidodaren, Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo. Upacara menika dipuntindakaken dening warga masarakat Dhusun Keceme

ingkang kabantu dening Pemerintah Desa Gerbosari. Prosesi upacara menika katindakaken kanthi kirab pusaka lan gunungan ingkang dipunlajengaken kanthi prosesi jamasan pusaka wonten ing Sendhang Kawidodaren. Lampahing upacara menika dipunpungkasi kanthi pagelaran kesenian tradhisional jathilan.

Upacara jamasan pusaka wonten ing Dhusun Keceme menika gadhah ancas minangka sarana pakurmatan dhumateng leluwur saha mujudaken raos syukur saking warga masarakat Dhusun Keceme dhumateng Gusti Allah ingkang sampun paring kabagaswarasan, kawilujengan, lan kalancaran ing rejeki tumrap warga masarakat Dhusun Keceme menika. Raos syukur masarakat dipunwujudaken kanthi wontenipun gunungan ingkang wosipun menika arupi wulu pamedalipun bumi warga masarakat Dhusun Keceme ingkang saperangan ageng gadhah pedamelan dados tani. Wonten ing salebeting prosesi jamasan pusaka menika migunakaken maneka warna ubarampe ingkang mengku werdi awujud simbol saking pagesanganipun masarakat. Warga masarakat nindakaken upacara jamasan pusaka dumugi wekdal menika amargi pitados upacara menika gadhah paedah ingkang ageng lan ugi minangka salah satunggaling tradhisi ingkang dipunginakaken minangka kangge nyinaoni babagan budi pakerti luhur.

Kanthi adhedhasar perkawis-perkawis ingkang sampun sinebat wonten ing nginggil menika, pramila panaliten menika dipunfokusaken dhateng asal-usulipun upacara Jamasan Pusaka wonten ing pengetan 1 sura ing Dusun Keceme, lampahing prosesi upacara Jamasan Pusaka wonten ing pengetan 1 sura ing Dusun Keceme, makna simbolik ubarampe ingkang dipunginakaken wonten ing upacara

Jamasan Pusaka saha paedahipun upacara Jamasan Pusaka tumrap pagesangan masarakat panyengkuyungipun.

### **C. Ancasing Panaliten**

Ancas saking panaliten Jamasan Pusaka wonten ing Pengetan 1 Sura ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon progo inggih menika.

1. Ngandharaken asal-usulipun upacara Jamaasan Pusaka wonten ing Pengetan 1 Sura ing dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon progo.
2. Ngandharaken lampahing upacara Jamasan Pusaka wonten ing Dusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon progo.
3. Ngandharaken makna simbolik saking ubarampe ingkang dipunginakaken wonten ing upacara Jamasan Pusaka wonten ing Dusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo.
4. Ngandharaken paedah saking upacara Jamasan Pusaka wonten ing Dusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo.

### **D. Paedahipun panaliten**

Panaliten Upacara Jamasan Pusaka wonten ing Pengetan 1 Sura ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon

Progo menika nggadhahi paedah inggih menika paedah *teoritis* lan paedah *praktis*.

1. Paedah secara *teoritis*, panaliten menika kaangkah supados saged ngimbuhi seserepan-seserepan ing babagan wawasan lan *pengetahuan* kabudayan mliginipun ing babagan Upacara Jamasan Pusaka wonten ing Pengetan 1 Sura ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo.
2. Paedah secara *praktis*, panaliten menika kaangkah supados saged suka informasi dhateng masarakat lan para pamaos magepokan kaliyan wontenipun Upacara Jamasan Pusaka wonten ing Pengetan 1 Sura ing Dhusun Keceme, Kabupaten Kulon Progo. Paedah saking panaliten menika ugi kaajab supados saged dipunginakaken kangge studi ilmu budaya sarta informasi ing salebeting pangrembakaning wisata budaya ingkang gayut kaliyan Upacara Jamasan Pusaka wonten ing Pengetan 1 Sura ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo.

## **BAB II**

### **GEGARAN TEORI**

#### **A. Kabudayaan**

Kabudayaan miturut Koentjaraningrat (1985:180) inggih menika mujudaken sedaya sistem, gagasan, tindakan, lan asil rumpakaning manungsa wonten ing pagesanganipun ingkang sampun dados gadhahipun masarakat. Tembung kabudayaan menika asalipun saking basa Sansekerta *buddhayah*, bentuk jamak saking tembung *buddhi* ingkang ngewrat teges “budi” utawi “akal” ingkang ateges saperangan perkawis ingkang gadhah sesambetan kaliyan akal. Poerwadarminta (1939: 51) ngandharaken bilih kabudayaan inggih menika babaring nalar pambudinipun manungsa ingkang wujudipun inggih menika kagunan, kapinteran, kawruh, lan sapanunggalanipun.

Endraswara (2006: 1) ngandharaken bilih budaya inggih menika perkawis ingkang gesang, dipunkembangaken, lan ewah tumuju titik tartamtu. Koesni (lumantar Herusatoto, 2008: 9) ngandharaken bilih budaya inggih menika upayaning manungsa kangge nyiptakaken satunggaling kaendahan. Kabudayaan ingkang wonten ing masarakat menika dipunginakaken kangge mangertosi kawontenan lingkungan ing sakiwa tengenipun, sarta tindak tandukipun ing lampah pagesangan, tuladhanipun inggih menika asiling kagyatan lan panciptaning batin (akal utawi batin) manungsa kados dene kapitadosan, kesenian, lan adat istiadat.

Saking pangertosan-pangertosan wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutanipun inggih menika bilih kabudayaan menika mujudaken asiling salah

bawa tiyang gesang ingkang dipunlampahi kanthi teratur lan kedah dipunsinaoni amargi sedaya sampun karantam wonten ing bebrayan agung. Kabudayan minangka wujud saking akal saha budi manungsa ingkang wonten ing masarakat menika boten saged pejah, amargi kabudayan menika dipunwarisaken kanthi turun-temurun saking tiyang sepuh dhumateng putranipun. Kabudayan mujudaken sedaya bab ingkang dipungadhahi dening manungsa lan dados milik dhiri amargi dipunpikantuk saking sinau.

Kabudayan menika nggadhahi wujud ingkang benten-benten lan gadhah ciri ingkang bedakaken antawisipun budaya setunggal kaliyan budaya sanesipun. Koentjaraningrat (1985:186-188) ngandharaken bilih wujuding kabudayan menika wonten tiga, inggih menika kados wonten ing ngandhap menika.

1. Wujud kabudayan abstrak inggih menika wujud kabudayan ingkang boten saged dipunfoto lan dipundumuk. Papan panggenan kabudayan menika wonten ing salebeting pikiran sedaya warga masarakat ing sakiwa tengenipun kabudayan menika gesang. Ide lan gagasan manungsa kathah ingkang gesang sesarengan wonten ing pagesangan masarakat ingkang paring jiwa tumrap masarakatipun.
2. Wujud kabudayan ingkang dipunsebat sistem sosial inggih menika wujud kabudayan ingkang gayut kaliyan tindak-tanduk saking masarakat panyengkuyungipun. Sistem sosial menika kadadosan saking *aktivitas-aktivitas* tiyang gesang ingkang ngawontenaken interaksi, pasrawungan saben wekdal kanthi migunakaken pola tartamtu ingkang adhedhasar tata cara ingkang sampun dipuntemtokaken.

3. Wujud kabudayan fisik inggih menika wujud kabudayan ingkang arupi sedaya asil fisik saking *aktivitas* lan karyaning tiyang gesang wonten ing bebrayan masarakat, saengga nggadhahi sipat ingkang *konkret*, arupi piranti-piranti ingkang saged dipunraosaken kanthi nyata, dipuntingali, dan saged dipunfoto. Wujud kabudayan menika saged awujud perkawis ingkang ageng kados dene gedung sekolah, pabrik, candi-candi, saged ugi awujud piranti ingkang *kompleks* kadosta komputer, kapal. Saged ugi awujud perkawis alit kados dene piranti tetanen, rasukan, lan sapanunggalanipun.

Kabudayan ingkang wonten ing masarakat saged ewah miturut kahanan ingkang wonten ing masarakat. Pramila kedah dipungambaraken kadospundi unsur-unsur kabudayan ingkang minangka gegambaran saking pagesangan masarakat. Unsur kabudayan ingkang wonten ing masarakat miturut Koentjaraningrat (1985:203-204) kaperang dados pitung unsur ingkang sampun nyakup sedaya kabudayaning manungsa. Unsur-unsur ingkang wonten ing kabudayan inggih menika : *basa, sistem pengetahuan, organisasi sosial, sistem peralatan hidup dan teknologi, pedamelan utawi sistem mata pencaharian hidup, sistem religi*, lan kesenian.

Upacara jamasan pusaka ingkang dipunlampahi dening warga masarakat Dhusun Keceme menika kalebet wujud kabudayan sistem sosial kanthi wujud tumindak ingkang gadhah pola wonten ing salebeting masarakat. Upacara jamasan pusaka menika kadadosan saking *aktivitas* lan *interaksi* saking warga masarakat anggenipun pasrawungan kanthi adhedhasar pola tartamtu ingkang sampun dipuntemtokaken.

## B. Folklor

Hakekat *folklor* minangka idhentitas lokal ingkang wonten ing panggesangan masarakat tradhisional. Raos gadhah tumrap tradisi ingkang sampun ngoyot saha sampun dados sejarah ndadosaken emosi warganipun manunggal. *Folklor* Jawi ingkang *variasi* lan jumlahipun kathah menika minangka sugihing batinipun manungsa ingkang kedah dipunkaji. *Folklor* kalebet ngelmu utawi salah satunggaling disiplin budaya. *Folklor* minangka ngelmu ingkang wiyar, saged nambah khasanah budaya ingkang wonten gayutipun. *Folklor* Jawi, umpaminipun badhe dados idhentitas kejawen ingkang mbedakaken kaliyan etnik sanes. Jati dhiri tiyang Jawi saged ngrabuk jiwa kolektif kejawen.

Wonten ing sejarah kabudayaan, *folklor* saged dipununiversalaken saengga angsal papan wonten ing kawasan ingkang langkung wiyar. Tuladhanipun inggih *folklor* Yunani kados Hercules, Odipus utawi Persius. Saking India wonten epos Mahabarata saha Ramayana. Wonten *konteks* kejawen, wonten ing cariyos ingkang kaimpun ing kitab Babad Tanah Jawi. Menawi dipunteliti langkung kathah, *folklor* ingkang dados idhentitas lokal kasebut minangka bombonging kolektif ugi wahana kangge refleksi spiritual.

Danandjaja (1994 : 1) ngandharaken bilih tembung *folklor* menika asalipun saking tembung basa inggris *folklore* , ingkang madeg saking tembung “*folk*” saha “*lore*”. Tembung “*folk*” gadhah teges “kolektif utawi raos kesarengan”. Tembung “*lore*” gadhah teges “dipunwarisaken kanthi turun-temurun”. “*Folklor adalah sebagian kebudayaan suatu kolektif, yang tersebar dan diwariskan turun-temurun, di antara kolektif macam apa saja, secara tradisional dalam versi yang*

*berbeda*” (Danandjaja, 1994: 2). *Folklor* inggih menika bahan ingkang dipunwarisaken dening tradhisi, kanthi cara lisan lan saking praktik adat istiadat wonten ing masyarakat. *Folklor* ingkang wonten ing bebrayan masarakat dipunlestantunaken kanthi sukarela saha boten kapeksa. Sedaya warga masyarakat gadhah hak milik saha ngembangaken miturut kahanan daerahipun. Kadhang kala anggenipun nglampahaken *folklor* menika gayut kaliyan mistik kejawen kanthi ancas supados pikantuk tentreming gesang.

*Folklor* ingkang wonten ing masarakat menika kaperang dados werni-werni ing antawisipun dongeng, cariyos, hikayat, kepahlawanan, adat-istiadat, lagu, tata cara, kasusastran, kesenian saha busana daerah. Kembanging *folklor* ingkang lumampah menika ngutamakaken jalur lisan. Salajengipun folklor gadhah sipat *inovatif* utawi arang-arang anggenipun ewah amargi lampahing wekdal.

*Folklor* saged awujud pengetahuan, asumsi, tindak-tanduk, etika, raos, kapitadosan saha sedaya praktek-praktek gesang tradhisional, sarta gadhah paedah tartamtu. *Folklor* menika bentukipun *anonym*, pramila individu boten gadhah hak kangge monopoli hak gadhahipun. Saben anggota masarakat gadhah raos milik saha saged ngembangaken magepokan kaliyan kahanan wonten ing salah satunggaling papan.

Saking andharan wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih *folklor* menika dipunlestantunaken dening masarakat panyengkuyungipun kanthi sukarela saha kebak greget, boten amargi kapeksa. Wonten ing sadhenga papan, *folklor* gadhah paedah dados sarana damel solidaritas sosial. Kadhang kala *folklor*

menika gayut kaliyan ritual-ritual mistik ingkang ancasipun kangge nggayuh katentreman gesang.

Panyebaranipun *folklor* menika asring mawi lisan saengga asring wonten tambahipun utawi sudanipun. Anggenipun ngembangaken *folklor* salajengipun langkung wiyar, boten namung lisan ananging ugi ingkang kaserat.

*Folklor* minangka salah satunggaling sarana komunikasi budaya wonten ing masarakat Jawi. *Folklor* saged medal wonten ing kathah bab, umpaminipun cariyos rakyat, ilmu rakyat, takhayul, pendhidhikan, mitos, legenda, pagelaran kesenian rakyat, dolanan saha jogedan rakyat, puisi lisan, lagu dolanan. *Folklor* ingkang wujudipun sanes lisan/awujud barang, umpaminipun obat tradisional, obat alternative, dukun, klenik saha magis. Saking wujud-wujud *folklor* menika sedaya gadhah fungsi utawi peran piyambak dhateng masarakat Jawi.

*Folklor* Jawi minangka salah satunggaling kabudayan Jawi ingkang kasebar kanthi turun-temurun. Folklor jawi lumampah sesarengan kaliyan eksistensi budaya Jawi saengga wonten *folklor* Jawi ingkang adiluhung, ananging ugi wonten ingkang profan. Sedaya jinis *folklor* kasebat sami-sami gadhah komunitas ingkang nyengkuyung. *Folklor* Jawi majeng sesarengan kaliyan majengipun tiyang Jawi. *Folklor* Jawi mujudaken sedaya karya tradhisi ingkang dipunwarisaken saha migunani kangge masarakat penyengkuyungipun.

*Folklor* Jawi minangka sedaya karya tradhisi ingkang sampun dipunwarisaken saha migunani kangge panyengkuyungipun. *Folklor* Jawi gadhah variasi antawis dhaerah satunggal lan dhaerah sanesipun. Endraswara (2010: 6) ngandharaken bilih *folklor* Jawi gadhah ciri-ciri ing ngandhap menika.

1. Dipunsebar mawi lisan saha alamiah tanpa dipunpeksa.
2. Nilai-nilai tradhisi Jawi ingkang katingal sanget. Tradhisi sampun dados pakulinan.
3. Antawisipun wilayah satunggal gadhah variasi nanging hakekatipun sami. Variasi menika amargi kathahipun basa, bentuk, saha kepengenan wilayah piyambak-piyambak.
4. Pangripta saha pangrancang *folklor* boten jelas sinten saha saking pundi asalipun.
5. Gadhah rumus ingkang tetep saha wonten ingkang lentur. Rumus ingkang tetep menika dipunginakaken minangka pathokan lan ingkang saged ewah menika gumantung saking kaperlonipun.
6. Gadhah paedah kangge panyengkuyungipun utawi *kolektiva* Jawi. *Folklor* paring paedah tumrap panyengkuyungipun sanajan namung alit. Panyengkuyung *folklor* Jawi saged namung sekedhik ingkang minangka anggota *kolektif*. Panyengkuyung kasebat saged mindhak ugi saged mandhap cacahipun awit ewah-ewahaning wekdal.
7. Kadhang kala nggambaraken bab-bab ingkang sipatipun boten logis, boten rasional.
8. Dados hak milikipun sesarengan saha dados tanggel jawabipun sesarengan.
9. Gadhah sipat ingkang polos saha spontan.
10. Wonten ingkang gadhah unsur humor saha wejangan.

Tandha-tandha wonten ing nginggil boten dados pathokan, ananging taksih saged dipunkembangaken dados langkung ageng malih. Kathah *faktor* ingkang

ndadosaken *folklor* Jawi ewah, ing antawisipun kados wonten ing ngandhap menika.

1. Asring sanget ingkang nyariosaken namung nampi kanthi lisan, saengga wonten perangan-perangan ingkang ewah saking cariyos saderengipun.
2. Panyariyos ugi asring migunakaken basa lokal utawi dialek ugi adiolek khas, saengga saged ewah saking teks asli.
3. Panyariyos nedahaken tembung *serapan* saha kondisi jaman, saengga teks lisannipun dados kathah.
4. *Folklor* ingkang dipunpentasaken asring wonten gayutipun kaliyan panggung saha iringan, saengga kedah dipunewahi miturut kawontenanipun.

*Folklor* piyambak miturut Brunvand (wonten ing Danandjaja, 1994: 21) saged kaperang dados tigang kelompok ageng inggih menika kados wonten ngandhap menika.

1. *Folklor* lisan inggih menika *folklor* ingkang sarana nggiyaraken migunakaken lisan antawisipun basa rakyat, paribasan, geguritan, parikan, cariyos rakyat, lan lagu tradhisional.
2. *Folklor* saperangan lisan inggih menika *folklor* ingkang wujudipun campuran antawisipun lisan kaliyan boten lisan. Tuladhanipun kadosta kapitadosan rakyat, dolanan rakyat, tari tradhisional, adat-istiadat lan upacara tradhisional.
3. *Folklor* sanes lisan inggih menika *folklor* ingkang wujudipun sanes lisan saged material utawi non material. Inggih material tuladhanipun omah, rasukan, dhaharan, dene ingkang non material tuladhanipun isyarat tradhisional.

Saking wujud-wujud *folklor* ingkang wonten ing nginggil saged dipunmangertosi bilih Upacara Jamasan Pusaka ingkang dipunlampahi dening warga masarakat Dhusun Keceme kalebet *folklor* saperangan lisan. Adicara menika sampun dados adat istiadat lan dados kapitadosan warga masarakat Dhusun Keceme, Desa Gebosari, Samigaluh, Kulon Progo.

### C. Upacara Tradisional

Miturut Koentjaraningrat (1985: 190) tegesipun upacara ritual inggih menika salah satunggaling sistem ingkang lumampah miturut adat ingkang wonten ing sajroning pagesangan masarakat Jawa. Upacara adat miturut Tashadi (1986: 58) inggih menika tindak tanduk ingkang gayut kaliyan kapitadosan ingkang lumampah wonten ing sajroning masarakat. Upacara tradhisional minangka pranata sosial ingkang ngewrat simbol-simbol ingkang dipunginakaken minangka piranti komunikasi wonten ing pagesangan, salajengipun simbol wonten ing upacara dipunginakaken kangge nggayutaken antawisipun pagesangan ingkang nyata kaliyan ingkang ghaib.

Sunjata (1997: 2) ngandharaken bilih upacara tradhisional mujudaken perangan *integral* saking kabudayan masarakat panyengkuyungipun. Lampahing upacara tradhisional menika wigatos sanget kangge *pembinaan sosial* lan kabudayan warga masarakat. Upacara tradhisional gadhah paedah ingkang salah satunggaling minangka *penguat* norma-norma lan nilai-nilai budaya kanthi cara simbolik ingkang dipunwujudaken wonten ing salebeting upacara ingkang dipuntindakaken dening masarakat panyengkuyungipun. Upacara tradhisional ingkang dipunlampahi dening masarakat minangka gegambaran saking sedaya

rantaman saha tumindak ingkang dipuntata wonten ing bebuden luhur ingkang jumbuh kaliyan ewah gingsiring jaman.

Saking pangertosan wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih upacara tradhisional inggih menika setunggaling sistem ingkang arupi tindak tanduk ingkang gayut kaliyan kapitadosan ingkang lumampah wonten ing pagesangan masarakat panyengkuyungipun. Upacara tradhisional ngewrat simbol-simbol ingkang kaginakaken dening masarakat minangka sarana komunikasi lan kangge ngiyataken norma lan nilai budaya ingkang wonten ing masarakat panyengkuyungipun.

Salah satunggaling upacara tradhisional ingkang taksih dipunlampahi dening masarakat Jawi inggih menika Upacara Jamasan Pusaka. Wonten ing Baoesastra Djawa, tembung jamasan gadhah teges ‘kramas’, ateges ‘ngresiki badan saking sedaya reregedan’. Jamasan inggih menika upacara tradisi njamas pusaka warisanipun para leluhur. Koesmi (wonten ing Rubiyatin, 2006: 17) ngandharaken bilih Jamasan Pusaka dipunmaksudaken kangge ngresiki reregedan ingkang wonten ing wesi pusaka, amargi reregedan menika saged ngrisak wesi pusaka.

Upacara Jamasan Pusaka ingkang dipunlampahi wonten ing Dhusun Keceme inggih menika salah mujudaken satunggaling upacara kangge mengeti 1 Sura wonten ing tlatah Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kulon Progo. Jamasan Pusaka menika minangka wujud pakurmatan saking warga masarakat Dhusun Keceme dhumateng leluhuripun. Upacara menika ugi minangka wujud raos panuwun saking para warga awit saking sedaya limpahan

rejecki saking Gusti kanthi awewujud Gunungan ingkang wosipun inggih menika wulu pamedal warga masarakat Keceme, utawi sedaya asiling ingkang pikantuk saking bumi, kadosta : jagung, sayuran, woh-wohan, lan sapanunggalanipun.

Upacara Jamasan Pusaka kalampahan wonten ing 1 Sura. Upacara menika dipunwiwiti kanthi kenduri wonten ing malem 1 Sura. Wonten ing tanggal 1 Sura dipunlampahi kirab gunungan saking dalemipun dhukuh Keceme dumugi Sendhang Kawidodaren, ingkang dipunlajengaken Jamasan Pusakan ing Sendhang Kawidodaren. Upacara menika dipunlajengaken kanthi rebut gunungan dening warga masarakat. Gunungan dipunrebataken amargi para warga gadhah kapitadosan bilih saking perangan gunungan kasebat saget dipunginakaken kangge sarana pados berkah. Upacara Jamasan Pusaka wonten ing 1 Sura menika dipunpungasi kanthi pagelaran kesenian tradhisional jathilan ingkang gadhah ancas kangge nglipur warga masarakat.

#### **D. Makna Simbolis**

Makna Simbolis dumados saking basa Yunani inggih menika *symbolos* ingkang tegesipun tandha utawi ciri ingkang nedahaken satunggaling perkawis (Herusatoto, 2008:17). Miturut Rapport (lumantar Endraswara, 2006:220) anggenipun napsiraken simbol ritual menika katingal wonten ing *ungkapan-ungkapan konvensional*, inggih menika *ungkapan* tradhisi ingkang dipunginakaken wonten ing sajroning ritual, umpaminipun arupi mantra utawi donga. Miturut Spradley (1997 : 121) simbol inggih menika prastawa ingkang nedahaken salah satunggaling perkawis. Simbol menika nggadhahi tigang unsur

inggih menika simbol menika piyambak, satunggal rujukan utawi langkung, saha gegayutan antawisipun simbol kaliyan rujukan.

Victor Turner (lumantar Endraswara, 2006:221) ngandharaken bilih kangge mangertosi makna simbol ritual mistik kejawen, saged migunakaken teori penafsiran simbol kados wonten ing ngandhap menika.

1. *Exegetical Meaning*, inggih menika makna ingkang saged dipunpundhut saking informan saking warga ing sakiwa tengenipun, babagan tindak tanduk ritual ingkang dipuntingali. Informasi ingkang dipunpikantuk kedah dipunbedakaken antawisipun informasi saking informan awam lan saking informan pakar, antawisipun *intrepetasi esoterik* saha *eksoterik*. Panaliti ugi kedah mangertos andharan ingkang dipunandhraken informan kala wau *representatif* utawi minangka andharan saking pribadi informan ingkang asipat *unik*.
2. *Operational Meaning*, inggih menika makna ingkang dipunpundhut boten namung saking informan kemawon ananging ugi saking tumindak ingkang dipunlampahi wonten ing salebeting ritual. Informasi ningkang dipunpikantuk kedah dipunarahaken dhumateng perkawis dinamika sosial. Pengamat kedahipun boten namung nggatosaken simbol ananging ugi kedah nggatosaken rantaman masarakat ingkang nglampahi ritual.
3. *Positional Meaning*, inggih menika makna ingkang kapundhut kanthi *intrepetasi* simbol ingkang gayut kaliyan simbol sanesipun. Tingkat makna menika lajeng dipungayutaken kaliyan ingkang gadhah simbol ritual.

Saking pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih makna simbolis inggih menika tandha utawi ciri ingkang saged awujud lisan utawi barang ingkang dipunginakaken wonten ing sajroning ritual ingkang gadhah werdi utawi mralambangaken setunggaling perkawis. Simbol-simbol ingkang dipunginakaken wonten ing saunggaling ritual menika boten namung saged dipuntingali saking setunggal konteks, ananging ugi kedah dipungayutaken kaliyan simbol sanes lan masarakat panyengkuyungipun.

Wonten ing prosesi jamasan pusaka menika dipunleksanani kenduri minangka sarana slametan. Endraswara (2006: 13) ngandharaken bilih slametan inggih menika *manifestasi* kultur Jawa. Wonten ing sajroning slametan menika dipunjangkepi mawi sesaji saha migunakaken mantra tartamtu. Sesaji minangka refleksi saking naluri manungsa ingkang gadhah fungsi minangka 1) lampah spiritual kaliyan kekiyatan adikodrati, 2) sarana kangge maringi berkah tumrap warga masarakat, supados tumut ngraosaken berkah saking sesaji, 3) Mujudaken raos ikhlas dhumateng Gusti Kang Gawe Urip (Endraswara, 2011:72). Sesaji menika mujudaken salah satunggaling budaya lokal Jawa ingkang saged lumampah sesarengan kaliyan kapitadosan warga masarakat Keceme ingkang ngrasuk agami Islam.

Sesaji ingkang kaginakaken wonten ing upacara jamasan menika mralambangaken makna tertamtu. Kangge mangertosi babagan upacara jamasan Pusaka menika kedah nyinaoni babagan gegayutan antawisipun makna kaliyan menapa ingkang nyimbolaken wonten ing salebeting upacara menika.

Panaliten ingkang laras kaliyan Jamasan Pusaka Wonten Ing Pengetan 1 Sura ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo inggih menika panaliten kanthi judul Upacara Tradhisi Suran wonten ing Petilasan Gunung Lanang, Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo. Relevansipun inggih menika sami-sami naliti babagan upacara tradhisi Sura ananging panggenan saha lampahing upacara menika ingkang benten. Asiling panaliten Upacara Tradhisi Suran wonten ing Petilasan Gunung Lanang, Dhusun Bayeman, Desa Sindutan, Kecamatan Temon, Kabupaten Kulon Progo nedahaken bilih :

1. Upacara Suran : dipunadani wonten ing kompleks petilasan Gunung Lanang lan komplek Sumur Kencana sarta ing Pesisir congot.
2. Asal-usul upacara tradhisi Suran dipuncariosaken saking lampah-lampah ingkang dipunlampahi dening Bapak Swasono, Bapak Waldji, Bapak Rustanto, Mbak Yuli, Bapak Tri Atmaja, warga sakiwatengenipun petilasan kasebat. Upacara Suran ing petilasan dipunadani saben taun sepindhah kaleres ing malem 1 Sura.
3. Makna simbolik sesaji ing salebeting upacara menika minangka sarana mahyakaken sedaya maksud ancasipun upacara ritual Suran dening para warga ingkang nindakaken.
4. Paedah folklor tumraping masarakat panyengkuyungipun inggih menika paedah religi, paedah sosial, paedah ekonomi, lan paedah pelestari tradhisi.

### **BAB III**

#### **CARA PANALITEN**

##### **A. Jinising Panaliten**

Panaliten upacara Jamasan Pusaka wonten ing Pengetan 1 Sura ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo menika migunakaken metode panaliten *kualitatif*. Bodgan lan Taylor (wonten ing Moleong, 2007:4) ngandharaken bilih panaliten kualitatif inggih menika minangka prosedur panaliten ingkang ngasilaken data *deskriptif* ingkang arupi tembung-tembung ingkang tinulis utawi lesan saking tiyang-tiyang ingkang dipunteliti. Dados wonten ing panaliten menika dipuntindakaken kanthi langsung wonten ing papan ingkang badhe dipunteliti kangge ngasilaken data *deskriptif*.

Wonten ing panaliten *kualitatif* menika informasi ingkang kapendhet kanthi cara ngawontenaken panaliten langsung lan *wawancara*, saengga paneliti kedah langsung wonten ing papan ingkang dipunteliti kangge mendhet data-data ingkang dipunkajengaken. Panaliten ingkang migunakaken cara *kualitatif* menika ing pangajab supados saged paring gegambaran ingkang cetha ngengingi asal-usulipun upacara tradhisi Jamasan Pusaka wonten ing Dhusun Keceme, prosesi-prosesi ingkang dipunlampahi wonten ing upacara Jamasan Pusaka, makna simbolik saking sesaji ingkang kaginakaken saha paedah upacara Jamasan Pusaka kangge pagesangan masarakat mliginipun masarakat Dhusun Keceme.

##### **B. Setting Panaliten**

Panaliten upacara Jamasan Pusaka katindakaken wonten ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo.

Upasara Jamasan Pusaka dipunwiwiti saking saderengipun tanggal 1 Sura ngantos dumugi tanggal 1 Sura. Upacara menika katindakaken dening para warga Dhusun Keceme. Upacara Jamasan Pusaka menika katindakaken kanthi kirab gunung ingkang dipunlajengaken Jamasan Pusaka ingkang kalampahan wonten ing tanggal 1 Sura.

### **C. Sumber Data Panaliten**

Miturut Lofland lan Lofland (wonten ing Moleong, 2007: 157) sumber data utami wonten ing panaliten kualitatif inggih menika tembung-tembung lan tindakan, ingkang langkungipun inggih menika awujud data tambahan kadosta dokumen lan data sanes-sanesipun. Wonten ing panaliten Upacara Jamasan Pusaka menika ingkang dados sumber data panaliten inggih menika informan, ateges tiyang-tiyang ingkang tumut lan mangertos babagan Upacara Jamasan Pusaka ingkang dipunlampahi wonten ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo. *Informan* ingkang dipunkajengaken wonten ing panaliten menika inggih menika para warga masarakat Dhusun Keceme ingkang nderek lan mangertos babagan Jamasan Pusaka, kadosta sesepuh Dhusun Keceme, ketua panitia pengetan 1 Sura, lan warga masarakat ingkang nderek wonten ing lampahing Upacara Jamasan Pusaka wonten ing Dhusun Keceme.

Sesepuh desa, ketua panitia lan warga Keceme ingkang tumut wonten ing prosesi Jamasan Pusaka menika dipundadosaken *informan* panaliten ing pangajab saupados saged paring gegambaran ingkang cetha ngengingi asal-usulipun upacara Jamasan Pusaka, lampahing prosesi upacara Jamasan Pusaka, menapa

dene paedah saking lampahing upacara tumrap pagesangan masarakat panyengkuyungipun.

#### **D. Cara Manggihaken Informan**

Informan inggih menika tiyang ingkang nggadhahi seserepan lan pengalaman ingkang jangkep ngengingi upacara Jamasan Pusaka, ugi saged suka informasi ngengingi perkawis ingkang dipunbetahaken lumantar pirembagan saengga saged pikantuk data ingkang akurat. Informan menika wonten werni kalih inggih menika informan kunci saha informan biasa. Informan kunci inggih menika tiyang ingkang nyepeng peran penting lan nggadhahi informasi pokok wonten ing budaya jamasan pusaka. Wonten ing panaliten upacara jamasan pusaka menika kapilih saking tiyang ingkang mangertos lan tumut wonten ing prosesi upacara Jamasan Pusaka kasebat.

Wonten ing panaliten Upacara Jamasan Pusaka wonten ing Dhusun Keceme menika anggenipun nemtokaken informan biasa inggih menika kanthi cara madosi tiyang ingkang dados panitia wonten ing Upacara Jamasan Pusaka. Saking informan ingkang dados panitia menika suka rujukan dhumateng tiyang ingkang mangertosi upacara Jamasan Pusaka ingkang saged dipundadosaken minangka informan kunci.

#### **E. Cara Ngempalaken Data**

Panaliti anggenipun ngempalaken data dipunleksanani piyambak. Wonten ing panaliten menika panaliti migunakaken cara ngempalaken data kados wonten ing ngandhap menika.

1. Pengamatan Berperan Serta (*Participant Observation*)

Cara panaliten menika dipunlampahi kanthi ngawontenaken pengamatan langsung ngengingi kawontenaniun lampahing upacara tradhisi Jamasan Pusaka wonten ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo. Observasi katindakaken kanthi cara ngamati lan tumut kanthi langsung lampahing upacara Jamasan Pusaka menika. Cara menika nggadhahi ancas supados pikantuk data *primer* ingkang dipunpendhet langsung saking papan lumampahing upacara tradhisi Jamasan Pusaka. Asiling pengamatan menika dipunginakaken kangge dhasar wawancara lan observasi ingkang salajengipun.

2. Wawancara Mendalam

Cara menika dipunlampahi kanthi adhedasar asiling *pengamatan berperanserta* ingkang sampun kalampahan. Panaliti ngawontenaken wawancara kaliyan tiyang-tiyang ingkang kaanggep saged paring *informasi* ingkang dipunbetahaken, inggih menika saking informan kunci, salejengipun dipunlajengaken dhateng *informan-informan* sanesipun jumbuh kaliyan perkawis ingkan badhe dipunteliti. Wawancara menika katindakaken kanthi cara *terbuka*, ateges sedaya *informan* kasebat mangertos menawi piyambakipun saweg dipunwawancarai lan mangertos ancasing wawancara menika kagem menapa. Wawancara menika dipunlampahi kanthi cara sowan wonten ing papan panggenan informan saengga saged nindakaken wawancara kanthi migunakaken pitakenan-pitakenan ingkang sampun karantam.

Wawancara menika kalampahan sasampunipun lumampahing upacara Jamasan Pusaka.

#### **F. Pirantosing Panaliten**

Wonten ing panaliten menika instrumen penelitian ingkang utami inggih menika paneliti piyambak (*Human Instrument*), amargi panaliti tumut langsung wonten ing upacara Jamasan Pusaka minangka *perencana, pelaksana, pengumpulan data, penganalisis, penafsir data*, lan *pelapor data* asiling panaliten. Panaliti minangka *human instrument*, mbetahaken: (1) kamera foto; (2) *Voice recorder*; lan (3) buku cathetan.

#### **G. Caranipun Ngalalisis Data**

Caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken inggih menika analisis *induktif*, ateges analisis data ingkang *spesifik* saking lapangan dipundadosaken unit-unit lajeng dipunkategorisasekaken (Muhadjir, 2002: 167). Analisis *induktif* dipunginakaken kangge ngategorisasikaken lan nganalisis data ingkang sampun dipunfokusaken ing panaliten. Lampahing analisis dipunwiwiti kanthi ngudhal data jumbuh kaliyan wosing perkawis ingkang sampun cumawis saking pengamatan lapangan, wawancara mendalam ingkang sampun dipunserat ing salebeting cathetan lapangan, gambar, foto lan sapanunggalanipun.

#### **H. Caranipun Ngesahaken Data**

Teknik kangge nemtokaken absahing data ingkang kaginakaken wonten ing salebeting panaliten inggih menika *triangulasi*. Miturut Moleong (2007: 330) *triangulasi* inggih menika cara kangge mriksani absahing data ingkang migunakaken sanesipun data kasebat kangge mbandingaken kaliyan data ingkang

dipunpikantuk. *Triangulasi* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika *triangulasi* metode saha *triangulasi* sumber.

*Triangulasi* metode inggih menika cara ngempalaken data gandha ing antawisipun saking pengamatan saha wawancara kaliyan informan miturut rumusan perkawisipun. Data-data ingkang kapendhet saking asil pengamatan wonten ing panaliten dipungayutaken kaliyan wawancara. Panaliten menika ugi migunakaken *triangulasi* sumber. *Triangulasi* sumber dipunlampahi mawi nyuwun andharan kanthi cetha saking informan ngengingi upacara jamanan pusaka. Kalajengaken informasi saking informan kunci dipuncocokaken kaliyan informasi saking informan sanesipun.

## **BAB IV**

### **ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN**

#### ***A. Deskripsi Setting Panaliten***

##### **1. Andharan Papan Upacara Jamasan Pusaka**

Dhusun Keceme inggih menika salah satunggaling dhusun wonten ing Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo. Dhusun menika dumunung ing sisih ler piyambak saha papanipun paling inggil wonten ing tlatah Kecamatan Samigaluh, kanthi inggilipun  $\pm 1.090$  m *dpl*. Dhusun Keceme menika tebihipun 9 km saking pusat pamarintahan Kecamatan Samigaluh, menawi saking kitha Ngayogyakarta kirang langkung 42 km arah ler kilen. Cacah jiwa *penduduk* ing Dhusun Keceme menika wonten 258 jiwa ingkang kaperang dados 64 kk. Dhusun Keceme menika mujudaken salah satunggaling dhusun ing Desa Gerbosari ingkang kaperang dados 4 RT lan 2 RW.

Wates saking wilayah Dhusun Keceme inggih menika:

Sisih Ler : wewengkon Kecamatan Borobudur, Kabupaten Magelang


Sisih kilen : wewengon Desa Ngargosari

Sisih Kidul : Dhusun Menggermalang

Sisih Wetan : Dhusun Nglambur

Upacara tradhisi Jamasan Pusaka menika minangka salah satunggaling prosesi ingkang dipunleksanani wonten ing pengetan Setunggal Sura. Jamasan menika dipunlampahi wonten ing Sendhang Kawidodaren ingkang dumunung wonten ing kompleks papan wisata Puncak Suroloyo, Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo. Puncak Suroloyo


menika minangka salah satunggaling puncak ingkang wonten ing *Pegunungan Menoreh*. Wonten ing kompleks papan wisata menika gadhah puncak kanthi cacah tiga, inggih menika Puncak Suroloyo ing sisih wetan, Puncak Sariloyo ing Sisih kilen, lan Kaendran ing sisih kidul. Wonten ing kompleks wisata Puncak Suroloyo menika ugi wonten setunggaling sendhang ingkang kaginakaken kangge prosesi jamasan pusaka inggih menika Sendhang Kawidodaren. Sendhang Kawidodaren menika papanipun wonten ing sisih kidul saking kompleks Puncak Suroloyo, kirang langkung 500 m saking Puncak Suroloyo, menawi saking Kaendran kirang langkung 200 m. Kawontenan ing sakiwa tengenipun Puncak Suroloyo menika arupi gunung ingkang dipuntanemi maneka warna kekajengan, perkebunan teh, saha taneman gadhahipun warga.



Gbr. 1: Peta Dhusun Keceme

Upacara jamasan pusaka menika dipunlampahi wonten ing kompleks wisata Suroloyo mliginipun wonten ing Sendhang Kawidodaren ingkang

dumunung wonten ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo. Sendhang Kawidodaren menika papanipun wonten ing sisih kilen saking Puncak Suroloyo. Sendhang Kawidodaren menika awujud sendhang ingkang sampun dipunbangun dados setunggal kompleks kanthi wiyaripun kirang langkung 200 m<sup>2</sup>. Ing Sendhang Kawidodaren menika wonten Setunggal pendhapa ingkang dipungunakaken dening masarakat kangge tirakatan. Wonten ing upacara Jamasan Pusaka, Sendhang Kawidodaren menika dipunginakaken kangge nindakaken prosesi jamasan pusaka ing tanggal 1 Sura saben taunipun. Pendhapa ingkang wonten ing Sendhang kawidodaren menika ugi dipunginakaken kangge prosesi wungon lan tirakatan ing malem setunggal Sura. Ing ngandhap menika dhenah papan upacara jamasan pusaka ing Dhusun Keceme.



Gbr. 2: Dhenah papan upacara jamasan pusaka

Prosesi upacara jamasan pusaka ingkang dipunlampahi wonten ing 1 Sura menika dipunwiwiti kanthi kirab gunung lan pusaka saking dalemipun Dhukuh Keceme ngantos dumugi Sendhang Kawidodaren. Kirab gunung lan pusaka

menika kalampahan kanthi mubeng Dhusun Keceme, ingkang mujudaken raos syukur warga masarakat Keceme.

## 2. Paraga Upacara Jamasan Pusaka

Upacara jamasan Pusaka wonten ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo menika dipunleksanani wonten ing 1 Sura. Paraga upacara Jamasan Pusaka menika saking warga Dhusun keceme ingkang dipunsengkuyung dening panitia pengetan Setunggal Sura Desa Gerbosari.

### a. *Penduduk*

Dhusun Keceme minangka dhusun alit ingkang dumunung wonten ing Puncaking Pegunung Menoreh menika cacah warganipun wonten 258 jiwa ingkang kaperang dados 64 kk. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken cacah jiwa *penduduk* Keceme miturut jinis kelaminipun.

Tabel 1: **Jumlah Penduduk**

Jenis kelamin	Cacah jiwa
Pria	131
Wanita	127
Gunggung	258

Sumber : **Data Desa Gerbosari 2013**

Saking data wonten ing nginggil saged dipunmangerosi bilih cacah jiwa Keceme ingkang wonten 258 jiwa menika kaperang saking 131 tiyang jaler lan 127 tiyang estri. Pedamelan warga masarakat Pedhukuhan Keceme saperangan ageng dados tani. Tetaneman ingkang dipuntanem dening warga masarakat Pedhukuhan Keceme ingging menika palawija lan teh. Kawontenan Keceme

ingkang wonten ing *dataran tinggi* kanthi gadhahi hawa ingkang asrep menika sae kangge damel perkebunan teh lan palawija.

## **b. Agama**

Miturut saking data pemerintah Desa Gerbosari saged dipuntingali bilih kawontenan masarakat Dhusun Keceme sedaya ngrasuk Agami Islam. Data prosentase agami ingkang dipunrasuk dening masarakat Keceme kados wonten ing tabel ngandhap menika.

**Tabel 2: Data Agama Penduduk Keceme**

Agama	L	P	Presentase
Islam	131	127	100%
Kristen	-	-	-
Katolik	-	-	-
Jumlah	131	127	100%

Sumber : **Data Desa Gerbosari 2013**

Saking tabel wonten ing nginggil saged dipunmangertosi bilih sedaya warga Dhusun Keceme menika ngrasuk Agami Islam. Wonten ing Dhusun Keceme menika wonten setunggal masjid inggih menika Masjid An Nur ingkang kaginakaken minangka papan ibadah lan kangge adicara sanesipun.

## **B. Asal-usul**

### **1. Dipunpilihipun Suroloyo minangka Papan Upacara Jamasan Pusaka**

#### **a. Suroloyo Minangka Papan Pratapan Sultan Agung**

Kacariyosaken wonten Buku Suroloyo ingkang dipunterbitaken dening Dinas Kebudayaan Pariwisata Pemuda dan Olahraga Kabupaten Kulon Progo bilih Puncak Suroloyo menika papan ingkang dipunginakaken dening Sultan Agung Hanyokrokusumo kangge mertapa saengga pikantuk wangsit dados ratu ing Tanah Jawa. Cariyos menika kawiwitan nalika Raden Mas Rangsang

(Kanjeng Sultan Agung) nembe wonten ing bangsal keraton. Wonten ing wekdal kasebat ketingal setunggaling tiyang ingkang pangadekipun inggil ageng kanthi migunakaken rasukan cemeng. Piyantun kasebat ngendika: “Kaki wruhono sira iku calon ratu kang nguwasani satanah Jawa, mula aja mung enak kepenak, sing gedhe prihatinmu, peparana mangulon bener, aja leren yen durung entek kekuatanmu.”

Wangsulanipun RM Rangsang, “Panjenengan punika sinten?”

Lajeng tiyang kasebat ngendika “Aku Kanjeng Sunan Kalijaga.”

Sasampunipun prastawa kasebat, RM Rangsang miwiti mlampah kanthi arah mangilen, minggah lan mandhap gunung ngantos dumugi wonten ing satungaling gunung ingkang inggil sanget kekiyatanipun lajeng telas lan ambruk. Nalika sadar, wonten ing pinggiripun wonten piyantun ingkang bagus lajeng ngendika dhumateng RM Rangsang, “Aku Jin, jenengku Raden Janoko, Mangertia yen sira pengen nguwasani tanah Jawa, Sira mertapa ing papan iki.”

RM Rangsang lajeng mertapa wonten ing papan kasebat saengga pikantuk wangsit lan akhiripun dados Ratu kanthi gelar Sultan Agung. Papan ingkang kaginakaken kangge mertapa manika dipunsebat pratapan Indrakila. (Disbudparpora 2011: 22-23)

#### **b. Puncak Suroloyo Minangka Papan ing Cariyos Pewayangan**

Suroloyo dipunsebataken minangka dasanama saking kahyangan, papanipun para Dewa-Dewi, lan ugi papan ingkang dipunginakaken Bathara Guru kangge ngatur jagad kanthi dipunbiyantu dening Patih Kanekaputra lan para Dewa sanesipun. Awit saking menika, Suroloyo dipunanggep dados papan ingkang suci

lan dipunkramataken. Puncak Suroloyo ingkang wonten ing Dhusun Keceme menika dening masarakat dipunpitados minangka tironanipun Kahyangan Suroloyo.

Wonten ing cariyos Arjunawiwaha inggih menika kisahipun Arjuna ingkang ngasah atinipun kanthi cara mertapa. Sasampunipun nglampahi maneka warna ujian, kalebet upaya saking para Widodari kahyangan ingkang dipunutus supados ngganggu tapanipun Arjuna. Kanthi anteping tekad, Arjuna saged mungkasi tapanipun lan pikantuk pusaka sekti saking Bathara Guru. Kanthi pusaka lan tekad kekiyatanipun, Arjuna saged ngasoraken raja raseksa Niwatakawaca ingkang nyerbu kahyangan.

Arjuna pikantuk pusaka kangge mbrastha raseksa ingkang dados mengsahipun kahyangan. Kanthi kukuhing tekad, Arjuna mertapa wonten ing Gunung Indrakila. Arjuna kukuh manahipun, boten ewah nalika wonten pacoban ingkang badhe ngguguraken tapanipun. Para Widodari ingkang ayu nggodha migunakaken maneka cara supados Arjuna goyah tapanipun, ananging Arjuna tetep kemawon boten kagodha. Kasektenipun Arjuna sampun kawentar dumugi swarganipun Bathara Indera.

Nalika Bathara Indera rumaos sedhik amargi dipunserbu raseksa sekti kaliyan bala tentaranipun. Raja kasebat inggih menika Raja Niwatakawaca ingkang lenggah wonten ing kidul Gunung Semeru. Raja Niwatakawaca wantun nyerbu Kaendran amargi pikantuk kasekten saking Bathara Siwa, saengga boten saged dipunpejahi dening sinten kemawon. Dewa, raseksa, lan para ksatria boten saged ngasoraken, ananging Bathara Siwa sampun mangertos bilih Niwatakawaca

badhe dipunatoraken dening ksatria ingkang nembe mertapa wonten ing satunggaling gunung. Miturut ramalan Bathara Siwa, raseksa kasebat ing benjing badhe dipupejahi dening ksatria ingkang mertapa wonten ing gunung. Samenika Arjuna nembe mertapa wonten ing gunung Indrakila, ananging menawi piyambakipun ngabdi dhumateng Bathara Siwa saengga saged dipunsuwuni pitulunganipun.

Rapat agung wonten ing Tegal Kepanasan mutusaken badhe nyuwun pitulungan dhumateng Arjuna. Ananging. Arjuna dipunuji langkung rumiyin, menapa estu kiyat jiwa raganipun, saengga menapa ingkang dipunarep-arep saged kalaksanan. Mandhapipun 7 Widodari ingkang ayu sanget saking Suroloyo ingkang saderengipun tumuju dhateng Sendhang Kawidodaren kanthi ancas kangge sesuci. Saking 7 Widodari menika, wonten 2 Widodari ingkang ayu sanget inggih menika Dewi Supraba lan Dewi Wilutama. Sedaya widodari kasebat dipuntimbali dening Sang Hyang Indera supados mandhap dhateng pratapan Gunung Indrakila kanthi ancas supados nggodha Arjuna anggenipun mertapa.

Sasampunipun pikantuk parintah saking Sang Hyang Indera, sedaya Widodari lumampah dhateng Gunung Indrakila. Para Widodari dumugi ing Guwa Mintaraga ananging taksih katutup embun, menika nedahaken bilih jiwa Arjuna ingkang katutup, saengga boten bakal kagodha saking njawi.

Guwa Mintaraga madhep ngetan wonten ing pinggiring pereng ingkang sepen. Wonten ing nglebet guwa, katingal setunggal padupan, ananging boten wonten mawanipun. Nalika langkung mlebet malih, katingal obor ingkang murub, nedahaken bilih wonten ing guwa menika wonten ingkang manggen, inggih

menika Arjuna ingkang nembe semedi. Arjuna lenggah kanthi sila, suku tengenipun ing nginggilipun suku ingkang kiwa, sedaya tanganipun wonten ing nginggiling dengkul, kanthi paningalipun tumuju ing grananipun. Piyambakipun boten obah, namung mendel kemawon, nedahaken bilih Arjuna angenipun mertapa menika sukmanipun sampun medal saking raganipun, saengga boten bakal kagodha dening menapa kemawon. (Disbudparpora, 2011:17-22)

Saking cariyos Arjunawiwaha kasebat wonten namaning papan ingkang sami kaliyan namaning papan ingkang wonten ing Dhusun Keceme, kadosta Puncak Suroloyo, Tegal Kepanasan, Sendhang Kawidodaren, Guwa Mintaraga, Gunung Indrakila, Ngenceh (Enceh Suci), Sendhang Kadewatan, lan Kaendran. Papan-papan kasebat amargi gayut kaliyan cariyos wonten ing pewayangan ndadosaken papan kasebat dipunkramataken dening masarakat lan dipunginakaken minangka papan kangge semedi, nenepi, lan ngalap berkah.

## **2. Asal-usul Upacara Jamasan Pusaka**

Asal-usul wontenipun upacara jamasan pusaka menika dipuncariyosaken saking wontenipun pusaka arupi tumbak kaliyan songsong ingkang asalipun menika saking Keraton Ngayogyakarta. Pusaka menika dipuntitipaken wonten ing Dhusun Keceme lan dipunsuwun kedah dipunjamasi saben tanggal 1 Sura kanthi dipunkirabaken mubeng dhusun langkung rumiyin.

Pusaka ingkang awujud tumbak kaliyan songsong ingkang asalipun saking Kraton Ngayogyakarta dipuntitipaken dhateng warga masarakat Dhusun Keceme kanthi lumantar Ki Juru Permana. Ki Juru permana minangka pamomong Ngarsa Dalem IX lan Ngarsa Dalem X, dipunutus dening Kanjeng Sri Sultan Hamengku

Buwono IX supados masrahaken pusaka kekalih dhumateng warga masarakat Dhusun Keceme. Pusaka kasebat dugi wonten ing Dhusun Keceme ing Dinten Jemuah Legi wulan Sura taun 1987. Pusaka dipunpasrahaken saking Ki Juru Permana dhumateng Bapak Ngadiwiharja wonten ing dalemipun Bapak Ngadiwiharja. Wonten ing wekdal kasebat, kekalih pusaka menika dipunamani dening Ki Juru Permana kanthi sesebutan Tumbak Kyai Manggala Murti lan Songsong Kyai Makutha dewa. Tembung Manggala Murti kedadosan saking tembung manggala ingkang tegesipun pimpinan lan murti ingkang tegesipun awak utawi badan, saengga Tumbak Kyai Manggala Murti saged dipunsebat minangka pralambang badanipun para pemimpin. Tembung Makutha Dewa kedadosan saking tembung makutha ingkang tegesipun kuluk minangka pralambang pengayom lan tembung dewa ingkang mralambangaken pimpinan, tembung makutha dewa menika saged dipuntegesi minangka pemimpin menika minangka pengayoming masarakat.

Pusaka Tumbak Kyai Manggala Murti lan Songsong Kyai Makutha Dewa menika dipuntitipaken wonten ing dhusun Keceme kanthi papan wonten ing dalemipun Dhukuh Keceme. Pusaka kekalih kasebat kedah dipunjamasi saben 1 Sura saben taunipun, kanthi ancas supados saged paring berkah dhumateng masarakat, mliginipun dhumateng warga Dhusun Keceme.

Upacara jamasan Pusaka ingkang dipunlampahi wonten ing dhusun Keceme menika dipunleksanani kanthi dipunwonteni kirab. Kirab ingkang dipunlampahi wonten ing prosesi Jamasan Pusaka menika kanthi dipunwonteni gunungan ingkang awujud wulu pametu saking warga masarakat Dhusun Keceme.

Kirab pusaka lan gunungan menika kanthi lampah mubeng dhusun Keceme ingkang dipunwiwiti saking dalemipun Dhukuh Keceme dumugi Sendhang Kawidodaren.

Andharan kesebat jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

*“Inti sarine rama juru nampa dhawuh saka Ngarsa dalem swargi, merga biyen teteki nang kene, pusaka iku banjur dibalekake nang kene, kon ngrumat warga masyarakat kene khusus, bisa murakabi ora mung desa kene, munggah mudhune tekan wilayah, saiki rak yo sak Kulon Progo. Ning ora dimaksud nek uwong-uwong kon nyembah pusaka kuwi, dudu. Ananging mung kon ngormati, ana pituahe yaiku bisa mberkahi. Pusaka diserahke nang kene kuwi, digawe acara tanggapan tanggap warsa 1 Sura lan kandhane Jamasan Pusaka saben taune.” (CLW 01)*

“Rama Juru Permana pikantuk dhawuh saking Ngarsa Dalem swargi, amargi kala rumiyin teteki wonten ing papan menika, pusaka menika lajeng dipunkonduraken dhateng papan menika (Dhusun Keceme), supados dipunrumat denbing warga masarakat Dhusun Keceme saengga saged murakabi boten namung kangge dhusun menika, ananging ugi dhumateng tlatah ing sakiwa tengenipun, menawi wekdal samenika dumugi sedaya tlatah Kulon Progo. Boten dipunmaksudaken bilih warga menika kedhah nyembah dhateng pusaka, ananging namung ngormati, menawi wonten pituah saking pusaka inggih menika saged maringi berkah. Pusaka dipunpasrahaken wonten papan menika kanthi dipundamel acara pengetan tanggap warsa 1 Sura kanthi dipun leksanani Jamasan Pusaka.”

Andharan menika ugi dipunpratelakaken kaliyan informan 02.

*“Pusaka niki asal-usulipun saking Sri Sultan IX, lewat Ki Juru Permana, dipuntitipaken ing Dhusun Keceme. Wujudipun pusaka, setunggal menika Tumbak Kyai Manggala Mukti, lan ugi Songsong Kyai Makutha Dewa. Kerasanipun Sri Sultan lewat Ki Juru Permana kala semanten saben setunggal Sura menika dipunjamasi sarana dipunkirabaken mubeng Dhusun Keceme. Lajeng kangge uba rampe jamasan pusaka lan kirabipun menika kanthi dipunwonteni gunungan arupi wuluwedalipun para warga Dhusun Keceme, ugi minangka sarana jamasan menika mawitoya sendhang Kawidodaren.” (CLW 02)*

“Pusaka menika asalipun saking Sri Sultan IX, lumantar Ki Juru Permana, ingkang dipuntitipaken dhateng Dhusun Keceme. Wujudipun pusaka menika arupi Tumbak Kyai Manggala Mukti lan Songsong Kyai Makutha Dewa. Kersanipun Sri Sultan IX lumantar Ki Juru Permana supados saben setunggal Sura menika dipunleksanani upacara Jamasan Pusaka kanthi dipunadani kirab mubeng Dhusun Keceme. Lajeng kangge ubarampe

jamasan pusaka lan kirab menika migunakaken gunung arupi wulu wedalipun para warga dhusun Keceme, ingkang dipuinginakaken kangge sarana jamasan pusaka menika migunakaken toya Sendhang Kawidodaren.”

Saking pamanggih informan ing nginggil saged dipunpundhut dudutan bilih upacara jamasan pusaka ingkang dipunlampahi dening warga Dhusun Keceme minangka titah saking Sri Sultan HB IX ingkang ngutus Ki Juru Permana supados masrahaken pusaka ingkang awujud tumbak lan songsong dhumateng warga Dhusun Keeme. Kanthi wontenipun pusaka, Dhusun Keceme kasuwun ngawontenaken upacara jamasan saben taunipun inggih menika saben 1 Sura. Reroncening upacara jamasan pusaka dipunwiwiti kanthi kirab gunung mubeng Dhusun Keceme saking dalemipun Dhukuh Keceme dumugi Sendhang Kawidodaren.

### **C. Posing Upacara Jamasan Pusaka**

Prosesi Upacara Jamasan Pusaka menika dipunleksanani kanthi sesarengan ing antawisipun warga masarakat Dhusun Keceme ingkang dipunsengkuyung dening pemerintah Desa Gerbosari lan Dinas Pariwisata Kabupaten Kulon Progo. Lampahing upacara Jamasan Pusaka menika minangka salah satunggaling tradhisi ingkang taksih dipunuri-uri dening warga masarakat panyengkuyung minangka pengetan warsa enggal ing 1 Sura kanthi dipunadani kenduri, tirakatan, lampah wungon, kirab gunung lan pusaka, jamasan pusaka wonten ing Sendhang Kawidodaren, ingkang dipunpungkasi kanthi pagelaran kesenian tradhisional. Awit saking kathahing kagyatan prosesi ingkang kedah dipunlampahi, saengga kangge miwiti kegiatan menika dipunwontenaken cecawis-cecawis kangge nyengkuyung lampahing upacara. Cecawis menika

sampun dipunrembag dening warga masarakat lan Panitia Pengetan 1 Sura Desa Gerbosari. Cecawis upacara Jamasan Pusaka ingkang dipunlampahi dening masarakat panyengkuyung kaandharaken kados ing ngandhap menika.

## **1. Cecawis**

Saderengipun upacara Jamasan pusaka dipunleksanani, dipunwontenaken cecawis-cecawis upacara supados saged lumampah kanthi sae. Cecawis-cecawis ingkang dipunleksanani dening warga masarakat Dhusun Keceme wonten ing adicara Pengetan 1 Sura inggih menika cecawis rapat panitia pengetan 1 Sura, cecawis papan upacara Jamasan Pusaka, cecawis papan pagelaran seni jathilan, cecawis ubarampe kenduri, lan cecawis gunungan.

### **a. Rapat Panitia Pengetan 1 Sura**

Wonten ing salebeting upacara Jamasan Pusaka wonten ing pengetan 1 Sura, warga masarakat Dhusun Keceme kaliyan pemerintah Desa Gerbosari kajibah damel panitia ingkang ngesuhi babagan prosesi Jamasan Pusaka. Cecawis rapat panitia dipunleksanani wonten ing surya kaping 31 wulan oktober 2013, wonten ing kantor Kecamatan Samigaluh. Rapat menika dipunadani dening pokdarwis, pemerintah Kecamatan Samigaluh, pemerintah Desa Gerbosari kaliyan wakil saking Dhusun Keceme.

Wonten ing rapat menika dipunrembag susunan kepanitaan Upacara Pengetan 1 Sura Wonten ing Dhusun Kenceme. Wonten ing salebeting rapat menika ugi dipunrembag ngengingi ngengrengan dana ingkang badhe dipunbetahaken ing salebeting adicara menika, tim kirab, kabetahan kangge kirab, regi karcis, posko kangge papan *transit* lan rantaman kangge pagelaran seni.

Andharan kesebat jumbuh kaliyan pratelan informan 03.

“Rapat panitia dileksanani ana ing kecamatan, seka anggota pokdarwis, pemerintah Gerbosari karo saperangan warga Ceme. Neng kono dirembug babagan susunan kepanitiaan dana, tim kirab disusun mateng, kebutuhan kanggo gunungan, papan transit ing SD Suroloyo, terus babagan pentas seni.” (CLW 03)

Rapat ingkang dipunlampahi wonten ing surya kaping 31 wulan Oktober 2013 menika ngrembag susunan panitia pengetan 1 Sura wonten ing Dhusun Keceme. Kepanitaan menika ingkang tansah dipunsuwuni tanggjawab tumrap lancaring prosesi jamasan pusaka ingkang badha kalampahan wonten ing 1 Sura warsa 2013. Susunan panitia ingkang dipunrantam wonten ing salebeting rapat kados wonten ing ngandhap menika.

Pelindung	: 1. Muspika Kecamatan Samigaluh 2. Kasi. Dikbud Kec. Samigaluh 3. Kepala Desa Gerbosari
Ketua	: 1. Sunardi, HS 2. Drs. Sudarman 3. Tri Atmono
Sekretaris	: 1. Moh. Triyadi 2. Ahmad Nurcahyo
Seksi-seksi : Kirab pusaka	: 1. Bambang Eko S. 2. Kismodiyono 3. Marjo 4. Suharroyani 5. Sumber Rini 6. Puji Lestari 7. Suratiman
Jamasan Pusaka	: 1. Bambang Wijono 2. Suhadi 3. Kismodiyono
Gunungan	: 1. Hadi Sutaryanto 2. Kartinah
Dokumentasi	: 1. Samsul Muhilal 2. Agung 3. Damar
PPPK	: 1. dr. Sri Utami
Keamanan	: 1. Polsek Samigaluh

2. Koramil Samigaluh
3. Eko Maryono
4. Saronto, BA.
5. Mukidal
6. Ramelan

#### **b. Cecawis Papan Upacara Jamasan Pusaka**

Cecawis papan upacara jamasan pusaka menika katindakaken saderengipun dinten upacara Jamasan Pusaka 1 Sura. Cecawis menika awujud resik wonten ing papan ingkang badhe dipunginakaken kangge ngleksanani Upacara Jamasan Pusaka. Papan ingkang dipunginakaken kangge prosesi jamasan Pusaka inggih menika wonten ing kompleks Sendhang Kawidodaren.

Reresik wonten ing Sendhang Kawidodaren menika dipunleksanani ing dinten Minggu Legi, surya kaping 3 wulan November 2013. Reresik menika dipunleksanani dening warga Dhusun Keceme ingkang dipundhapuk ngresiki papan Sendhang Kawidodaren kadosta Bapak Jiman, Bapak Sutaryanto, Bapak Kismodiyono lan sanes-sanesipun. Resik-resik menika gadhah ancas supados papan ingkang dipunginakaken kangge prosesi jamasan pusaka inggih menika Sendhang Kawidodaren katingal langkung resik boten katingal katah reregedan saking ron-ronan ingkang sampun gogrog lan resik saking sesuketan ingkang tuwuh wonten ing sakiwa tengenipun Sendhang Kawidodaren.

Andharan kesebat jumbuh kaliyan pratelan informan 02.

“Saderengipun upacara jamasan menika dipuntindakaken, dipunwonteni resik ing sakiwa tengenipun sendhang. Nalika kala wingi ingkang resik wonten ing sendhan menika ana kang Jiman, mbah Sutar, ya aku barang. Tujuane saking resik menika supados reregedan ingkang wonten ing sendhang menika saged resik lan prosesi jamasan ingkang kalampahan saged langkung kepenak.” (CLW 02)

Reresik menika ugi dipuntindakaken wonten ing margi ingkang tumuju Sendhang Kawidodaren saking arah tegal kepanasan lan ingkang saking arah ngandhap. Kawontenan margi ingkang kathah dipunthukuli sesuketan ndadosaken kawontenan dados resek. Margi kasebat lajeng dipunresiki dening warga kanthi migunakaken piranti pacul lan arit. Reresik wonten ing margi menika kalaksanan kanthi gotong royong saengga pedamelan menika sagd lumampah kanthi langkung entheng lan wekdal ingkang dipunbetahaken dados langkung cepet.

Wonten ing dinten Senen Pahing, surya kaping 4 November 2013, reresik wonten ing Sendhang Kawidodaren dipunlajengaken kanthi pasang umbul-umbul lan dipunpaes kanthi migunakaken janur kuning. Ancas saking pasang umbul-umbul lan janur kuning menika minangka sarana kangge ngregengaken swasana pegetan 1 Suro wonten ing Dhusun Keceme.



Gbr. 3: **Warga reresik Sendhang Kawidodaren (dok. Novan 2013)**

Kawontenan ingkang resik wonten ing sakiwa tengenipun papan wisata Suroloyo, mliginipun ing Sendhang Kawidodaren saged ndadosaken lampahing upacara Jamasan Pusaka langkung ngremenaken ati. Pedamelan reresik ingkang dipunlampahi kanthi sesarengan menika mujudaken raos gotong royong saking

warga masarakat ingkang taksih ageng, saengga pedamelan ingkang dipunleksanani saged dados langkung entheng lan saged nggambaraken kerukunan warga masarakat ingkang ageng.

#### **c. Cecawis Papan Pagelaran Seni Jathilan**

Wonten ing dinten Senen Pahing, surya kaping 4 November 2013 dipunwonteni cecawis papan kangge pagelaran seni jathilan saha papan kangge among tamu. Papan kangge pagelaran jathilan menika wonten ing sakiduling Tegal Kepanasan, ngandhapipun Kaendran. Papan menika arupi lapangan ingkang sampun asring kangge papan ngawontenaken pagelaran jathilan. Wonten ing papan menika dipunresiki saking reregedan lan uwuh supados langkung resik, lajeng dipunpasang tendha. Amargi tendha menika arupi tendha sewan saengga ingkang madegaken inggih menika tiyang-tiyang saking papan anggenipun nyewa kabiyantu para warga dhusun Keceme.

#### **d. Cecawis Sesaji**

Sesaji minangka salah satunggaling perangan ingkang kaginakaken wonten ing prosesi jamasan pusaka, mliginipun dipunginakaken wonten ing kenduri. Cecawis sesaji lan ubarampe ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri menika dipundamel woten dalemipun Ibu Sutiyah wonten ing surya kaping 4 wulan November 2013 wiwit tabuh 15.00 WIB. Sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kendhuri menika wujudipun ingkung, sekul golong, sekul rasul, pentho, srundheng, lan jangan kering.

## 1) Sekul saha Lawuhipun

### a) Sekul Wuduk

Sekul wuduk minangka sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduridipun damel saking beras ingkang dipunmasak kanthi dipunsukani santen. Anggenipun damel sekul wuduk menika migunakaken bumbu-bumbu kadosta salam, tambar, brambet, lan sareng. Sekul wuduk dipundamel kanthi cara beras ingkang sampun dipunpususi lajeng dipukukus langkung rumiyin ngantos dumugi kekel. Bumbu-bumbu ingkang dipunginakake kangge damel sekul wuduk menika dipunuleg ngantos alus lajeng dipuncampur santen lan dipungodhog ngantos dumugi umob. Beras ingkang sampun kekel menika lajeng dipunlebetaken wonten ing santen lan dipunadhuk-adhuk ngantos asad. Sasampunipun asad, beras ingkang dipunmasak menika dipunangkat lan dipunangin-anginakenika dipunangkat lan dipunangin-anginaken sekeedhap lajeng dipun kukus malih ngantos mateng. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Sega gurih atau sega wuduk kuwi bahane ya beras biasa, ananging le masak diwenehi santen. Bumbu-bumbu sik dienggo kuwi uyah, brambang, tambar, ro godhong salam. Bumbu-bumbune diuleg terus dicampur ro santene. Nek berase dicakel disik ngasi kekel, terus dicemplingke nang santen. Nek wes asad diangkat lan diangin-anginke sebentar. Bar kuwi dikukus meneh ngasi mateng”. (CLW 05)

Wujudipun sekul wuduk saged katingal wonten ing gambar ngandhap menika.



Gbr. 4: **Sekul Wuduk (dok. Novan 2013)**

Sekul wuduk ingkang sinebat sekul gurih menika minangka salah satunggaling sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri. Sekul wuduk kadamel saking beras ingkang dipunliwet kanthi migunkaken santen. Sekul Wuduk menika gadhah raos gurih ingkang asalipun saking santen lan bumbu-bumbu ingkang dipuncampuraken. Sekul wuduk dipunsajiaken wonnten ing salebeting tenggok.

#### **b) Inkung**

Inkung minangka salah satunggaling sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri menika dipundamel saking sawung wutuh ingkang dipuntaleni ceker lan ndasipun. Anggenipun damel ingkung menika migunakaken bumbu-bumbu, kadosta sarem, brambet, mrica, tumber, laos, kunir, gendhis Jawi, miri, lan santen klapa. Anggenipun damel ingkung menika sasampunipun sawung dipunbeleh, dipunresiki lajeng dipuntlikung. Bumbu-bumbunipun menika dipunulek lan dipungongsa. Bumbu saha sawingipun dipunlebetaken dhateng panci saha dipun sukani toya kangge ngungkep supados dagingipun empuk. Sasampunipun empuk ingkang pungkasan lajeng dipunsukani santen klapa lan gendhis Jawi. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Inkung kuwi le gawe seka pitik ditaleni gulu ro sikile. Terus bumbu-bumbune kuwi ngango brambang, bawang, garam, gula jawa, mrica, laos, salam, tambar, kunir, karo santen. Nek le masak ya digodhog paling ora ya sak jam”. (CLW 05)

Wujudipun ingkung kados wonten ing gambar ngandhap menika.



Gbr. 5: **Inkung** (dok. Novan 2013)

Inkung minangka sesaji ingkang kaginakaken wonten ing kenduri menika kadamel saking sawung wetah ingkang dipuntaleni ndas lan cekeripun. Inkung dipunmasak kanthi cara ayam ingkang sampun dipuntali dipungodhog kanthi migunkakaen bumbu-bumbu ngantos mateng.

### c) **Ambeng**

Ambeng minangka sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri menika awujud sekul ingkang dipunwadahi wonten ing piring utawi besek. Ambeng menika anggenipun damel kanthi cara wos ingkang sampun dipunpususi lajeng dipunliwet ngantos mateng. Anggenipun nyajekaken ambeng menika migunakaken wadhah piring uawi besek kanthi cacah setunggal. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Ambeng kuwi sega biasa sik diwadahi piring utawa besek. Nek le gawe ya mung kaya ngliwet biasa kae.” (CLW 05)

Ambeng minangka sesaji kenduri ingkang kadamel saking beras ingkang dipunliwet. Wonten ing kenduri malem 1 Sura ingkang dipunlampahi dening warga masarakat Keceme, ambeng dipunsajikaken dados setunggal kaliyan jajan pasar, larakakan, lan gorengan.

#### **d) Sekul Golong**

Sekul golong minangka salah satunggaling sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri menika kadamel saking beras ingkang dipunliwet kanthi pera. Wujud sekul golong menika wonten kalih werni, sekul golong panggung lan sekul golong gilig. Sekul golong gilig inggih menbika sekul golong ingkang dipundamel kanthi cara dipunkepeli kanthi cacah 14 iji. Sekul golong panggung inggih menika sekul golong inkang anggenipun nyajekaken namung dipunlebetaken wonten ing satunggaling wadhah tanpa dipunkepeli. Sekul golong ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri menika wonten ugi ingkang boten dipunkepeli ingkang dipunsebat golong pagung. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Sego golong kuwi ya sega biasa, le masak mung diliwet kaya ngliwet biasa. Ning nek sega golong kuwi ana sik dikepeli sik disebut golong gilig karo sik ora dikepeli sik disebut golong panggung.” (CLW 05)

Wonten ing prosesi kenduri menika migunakaken sekul golong panggung. Wujudipun sekul golong saged katingal wonten ing gambar ngandhap menika.



Gbr. 6: **Sekul Golong Panggung (dok. Novan 2013)**

Sekul golong minangka salah satunggaling sesaji ingkang kaginakaken wonten ing prosesi kenduri. Sekul golong panggung kadamel saking beras ingkang dipunliwet kanthi pera. Sekul golong ingkang kaginakaken wonten ing kenduri menika kanthi wujud sekul golong panggung amargi wekdal ingkang dipunbetahaken kangge nyawisaken namung sekedhap.

#### e) **Pentho**

Pentho menika minangka sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing prosesi Kenduri. Pentho saged kadamel saking pathi kanji utawi parutan pohung ingkang dipungoreng. Bumbu-bumbu ingkang dipunginakaken kangge damel pentho inggih menika sarem lan bawang. Wonten ing kenduri ing Dhusun Keceme menika Anggenipun damel pentho migunakaken pohung ingkang dipunparut lajeng dipunperes supados toyanipun saged tuntas. Bumbu-bumbunipun dipunuleg ngantos alus lajeng dipuncampuraken kaliyan parutan pohung. Campuran pohung lan bumbu menika dipunkepli bunder-bunder lajeng dipungoreng ngantos mateng. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun informan 05.

“Pentho kuwi le gawe seka jendal sik diparut, dibumboni uyah ro bawang. Nek uwis campun banjur dikepli njuk digoreng.”(CLW 05)

Wujudipun pentho ingkang kaginakaken wonten ing kenduri meniuka kados wonten ing ngambar ngandhap menika.



Gbr. 7: **Pentho (dok. Novan 2013)**

Pentho mujudaken salah satunggaling sesaji ingkang kaginakaken wonten ing prosesi kenduri. Pentho menika kademel saking parutan pohung ingkang dipunkepli alit-alit lajeng dipungoreng ngantos mateng.

#### **f) Serundeng**

Serundeng menika kademel saking parutan klapa ingkang dipungongsa. Langkung sae menawi migunakaken klapa ingkang sampun tuwa ananging sepetipun taksih ijem. Bumbu-bumbu ingkang dipunginakaken kangge damel serundeng inggih menika sarem, brambet, bawang, tumber, lan gendhis Jawi. Bumbu-bumbunipun menika dipunulek lajeng dipuncarub kaliyan parutan klapa. Sasampunipun carub lajeng dipungongsa lan dipunsukani gendhis Jawi kanthi cara dipunsisir. Parutan klapa menika dipungongsa ngantos wernipun dados coklat. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Serundeng kuwi digwe nganggo klapa sik diparut trus digoreng. Bumbu-bumbu sik dienggo ya kuwi bawang, brambang, uyah, tumber, ro gula Jawa. Carane gawe bumbune dimasak bareng ro parutan kelapa terus gulane disisir dicampurke ngasi serundenge mateng”. (CLW 05)

Wujudipun Serundeng ingkang kaginakaken wonten ing kenduri kados wonten ing gambar ngandhap menika.



Gbr. 8: **Serundeng (dok. Novan 2013)**

Serundeng mujudaken salah satunggaling sesaji ingkang kaginakaken wonten ing prosesi kenduri. Serundeng kadamel saking parutan klapa ingkang dipungongsa kanthi migunkaken bumbu sarem, brambet, bawang, gendhis Jawi, lan tumber.

#### **g) Gorengan**

Gorengan minangka sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri. Wujud gorengan ingkang dipunginakaken inggih menika tempe, lan krupuk. Bumbu-bumbu ingkang dipungunakaken inggih menika sarem kaliyan bawang. Anggenipun damel gorengan menika kanthi cara bumbu-bumbunipun dipunuleg lajeng dipun campuraken kaliyan tahu lan tempe lajeng dipugoreng ngantos mateng. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Gorengan kuwi ya mung tempe digoreng, dibumboni bawang ro uyah.”(CLW 05)

Wujud gorengan ingkang kaginakaken wonten ing kenduri ing Dhusun Keceme kados wonten ing gambar ngandhap menika.



Gbr. 9: **Tempe Goreng** (dok. Novan 2013)

Gorengan ingkang kaginakaken wonten ing kenduri 1 Sura menika minangka sesaji ingkang mujudaken tetedhan ingkang mirah lan dipunremeni dening warga masarakat. Gorengan menika dening amsarakat saged kaginkaken minangka nyamikan lan saged kaginakaken minangka lawuh anggenipun dhahar.

#### **h) Jangan**

Jangan ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri menika wujudipun jangan kering. *Bahan* ingkang dipunginakaken kangge damel jangan menika saged migunakaken tahu, tempe, kentang, lan sapanunggalanipun. Bumbu-bumbu ingkang kaginakaken kangge damel jangan inggih menika sarem, brambet, bawang, lombok, ron salam, lan penyedhap rasa. Kangge damel jangan menika tahu, tempe lan kenthang ingkang sampun dipunrajang alit-alit lajeng dipun goreng ngantos garing utawi mateng. Bumbu-bumbunipun dipun uleg ngantos

alus lajung dipungonsa. Sasampunipun bumbu-bumbu menika arum, lajeng gorenga tahu, tempe, lan kenthang meika dipunlebetaken wonten ing wajang lan dipuncampur ngantos sedaya mateng. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Jangan sik dienggo kenduri biasane jangan kering. Bahan sik dipakai ana tahu, tempe, lan kentang. Bumbu-bumbune ya mung bumbu dapur biasane.” (CLW 05)

Wujudipun jangan ingkang kaginakaken wonten ing kenduri ing Dhusun Keceme kados wonten ing ngandhap menika.



Gbr. 10: **Jangan Kering** (dok. Novan 2013)

Jangan minangka sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri menika wujudipun jangan kering. Jangan menika kadamel saking tempe, tahu, lan kenthang ingkang dipunmasak dados setunggal.

## 2) Jenang

Jenang minangka sesaji ingkang dipundamel saking tepung beras. Wujud jenang ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri Suran menika wonten sekawan inggih menika jenang putih, jenang abang, jenang baro-baro, lan jenang pliringan. Wujudipun jenang ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri kados gambar ngandhap menika.



Gbr. 11: Jenang (dok. Novan 2013)

#### a) Jenang Pethak

Jenang pethak menika kadamel saking glepung beras kanthi migunakaken bumbu-bumbu kadosta sarem, lan santen klapa. Anggenipun damel jenang menika kanthi cara tepung beras dipunmasak dados bubur wonten ing kwali, sasampunipun setengah mateng lajeng dipunsukani santen lan sarem kanthi dipunadhuk ngantos dumugi mateng. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Nek gawe jenang putih kuwi bahane seka tepung beras. Bumbune ya kuwi uyah ro santen. Carane gawe jenang putih kuwi tepung berase digawe bubur nganggo banyu, nek wis kekel utawa setengah mateng banjur diwenehi santen ro uyah.” (CLW 05)

Jenang pethak menika anggenipun nyajekaken migunakaken piring utawi mangkok. Jenang pethak minangka jenang ingkang dipundamel riyin piyambak amargi anggenipun damel menka sekalian kaliyan damel jenang baro-baro kaliyan jenang pliringan lan jenang abrit kanthi dipuntambah mawi gendhis Jawi.

#### b) Jenang Abrit

Jenang abrit kadamel saking glepung beras. Anggenipun damel jenang abrit menika sami kaliyan damel jenang pethak, ananging kanthi migunakaken

gendhis Jawi saengga wernipun dados abrit. Gendhis Jawi dipuntambahaken sareng sasampunipun santen dipunlebetaken. Sasampunipun bumbu-bumbu dipuncampuraken lajeng dipunadhuk ngantos dumugi mateng. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Jenang abang kuwi le gawe padha karo jenang putih, bahane ya padha mung ditambahi gula Jawa. Le gawe dadi siji, nek jenang putihe wis mateng terus ditambahi gula.” (CLW 05)

Jenang abrit menika anggenipun damel sareng kaliyan jenang pethak. Sasampunipun jenang pethak mateng lan saperangan dipunsajikaken lajeng jenang pethak ingkang taksih wonten ing kwali menika dipuntambah gendhis Jawi saengga wernipun dados abrit. Jenang abrit menika dipunsajikaken wonten ing piring. Jenang abrit menika ugi kaginakaken kangge damel jenang baro-baro sareng kaliyan jenang pethak.

### **c) Jenang Baro-baro**

Jenang baro-baro menika wujudipun wonten ing setunggal wadhah dipunisi sepalih jenang abrit lan sepalih jenang pethak. Anggenipun damel menika migunakaken jenang pethak lan jenang abrit. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Jenang baro-baro kuwi jenang abang karo jenang putih.” (CLW 05)

Jenang baro-baro minangka salah setunggaling jenang ingkang wonten ing kenduri ingkang kadamel saking sepalih jenang abrit lan sepalih jenang pethak.

### **d) Jenang Pliringan**

Jenang pliringan menika wujudipun jenang pethak ingkang dipunsukani gendhis jawi. Anggenipun damel jenang pliringan menika migunakaken jenang

pethak ingkang nalika taksih benter dipun sukani cuilan gendhis Jawi kanthi cacah tiga utawi sekawan iji. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Jenang pliringan kuwi jenang sik ana cuilane gula jawa”. (CLW 05)

Jenang pliringan minangka sesaji ingkang kaginakaken wonten ing kenduri menika wujudipun jenang pethak ingkang dipunsukani cuilan gendhis Jawi. Benter saking jenang menika ndadosaken gendhis Jawi ingkang wonten ing nginggiing jenang menika ajer.

### **3) Jajan Pasar saha Larakan**

#### **a) Jajan pasar**

Wujud saking jajan pasar menika sedaya wujud tetedan utawi jajanan tradhisional ingkang saged dipunpanggihi wonten ing pasar, kadosta jadah, wajik, krasikan, jenang, apem, clorot, pasung lan sapanunggalanipun. Jajan pasar menika minangka salah satunggaling sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Jajan pasar kuwi wujud kaya jadah, wajik, krasikan, jenang, apem, clorot, pasung lan liya-liyane.” (CLW 05)

Wonten ing kenduri suran ingkang dipunlampahi wonten ing Dhusun Keceme menika anggenipun nyamektakaken jajan pasar menika dados setunggal kaliyan larakan, lan ambeng. Wujudipun jajan pasar, ambeng lan larakan saged katingal wonten ing gambar ngandhap menika.



Gbr. 12: **Jajan pasar, larakan, lan ambeng (dok. Novan2013)**

Wujudipun jajan Pasar ingkang wonten ing kenduri ing Dhusun Keceme menika namung migunakaken tetedhan kemasan ingkang dipunsade wonten ing warung-warung kemawon kaliyan migunakaken lemet. Kanthi cara tumbas wekdal ingkang kaginakaken kangge nyawisaken jajan pasar menika dados langkung sekedhik.

### **i) Larakan**

Larakan kadamel saking pala kependhem kadosta pohung, tela pendhem, tales, lan sapanunggalanipun. Anggenipun damel larakan menika kanthi cara umbi-umbi menika dipunkubah ngantos resik lajeng dipungodhog ngantos mateng. Umbi-umbi menika wonten ingkang dipunonceki ugi wonten ingkang botendipun onceki. Umbi ingkang boten dipunonceki kadosta tales, tela pendhem, lan umbi ingkang dipunonceki kadosta pohung, uwi, kimpul utawi tales, lan sanes-sanesipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Larakan kuwi wujud godhog-godhogan kayata jendal, kimpul, tela pendhem, uwi.” (CLW 05)

Larakan minangka salah satunggaling ubarampe ingkang kaginakaken woten ing kenduri menika kadamel saking pala kesimpar. Ananging wonten ing

kenduri ingkang dipunlampahi wonten ing Dhusun Keceme menika wujudipun larakan menika kadamel saking pala kependhem kadosta kimpul lan tela pendhem, ugi migunakaken kacang brol, lan pisang godhog.

#### b) **Sekar Setaman**

Sekar setaman minangka salah setunggaling ubarampe utawi sesaji ingkang kaginakaken wonten ing prosesi jamanan pusaka. Sekar setaman menika wujudipun inggih menika sekar mawar, mlathi lan kenanga.. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggih informan 02.

“Kanthi dipun kantheni syarat-syaratipun menika sekar setaman, ugi ingkang kangge ngresiki menika jeruk pecel lan ingkang kangge paling kantung piyambak menika minyak cendana.”(CLW 02)

Wujudipun sekar setaman ingkang kaginakaken wonten ing prosesi jamanan pusaka kados wonten ing gambar ngandhap menika.



Gbr. 13: **Sekar Setaman (dok. Novan 2013)**

Sekar setaman minangka ubarampe ingkang kaginakaken wonten ing jamanan pusaka menika dipunlebetaken wonten genthong kaliyan toya saking Sendhang Kawidodaren. Sekar menika ugi dipunsebaraken wonten ing salebeting sendhang.

#### e. Cecawis Gunungan

Gunungan minangka perangan ingkang penting wonten ing Jamasan Pusaka. Gunungan menika dipunkirabaken wonten ing Dhusun Keceme. Cecawis gunungan kangge upacara jamasan pusaka menika padamelanipun sampun dipundum dening panitia Pengetan 1 Sura Desa Gerbosari. Padamelan menika dipunpasrahaken dhateng bapak Wakhid, bapak Yadi, Mas Eko, Mas Dwi, Bapak Wakiyo. Anggenipun damel gunungan dipunleksanani wonten ing dalemipun Bapak Kemat wonten ing dinten Senen Pahing, Surya kaping 4 November 2013. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelan informan 05.

“Gunungane kae le gawe nangomahe lik Kemat, sik gawe kae ana pak Wakid, Dwi, lek Yadi, kang Wakiyo, ro mas Eko barang.”(CLW 05)

Gunungan ingkang dipundamel wonten ing Dhusun Keceme menika arupi wulu pametu saking warga masarakat inggih menika awujud sayur-sayuran. Anggenipun damel gunungan menika dipunwiwiti kanthi pados wowohan saha sayuran ingkang badhe dipunpasang wonten ing gunungan menika. Inggih dipuncepengaken kangge gunungan menika inggih menika kacang panjang, jipang, jagung, kobis, timun, wortel, brambet, lombok, bawang, waluh, terog, lan nanas. Saperangan saking sayuran menika wonten ingkang tumbas wonten ing peken lan wonten ingkang saking warga masarakat. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 02.

“Gunungan menika wujudipun wulupamedalipun saking warga masarakat Keceme.”(CLW 02)



Gbr. :14 **Damel Gunungan (dok. Novan 2013)**

Sasampunipun sedaya menika dipunsamektakaken, lajeng damel ancak lan cengkorongan saking kajeng lan bambu. Ancia ingkang dipundamel kanthi bentuk kothak lan dipunpasang cengkorongan wonten ing nginggilipun kanthi migunakaken bambu. Cengkorongan ingkang sampun dados lajeng dipuntutup mawi kertas perak werni ijem saengga sedaya cengkorongan saged katutup mawi kertas perak menika. Anggenipun masang sayuran menika migunakaken kawat supados langkung kukuh. Setunggal mbaka setunggal isi saking gunungan menika dipunronce migunakaken kawat saengga gampang anggenipun masang.

Sayuran dipuntata lan dipunpasang kanthi urutan paling ngandhap piyambak kacang lanjaran, kobis, jagung, jipang, winih kacang, timun, pare, terong, wortel, lombok, brambet, bawang, waluh, lan nginggil piyambak nanas. Wujudipun gunungan ingkang kaginakaken wonten ing kirab gunungan 1 Sura wonten ing Dhusun Keceme kados wonten ing gambar ing ngandhap menika.



Gunungan menika anggenipun damel wiwit tabuh 10.00 WIB ngantos dumugi tabuh 17.00 WIB. Dangunipun wekdal ingkang dipunbetahaken kangge damel gunungan menika amargi kaginakaken kangge nyawisaken piranti ingkang kangge damel gunungan, kadosta pring kangge damel cengkorongan, nyawisaken anak saking blabak, masang woh-wohan ingkang dipunrakit wonten ing gunungan. Gunungan ingkang sampun dados ajeng dipunbeta saking dalemipun Bapak Kemat dhateng dalemipun Ibu Sutiyah minangka Kepala Dhusun Keceme.

## 2. Lampahing Upacara Prosesi Jamasan Pusaka

Jamasan pusaka minangka salah satunggaling reroncening adicara wonten ing pengetan 1 Sura ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kulon Progo. Rerangkening upacara Jamasan pusaka kalampahan wonten ing warsa 2013 kawiwitan wiwit surya kaping 4 wulan November 2013. Lampahing prosesi jamasan pusaka menika kaperang dados tigang tahap, inggih mrnika dipunwiwiti kanthi kenduri lan tirakatan, kirab gunungan lan pusaka, upacara jamasan pusaka, lan dipunpungkasi kanthi adicara pagelaran seni jathilan.

### **a. Kenduri lan Tirakatan**

Prosesi kenduri lan tirakat wonten ing upacara jamasan pusaka ingkang kalampahan wonten ing dhusun Keceme menika mengku ancas minangka sarana kangge ndedonga dhumateng Gusti Kang Maha Kuasa ingkang dipunleksanani dening warga masarakat wonten ing malem 1 Sura kanthi nindakaken Kenduri lan tirakat. Lampahig prosesi kenduri menika dipuntindakaken wonten ing dalemipun Ibu Sutiyah minangka dhukuh Keceme. Kenduri menika dipunlampahi wonten ing surya kaping 4 wulan November 2013 kirang langkung tabuh 20.25 WIB. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Le kenduri wingi kae ana ing omahe bu Dhukuh. Sik teka ya mung saperangan wae, ya mung sik cerak-cerak kene.”(CLW 01)

Andharan kasebat dipunsengkuyung pratelan informan 04.

“Nek bengine dianake genduren,karo tirakatan.” (CLW 04)

Kenduri menika katindakaken minangka sarana slametan kanthi cara ndedonga sesarengan ingkang dipunpimpin dening kaum dhusun Keceme, ingkang dipunlajengaken dundum sekul berkat lan ingkung. Kenduri menika miangka sarana ndedonga mugiya sedaya warga masarakat mliginipun Dhusun Keceme pikantuk kasarasan, kaslametan, lan mirah ing karejeken wonten ing warsa enggal 1 Sura.

Kenduri menika dipunpimpin dening bapak Mukidal. Wonten ing kenduri menika dipunwaosaken donga slamet lan donga tahlil ingkang gadhah ancas minangka penyuwunan saking warga Dhusun Keceme tumrap wekdal ingkang badhe kalampahan supados pinaringan kaslamatan lan karaharjan. Wonten ing

kenduri menika dipunwaosaken donga ingkang wosipun nyuwun kaslametan.

Wujudipun donga ingkan dipunwaosaken dening bapak Mukidal inggih menika.

*A'uudzu billaahi minasy-syaithaanir rajiim; Bismillaahir rahmaanir rahiim. Allahumma shalli wa sallim 'alaa sayyidinaa Muhammadin wa 'alaa alii sayyidinaa Muhammadin.*

*Bismillaahir rahmaanir rahiim. Alhamdulillaahi rabbil'aalamiin, hamdasy-syaakiriin, hamdan naa'imiin, hamday yuwaafii ni'amahuu wa yukaafii-u maziidah, yaa rabbanaa lakal hamdu kamaa yambaghii lijalaali wajhika wa 'azhiimi sulthaanik.*

*Allahumma innaa nas-aluka salaamatan fiddiin wa 'aafiyatan fil jasadi, wa ziyaadatan fil'ilmu, wa baraqatan fir-rizqi, wa taubatan qablal maut, wa rahmatan 'indal maut, wa magfiratam ba'dal maut. Allahuma hawwin 'alainaa fi sakaraatil maut, wan-najaata minan-naar, wal 'afwa 'indal hisaab. Rabbanaa laa tuzigh quluubanaa ba'da idzhadaitanaa wa hablanaa milladunka rahmatan innaka aantal wahhaab. Rabbanaa wali wali dainna warhamhuma kamna rabbayanii saqhirah. Wali jamingil muhminina wal mukminnat, wal muslimat, innaka ngalakuli syai'in qodir. Rabbanaa aatinaa fiddunyaa hasanataw wa fil aakhirati hasanataw wa qiinaa 'adzaabannaar. Wasalallahu ngala sayyidinna Muhammadin, wa 'alaa aliihi wa sahbihii wa salim wal hamdulillahirabbil ngalamin.*

Donga ingkang kawaosaken menika mujudaken donga ingkang wosipun inggih menika nyuwun kaslametan mliginipun tumrap sedaya warga masarakat Keceme. Donga kawaosaken dening juru donga, salajengipun ubarampe utawi sesaji ingkang kaginakaken wonten ing kenduri lajeng dipunbagi-bagi kanthi cacah warga ingkang tumut wonten ing kenduri kasebat. Sasampunipun kenduri lajeng dipunlampahi tirakat utawi wungon wonten ing dalemipun ibu dhukuh. Wonten ing tirakat menika warga sami ngangsu kawruh kaliyan warga sanesipun. Wonten ing wungon menika uga dipunisi kanthi ndedonga, tahlilan, lan nyenyuwun dhumateng Gusti Kang Maha Kwasu. Ananging wonten ing malem 1 Sura ing warsa 2013 menika waga ingkang nglapahi tirakat utawi wungon menika namung sekedhik. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggih informan 01.

“Nek maleme bengi jane dha tirakatan. Nek saiki ora, merga ora ana tuntunan sing kenthel, uwong njuk nerak to? Dadine nek sing towo we ngono apa meneh sik enom. Pangandikane ora kena digugu, mula terus sing ngarep kana wong kuwi nek ora isa, keduwung meneng. Ning nek saiki meneng kleru, ngomong kleru, tinimbange ngomong kleru keduwung meneng. Saiki le ngudhari angel. Meneng merga semedi apa meneng merga ora bisa omong.” (CLW 01)

Saking andharan wonten ing nginggil saged dipunmangertosi bilih awit saking ewah-ewahaning jaman prosesi tirakat lan wungon menika ingkang nglampahi sampun sekedhik. Para warga ingkang taksih nglampahi menika gadhah kapitadosan menawi nenuwun wonten ing malem 1 Suro saged kajibah dening Gusti Allah.

#### **b. Kirab Gunungan**

Kirab gunungan lan pusaka menika gadhah ancas minangka wujud manunggaling warga masarakat Dhusun Keceme angenipun nglampahi pagesangan. Wonten ing pengetan 1 sura ing warsa 2013 menika gunungan lan pusaka menika dipunkirabaken saking patung punakawan dumugi sendhang Kawidodaren. Ananging adapun ingkang sampun lumampah, anggenipun kirab gunungan menika dipunwiwiti saking dalemipun dhukuh Keceme dumugi Sendhang Kawidodaren. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelan informan 02.

“Sabene setunggal Sura menika dipunjamasi sarana dipunkirabaken mubeng Dhusun Keceme. Lajeng kangge uba rampe jamasan pusaka lan kirabipun menika kanthi dipunwonteni gunungan arupi wuluwedalipun para warga Dhusun Keceme.”(CLW 02)

Andharan kasebat dipunsengkuyung pratelan informan 04.

“Pusakane ya dikirabke banjur dijamasi ana neng sendhang kana.” (CLW 04)



Gbr. 16: **Kirab Gunungan (dok. Novan 2013)**

Kirab gunungan lan pusaka wonten ing Dhusun Keceme menika kalampahan kanthi pasarta dhomeas, para abdi ingkang mbekta pusaka lan kairing kanthi gamelan bendhe, gunungan, lan wingking piyambak inggih menika para prajurit. Rombongan kirab gunungan miwiti lampah saking dalemipun Ibu Sutyah udakara tabuh 09.00 WIB. Kanthi kebaking greget pasarta kirab mlampah tumuju papan jamasan pusaka. Sasampunipun dumugi wonten ing Patung Punokawan, rombongan sumene sekedhap kangge nengga rombongan saking Bapak Wakil Bupati Kulon Progo inggih menika Bapak Drs.H.Sutedjo. Udakara 15 menit, rombongan bapak bupati dumugi wonten ing papan kasebat lan lampahing kirab dipunlajengaken tumuju Sendhang Kawidodaren.

Wujud Gunungan ingkang kadamel saking wulu pamedalipun warga masarakat menika mujudaken kekiyatanipun warga Dhusun Keceme anggenipun nyengkuyung lan mengeti warsa enggal 1 Sura. Anggenipun kirab gunungan dipunwiwiti saking dalemipun Ibu Sutyah minangka dhukuh Dhusun Keceme ngantos dumugi sendhang Kawidodaren.

### c. Jamasan Pusaka

Upacara jamasan pusaka kalampahan wonten ing dinten Slasa Pon, surya kaping 5 wulan November 2013. Upacara jamasan pusaka dipunpimpin dening Bapak Bambang Wijono. Prosesi jamasan pusaka ingkang dipunlampahi wonten ing Sendhang Kawidodaren menika dipunwiwiti nalika pusaka ingkang dipunkirab dumugi wonten ing Sendhang kawidodaren. Tumbak kyai Manggala Murti ingkang dipunkirabaken lajeng dipunpasrahaken dhumateng bapak Bambang Wijono. Wujud saking pusaka ingkang dipunjamasi wonten ing pengetan 1 Sura kados wonten ing ngandhap menika.



Tumbak  
Kyai  
Manggala  
Murti

Songsong  
Kyai  
Makutha  
Dewa

Gbr. 17: Pusaka (dok. Novan 2013)

Tatacara ingkang kaginakaken kangge jamasan pusaka inggih menika kanthi cara warangka tumbak dipunbikak lajeng mata tumbakipun dipuncopot saking landeanipun. Wesi tumbak lajeng dipunjamasi migunakaken toya Sendhang Kawidodaren ingkang dipuncampur kaliyan sekar setaman. Tumbak dipunresiki kanthi dipungosok migunakaken jeram pecel kanthi ancas supados karat ingkang wonten ing tumbak menika saged ical. Sasampunipun pusaka dipungosok migunakaken jeram pecel prosesi salajengipun inggih menika

dipusiram malih migunakaken toya sendhang lajeng dipungaringaken. Pusaka tumbak Kyai Manggala Murti ingkang sampun garing lajeng dipungosok migunakaken minyak cendana kanthi ancas supados boten kening karat sadangunipun dipunsimpen ngantos dumugi jamasan ingkang badhe kalaksanan ing taun sangajengipun. Andharan ing nginggil jumbuh kaliyan pamanggih informan 02.

“Minangka sarana jamasan menika mawi toya sendhang Kawidodaren. Kanthi dipunkantheni syarat-syaratipun menika sekar setaman, ugi ingkang kangge ngresiki menika jeruk pecel lan ingkang kangge paling kantung piyambak menika minyak cendana.”(CLW 02)

Andharan kasebat dipunsengkuyung pratelan informan 04.

“Ubarampene kuwi ya ,umg jerukpecel kae, karo kembang barang. Ngko nek bar disiram banjur dikosoki jeruk kuwi.” (CLW 04)

Kawontenan jamasan pusaka wonten ing Sendhang Kawidodaren Katingal kados wonten ing gambar ngandhap menika.



Gbr. 18: **Jamasan Pusaka dening Bapak Bambang (dok. Novan 2013)**

Pusaka Tumbak Kyai Manggala Murti ingkang sampun dipunjamasi dening Bapak Bambang Wijono lajeng dipunjamasi dening Bapak Sutedjo minangka Wakil Bupati Kabupaten Kulon Progo. Kanthi ngatos-atos Bapak Sutedjo ngresiki tumbak pusaka ingkang minangka warisan saking para leluhur

inggih menika saking Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Dening Bapak Sutedjo, pusaka dipungosok migunakaken jeram pecel lajeng dipun siram mawi toya sendhang. Pusaka salajengipun dipungaringaken kanthi cara dipunlap ngantos garing lan dipunsukani minyak cendana. Pusaka ingkang sampun dipunjamasi lajeng dipunwangsulaken dhateng dalemipun Dhukuh Keceme minangka papan kangge nyimpen pusaka. Kawontenan jamasan pusaka wonten ing Sendhang Kawidodaren Katingal kados wonten ing gambar ngandhap menika.



Gbr. 19: **Jamasan pusaka dening Bapak Sutedjo (Dok. Novan 2013)**

Jamasan pusaka menika gadhah ancas kangge ngresiki pusaka ingkang awujud Tumbak Kyai Manggala Murti lan Songsong Kyai Makutha Dewa. Lampahing upacara jamasan pusaka menika dipuntindakaken kanthi ngumbah pusaka migunakaken toya ingkang sampun dipuncampur kaliyan sekar setaman. Jamasan menika dipunleksanani dening sesepuh Dhusun Keceme lan Desa Gerbosari. Kanthi dipunleksanani jamasan pusaka menika mujudaken raos pakurmatan dhumateng para leluhur.

Pusaka ingkang dipunjamasi wonten ing Sendhang Kawidodaren nalika pengetan 1 Sura ing warsa 2013 menika ugi wonten pusaka-pusaka gadhahipun masarakat ingkang arupi keris kanthi cacah wonten kathah.

#### **d. Rebut Gunungan**

Gunungan minangka salah satunggaling ubarampe ingkang dipunginakaken wonten ing Prosesi upacara Jamasan Pusaka menika dipunpitados dening masarakat bilih gadhahi berkah. Sasampunipun pusaka tumbak Kyai Manggala Murti lan Songsong Kyai Makutha Dewa dipunjamasai, gunungan ingkang saderengipun dipunkirabaken mebeng ing Dhusun Keceme lajeng dipunrebataken dening warga. Miturut kapitadosan masarakat, perangan ingkang wonten ing gunungan menika dipunpitados saged paringberkah dhumateng ingkang saged ngrebat. Andaran ing nginggil jumbuh kaliyan pratelan informan 02.

“Lajeng sasampunipun menika, gunungan dipunrebataken sedaya masa utawi pengunjung.”(CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan pratelan informan 01.

“Gunungan kuwi direbutke amarga dipercaya bisa mberkahi.” (CLW 01)

Perangan gunungan ingkang kadamel saking sayuran, bumbu pawon, lan wewinihan dipunrebataken dening warga masarakat. Perangan gunungangan ingkang dipunrebat menika dening warga masarakat wonten ingkang dipunsimpen, menawi pikantuk sayuran lan bumbu pawon wonten ingkang dipunmasak, menawi ingkang pikantuk wewinihan lajeng sami dipuntanem wonten ing pategalanipun. Kawontenan rebut gunungan kados wonten ing gambar ngandhap menika.



Gbr. 20 : Swasana Rebut Gunungan (Dok. Novan 2013)

Gunungan dipunrebataken dening warga masarakat kanthi ramenipun. Kanthi raos bungah para warga sami mendhet perangan gunungan ingkang dipunpitados saged paring berkah tumrap warga ingkang pikantuk. Sanesipun gunungan, para warga ugi ngrebataken toya Sendhang Kawidodaren ingkang dipunpitados saged paring kasarasan saha kaginakaken kangge obat nalika gerah.

#### e. Pagelaran seni Jathilan

Rerangkening prosesi upacara Jamasan Pusaka ingkang dipunlampahi dening warga masarakat Dhusun Keceme menika katutup kanthi pagelaran seni jathilan saking paguyuban Rampak Galuh Jati. Pagelaran jathilan menika kalaksanan wonten ing dinten Slasa surya kaping 5 wulan November 2013 tabuh 11.20 WIB. Adicara pagelaran seni jathilan minangka salah satunggaling adicara ingkang dipuntengga dening warga masarakat. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 03.

“sak uwise jamasan kuwi dianani pentas seni jathilan, tujuane ya nggo nglipur para pengunjung.” (CLW 03.)

Pagelaran seni jathilan saking paguyuban Rampak Galuh Jati menika dipunpentasaken kalih babak. Babak ingkang sepisan menika mentasaken

sendratari kanthi cariyos para prajurit ingkang nglawan angkaramurka ingkang dipunwujudaken para buta. Para buta ingkang minangka raseksa ingkang gadhah tumindak awon menika saged dipunatoraken dening para prajurit ingkang gadhah tumindak becik. Wonten ing babak kaping kalih dipungiyaraken tari rampak buta, ingkang dipunpungkasi kanthi sedaya butanipun sami kesurupan. Pagelaran seni jathilan saged katingal kados wonten ing gambar ngandhap menika.



Gbr. 21: Pagelaran Seni Jathilan (dok. Novan 2013)

Pagelaran seni jathilan kalampahan kalih babak. Wonten ing tengahing pagelaran, dipunwonteni adicara paring atur pambagyaharja saking bapak Drs.H.Sutedjo. Bapak Sutedjo ngaturaken bilih adicara jamasan pusaka minangka salah satunggaling wujud kabudayan ingkang wonten ing Kabupaten Kulon Progo ingkang kedah dipunuri-uri lan minangka aset wisata ingkang saged ningkataken ekonomi warga masarakat. Sasampunipun paring atur pambagyaharja, Bapak Sutedjo pamit dhateng sedaya warga amargi badhe ngrawuhi adicara sanes. Swasana atur pambagyaharja saking Bapak Drs. H. Sutedjo kados wonten ing gambar ngandhap menika.



Gbr. 22: Pambagyaharja saking Bapak Sutedjo (Dok. Novan 2013)

Pagelaran seni jathilan wonten ing pengetan 1Sura wonten ing Dhusun Keceme saged ngregengaken swasana papan wisata Puncak Suroloyo. Kanthi ningali pagelaran seni jathilan saged nglipur manahipun para pengunjung. Kebaking papan pagelaran seni jathilan nedahaken bilih warga masarakat taksih kathah ingkang remen kaliyan kesenian tradhisional.

#### **D. Makna Simbolik**

##### **1. Makna Simbolik Ubarampe Kenduri**

###### **a. Sekul saha Lawuhipun**

###### **1) Sekul Wuduk**

Tembung sekul wuduk miturut Poerwadarminta wonten ing Baoesastra Djawa (1939:666) gadhah teges “sega gurih (disanteni)”. Sekul wuduk menika dipundamel saking beras ingkang dipunmasak kanthi dipunsukani santen. Bumbu-bumbu ingkang dipunginakaken kangg damel sekul wuduk inggih menika salam, tumber, bambet, lan sarem.

Sekul wuduk menika mujudaken salah satunggaling sesaji ingkang kalebet sesaji kenduri. Sekul wuduk menika mralambangaken raos pakurmatan

dhumateng Kanjeng Nabi Muhammad SAW ingkang lenggah wonten ing kutha Mekkah lan Madinah, sagarwa putranipun lan para sahabat nabi. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Sekul wuduk kuwi kanggo ngormati Kanjeng Nabi Muhammad SAW lan para sahabate sing mapan ana Mekah lan Medinah.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pamanggih informan 04.

“Sekul gurih utawi sekul wuduk menika kangge malambangaken pakormatan dhumateng para rasul lan para leluhur”.(CLW 04)

Andharan ing nginggil jumbuh kaliyan pamanggihipun Sunjata (1996/1997: 37) bilih sekul wuduk menika wujudipun sekul pethak ingkang dipunmasak kanthi migunakaken santen lan migunakaken bumbu ingkang boten pedhes, sesampunipun dipunmasak raosipun gurih saengga dipunsebat kanthi sekul gurih. Sekul gurih menika mralambangaken minangka sesembahan saking warga masarakat tumrap para leluhur ingkang sampun sumare.

Saking pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih sekul gurih ingkang sinebat sekul wuduk menika mujudaken salah satunggaling sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri. Sekul wuduk menika mralambangaken sesembahan saking warga masarakat lan minangka sarana kangge ngormati para leluhur ingkang sampun sumare.

## **2) Inkung**

Tembung inkung miturut Poerwadarminta wonten ing Baoesastra Djawa (1939:172) gadhah teges “pitik diolah wutuhan ditaleni gulu lan sikile”. Inkung menika dipundamel saking ayam kampung wetah ingkang dipuntaleni gulu lan cekeripun ingkang dipunmasak kanthi cara dipungodhog. Anggenipun damel inkung menika migunakaken bumbu-bumbu kadosta sarem, brambet, bawang,

tambar, mrica, salam, kunir, miri, gendis jawi, laos, sere, lan santen klapa. Inkung menika mujudaken salah satunggaling sesaji ingkang kalebet woten ingsajen kenduri. Wujud ingkung menika kados tiyang ingkang nembe sujud ingkang mralambangaken tiyang ingkang manekung, ingkang saged dipunandharaken bilih menungsa menika kedhah nyenyuwun lan pasrah namung kaliyan Gusti Allah. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Inkung kuwi wujud lak kaya wong kang lagi sujud, kuwi mralambangake manungsakuwi kudu nyembah lan nyenyuwun marang Gusti Allah.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan pratelan informan 04.

“ingkung menika mralambangake wahyu suci al Quran, nderek sarekat kanjeng nabi Muhammad” (CLW 04)

Andharan wonten ing nginggil jumbuh kaliyan pamanggihipun Sunjata (1996/1997: 37) bilih ingkung menika kadamel saking ayam ingkang dipunmasak kanthi wetah, dipunsukani bumbu ingkang boten pedhes lan santen. Inkung menika mralambangaken manungsa ingkang taksih suci ugi mujudaken manungsa ingkang pasrah dhumateng Gusti Allah Kang Maha Kuasa.

Saking pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih ingkung minangka sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing upacara jamasan pusaka, mliginipun dipunginakaken wonten ing kenduri menika kadamel saking sawung wetah ingkang dipuntaleni ceker saha ndasipun. Inkung menika mralambangaken bilih manungsa gesang menika kedah manekung utawi pasrah lan nyenyuwun namung kaliyan Gusti Allah.

### 3) Ambeng

Tembung ambeng miturut Poerwadarminta wonten ing Baoesastra Djawa (1939:8) ateges “sega sarampadane lsp. Kang dikepung nalikane selamatan”. Ambeng menika mujudaken salah satunggaling sesaji Suran ingkang kalebet wonten ing sesaji kenduri. Ambeng menika wujudipun sekul pethak ingkang dipunwadhahi wonten ing salebeting wadhah umpaminipun piring utawi besek. Ambeng menika mujudaken raos pakurmatan dhumateng leluhur saking tiyang sepuhipun. Ambeng wonten ing kenduri kaginakaken minangka pralambang pakurmatan dhumateng para leluhuripun ingkang sampun sumare kangge nggambaraken hawa luamah manungsa, toya ingkang kaginakaken kangge nyuceni, lan papan ingkang kaginakaken kangge makamaken. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Ambeng mralambangake pakurmatan marang leluhur, umpamane mbah-mbahmu biyen.” (CLW 01)

Saking pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih ambeng menika minangka sesaji ingkang awujud sekul pethak. Ambeng menika mralambangaken bilih tiyang gesang menika kedah ngormati para leluhuripun ingkang sampun sumare.

### 4) Sekul golong

Tembung sekul golong miturut Poerwadarminta wonten ing salebeting Baoesastra Djawa (1939:159) “ngumpul dadi siji”. Sekul golong menika dipundamel saking beras ingkang dipunliwet. Sekul golong menika kalebet wonten ing sesaji kenduri. Sekul golong gilig ingkang dipunkepeli dados 14 ini menika kadadosan saking pitung pasang, inggih menika pralambang , panciptani

ng manungsa saking Nabi Adam AS lan Siti Hawa, manungsa, bumi, angin, geni, toya, papan ingkang kedah dipunurmati. Sekul golong ingkang sinebat golong panggung menika mralambangaken bilih manungsa menika kedah ngurmati Kanjeng Nabi Adam AS sagarwa putra. Sekul golong menika ugi mralambangaken raos pasrah manungsa amargi manungsa wonten ing donya menika boten saged uwal saking kalepatan lan manungsa menika namung saged nyuwun pangapura namung dhumateng Gusti ingkang Maha Kuasa lan nyuwun lubering kanugrahan Saking Gusti Allah. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Sego golong kuwi inti sarine kanggo ngurmati Nabi Adam AS sak kluwarga, uga mralambangake anggone nyuwun pangapura marang Gusti Allah awit manungsa kuwi nang donya kuwi akeh sithik mesthi duwe kaluputan.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pamanggih informan 04.

“Golong panggung kanggo ngurmati nabi Adam ing Mekah lan Medinah sak garwa putra”(CLW 04)

Saking pamanggih wonten ing saged dipunpendhet dudutan bilih sekul golong ingkang kaginakaken wonten ing kenduri menika mralambangaken raos pakurmatan dhumateng kanjeng Nabi Adam AS lan para rasul sanesipun. Sekul golong ugi mralambangaken bilih tiyang gesang wonten ing alam donya menika boten wonten ingkang uwal saking kalepatan sanajan namung alit, saengga kedah tansah nyuwun pangapura dhumateng Gusti Allah.

## 5) Pentho

Pentho menika dipundamel saking pathi kanji utawi migunakaken parudan pohung ingkang dipunbentuk bunder alit ingkang dipunmasak kanthi cara

dipungoreng. Bumbu-bumbu ingkang dipunginakaken kangge damel pentho inggih menika sarem lan bawang. Pentho menika mujudaken sesaji ingkang kalebet wonten ing sesaji kenduri ingkang mralambangaken antebing tekad saking sedaya warga anggenipun ngawontenaken slametan. Pralambang menika katingal saking wujudipun pentho ingkang bunder lan dipunglintiri alit-alit. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Pentho kuwi mralambangake antepe tekad anggone gawe slametan.”  
(CLW 01)

Andharan kasebat dipunsengkuyung pamanggih informan 04.

“Pentho menika mujudaken raos golong giligipun tiyang ingkang damel wilujengan.” (CLW 04)

Saking andharan pamanggih wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih pentho menika minangka pralambang saking tekad utawi niat saking tiyang ingkang ngawontenaken slametan. Kanthi ngawontenaken slametan wonten ing prosesi upacara jamasan pusaka, dipunkajengaken supados dipunparingi kaslamatan, kasarsan mliginipun tumrap warga masarakat Keceme wonten ing taun ingkang badhe kalampahan.

## **6) Serundeng**

Miturut Poerwadharminta wonten ing Baoesastra Djawa (1939:583) tembung serundeng ateges “gorengan parudan krambil”. Sruendeng menika dipundamel saking parutan klapa ingkang dipungoreng. Anggenipun damel serundeng menika migunakaken bumbu-bumbu kadosta sarem, brambet, bawang, tumar, lan gendhis Jawi. Serundeng menika gadhahi raos gurih lan mujudaken

salah satunggaling tetedhan ingkang kaginaken minangka lawuh lan dipunremeni dening warga masarakat wonten ing padesan.

Serundeng menika mujudaken sesaji ingkang kalebet wonten ing sesaji kenduri. Serundeng mralambangaken raos syukur saking warga masarakat dhumateng Gustinipun ingkang sampun nglintokaken kanugrahan, kabagaswarasan, lan lancaring rejeki tumrap sedaya warga. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Serundeng kuwi pralambang manungsa kuwi tansah duwe rasa syukur marang rejeki saka Gusti Allah, sethitik apa okeh, tetep kudu disyukuri.” (CLW 01)

Saking pamanggih wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih serundeng ingkang kaginakaken wonten ing kenduri menika mralambangaken bilih tiyang gesang wonten ing alam donya menika kedah gadhah raos syukur dhumateng Gusti Kang maha Kuasa ingkang sampun paring kabagaswarasan, karejeken, kanugrahan. Kathah menapa sekedhik rejeki ingkang dipunpikantuk menika kedah dipunsyukuri kanthi cara ningkataken ibadahipun.

## 7) Gorengan

Tembung gorengan miturut Poerwadarminta wonten ing Baoesastra Djawa (1939:161) igggih menika “apa-apa sing digoreng”. Goreng-gorengan minangka salah satunggaling sesaji ingkang kalebet wonten sesaji kenduri. Gorengan menika wujudipun tahu goreng, tempe goreng, lan krupuk. Gorengan menika mralambangaken *kesederhanaan* saking warga masarakat. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Gorengan kuwi mujudake rasa kesederhanaan, lha wong ndeso kuwi mangan cukup nganggo lawuh tempe, tahu, nganggo sambel.” (CLW 01)

Saking pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih gorengan ingkang kaginakaken wonten ing kenduri menika mralambangaken raos *kesederhanaan* saking warga masarakat ingkang saged nampi kawontenan kanthi ikhlas lan legowo. Gorengan minangka tetedhan ingkang kadamel saking tempe lan tahu menika mujudaken tetedhan ingkang reginipun mirah lan dipunremeni dening warga masarakat.

### **8) Jangan**

Jangan minangka salah satunggaling sesaji suran ingkang kalebet wonten ing sesaji kenduri. Jangan menika wujudipun jangan kering, ingkang dipundamel saking tempe, tahu, kenthang utawi saking mi. Jangan wonten ing kenduri menika minangka pralambang manunggaling kawula alit. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggih informan 01.

“Jangan kuwi intisarine mralambangake kumpule wong cilik.”(CLW 01)

Saking pamanggih wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih jangan minangka sesaji wonten ing kenduri menika mralambangaken manunggaling kawula alit mliginipun warga Dhusun Keceme. Kekiyatan saking warga Keceme inggih menika saking manunggaling sedaya warga masarakat ingkang katingal saking raos kerukunan lan gotong royongipun.

### **b. Jenang**

Tembung jenang miturut Poerwadharminta wonten ing Baoesastra Djawa (1939:88) ateges “bubur, jenenge warna-warna sarta akeh sik dienggo slametan”.Jenang manika kadamel saking tepung beras ingkang dipunmasak migunakaken santen. Jenang menika minangka salah satunggaling sesaji ingkang

dipunginaken wonten ing kenduri. Wujud jenang ingkang wonten sekawan warna inggih menika jenang abrit, jenang pethak, jenang baro-baro, lan jenang pliringan. Saben wujud jenang menika gadhah pralambang ingkang benten-benten. Makna simbolik saking jenang ingkang kaginakaken wonten ing prosesi kenduri Jamasan Pusaka kababar kados wonten ing ngandhap menika.

### 1) Jenang Pethak

Jenang putih menika kadamel saking glepung beras ingkang dipunmasak migunakaken santen saha migunakaken bumbu sarem. Jenang putih menika minangka pralambang pakurmatan dhumateng bapakipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Jenang putih kuwi inti sarine nggambarake wiji saka bapak, dadi manungsa kuwi kudu ngormati marang bapakne.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung pamanggih informan 04.

“Jenang putih menika mralambangaken bapak tiyang sekaliyan.” (CLW 04)

Saking andharan pamanggih wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih jenng pethak minangka sesaji igkang kaginakaken wonten ing kenduri menika mralambangaken wiji saking bapak. Saengga dados putra menika kedah ngormati dhumateng bapakipun ingkang sampun makarya kangge nyekapi kabtahan kluwarganipun.

### 2) Jenang Abrit

Jenang abrit menika anggenipun damel sami kaliyan damel jenang pethak, ananging anggenipundamel menika dipuntambah gendhis Jawi. Jenang abang

menika minangka pralambang raos pakurmatan saking putra dhumateng ibunipun.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Jenang abang kuwi inti sarine mujudake wiji seko ibu. Dadine anak kuwi kudu ngormati ibune aja ngasi mbantah apa maneh wani karo ibune.”(CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung pamanggih informan 04.

“Jenang abang menika mralambangaken ibu tiyang sekaliyan.”(CLW 04)

Saking pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih jenang abrit menika minangka sesaji ingkang mralambangaken wiji saking ibu. Tiyang gesang menika kedah ngormati ibunipun ingkang ngurbanaken jiwa lan raganipun kangge para putranipun.

Jenang abrit lan pethak menika mralambangaken panciptaning manungsa ingkang saking manunggaling toya pagesangan saking tiyang sepuhipun. Dados putra menika kedah ngormati tiyang sepuhipun.

### **3) Jenang Baro-baro**

Tembung baro-baro miturut Poerwadharmintha wonten ing Baoesastra Djawa (1939:32) ateges “jenang putih ditengahi jenang abang sarta dicampuri gula krambil”. Jenang baro-baro menika wujudipun wonten ing satunggal wadhah menika dipunisi sepalih jenang pethak lan sepalih jenang abrit. Jenang baro-baro mralambangaken panciptaning manungsa saking manunggaling wiji sakingibu lan wiji saking bapak. Jenang menika ugi minangka pralambang bilih manungsa gesang wonten ing donya menika kedah gadhah tujuan ingkang dipunupaya kanthi tata cara ingkang boten nerak tuntunan agama supados saged tentrem manahipun. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Jenang baro-baro mralambangake katentreman tumrap kabeh warga. Nang endi wae parane, muga bisa oleh katentreman anggone urip, gampang anggone golek rejeki, terus apa sik dikarepake bisa kalaksanan, nanging ya kudu tansah dibarengi usaha lan ibadah sing temen.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung pamanggih informan 04.

“Baro-baro munggil pretapan sanes panggenan ingkang mencar dumugi pesisir kidul ndadosna ayom ayem.” (CLW 04)

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih jenang baro-baro ingkang kaginakaken minangka sesaji wonten ing kenduri menika mralambangaken panciptaning manungsa saking manunggaling wiji saking bapak lan ibu lan katentreman manahipun tiyang gesang menika saged dipunpikantuk nalika gadhah satunggaling cita-cita ingkang kalaksanan kanthi dipunupayakaken kanthi saestu. Ananging, anggenipun ngupayakaken cita-citanipun menika kedah dipunsarengi kaliyan ibadah lan ndedonya nyeyuwun dhumateng Gusti Allah ampun ngantos nerak wewalaring agama.

#### **4) Jenang Pliringan**

Jenang ingkang kaginakaken wonten ing kenduri ingkang pungkasan inggih menika jenang pliringan. Jenang pliringan menika wujudipun jenang pethak ing nalika taksih benter dipunsukani cuilan gendhis Jawi kanthi cacah tiga utawi sekawan. Jenang pliringan menika mralambangaken pakurmatan dhumateng kakang kawah lan adhi ari-ari piyambakipun. Miturut Hadiatmaja (2010:75) tiyang Jawi pitados bilih badan alus menika kalebet *elemen-elemen* saking dsat-dsat ingkang wonten nalika bayi dipunlairaken, ingkang dipunsebat ari-ari (tembuni), *air ketuban*, lan sanes-sanesipun. Wonten ing budaya Jawi

dipunanggep minangka sederekipun bayi, saengga dipunsebat “kakang kawah, adhi ari-ari”. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Jenang pliringan kuwi intisarine mujudake kakang kawah adi ari-ari.” (CLW 01)

Andharan kesebat dipunsengkuyung pamanggih informan 04.

“Jenang pliringan kangge mengeti kakang kawah adhi wingking.” (CLW 04)

Saking andharan pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih jenang pliringan menika mralambangaken pakurmatan dhumateng kakang kawah adhi ari-ari. Kanthi migunakaken jenang pliringan minangka sarana nyuwun kaslametan supados boten dipunganggu dening badan alus ingkang wonten ing sakiwa tengenipun.

### **c. Jajan Pasar saha Larakan**

#### **1) Jajan Pasar**

Jajan pasar minangka salah satunggaling sesaji ingkang kalebet wonten ing sesaji kenduri. Jajan pasar menika wujudipun jajanan ingkang dipunpundhut wonten ing peken. Jajanan pasar menika mralambangaken kamakmuraning warga masarakat. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Jajan pasar kuwi intisarine ngambarake kemakmurane warga masarakat khususse warga Keceme. Pasar kuwi lak mujudake salah siji pusat ekonomi warga masarkat.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung pamanggihipun Sunjata (1996/1997: 38) bilih jajan pasar inggih menika sesaji ingkang arupi maneka warna tetedhan ingkang dipunpundhut saking peken. Jajan Pasar menika mralambangaken supados sedaya warga masarakat saged pikantuk berkah saking Gusti Kang Maha

Agung. Sumarsih (1989/1990:116) ugi ngandharaken bilih jajan pasar menika dipunkajengaken supados para kawula alit saged pikantuk kesuksesan.

Saking pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih jajan pasae menika minangka sesaji ingkang awujud tetedhan ingkang dipunpundhut saking peken. Jajan Pasar menika mralambangaken kamakmuran saking warga masarakat lan ugi sarana ingkang dipunginakaken kangge yuwun lancaring rejeki dhumateng Gustinipun.

## 2) Larakan

Tembung larakan miturut Poerwadharminta wonten ing Baoesastra Djawa (1939:262) gadhah teges “sing kangsrah ing lemah”. Larakan menika mujudaken salah satunggaling sesaji Suran ingkang kalebet wonten ing sesaji Kenduri. Larakan mujudaken tetedhan ingkang kadamel saking pala kependhem menika dipunolah kanthi cara dipungodhog. Larakan mralambangaken pamedalipun warga masarakat ingkang saperangan ageng gadhah padamelan dados tani. Asiling tetanen menika mujudaken kamakmuraning warga masarakat ingkang saged nyekapi kabetahanipun kanthi migunakaken asiling tetaneman. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan informan 01.

“Larakan kuwi intisarine mujudake pametune wong tani.” (CLW 01)

Andharan kasebat dipunsengkuyung pamanggih informan 04.

“Larakan menika mujudaken kasuburaning lemah ingkang saged katingal saking asilipun kayata jendal, kimpul, uwi, tela pendhem, lan sapanunggalane.”(CLW 04)

Saking pamanggih ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih larakan ingkang minangka sesaji kenduri menika awujud asiling taneman pala kependhem

kadosta pohung, kimpul, telo pendhem, uwi, kacang brol, lan sanes-sanesipun. Larakan menika mralambangaken kemakmuran warga masarakat Keceme ingkang asil buminipun sae.

## **2. Makna Simbolik Ubarampe Jamasan Pusaka**

### **a. Pusaka**

Pusaka ingkang kaginakaken wonten ing prosesi jamasan pusaka inggih menika Tumbak Kyai Manggala Murti lan Songsong Kyai Makutha Dewa. Pusaka kekalih menika minangka paringan saking Kanjeng Sultan HB IX lumantan Ki Juru Permana. Pusaka kekalih kasebat gadhah simbol tertamtu, kados pratelan saking informan 01.

“Tumbak kui lak rupane lancip, kuwi mralambangake pikiran manungsa kuwi kudu lantip. Terus nek songsong kui ya go ngayomi.”(CLW 01)

Andharan kasebat dipunsengkuyung pratelan informan 02.

“Tumbak minangka lambang kekuatan utawi kekiyatan warga masyarakat menawi songsong saged ngayomi warga masyarakat ing ngriki.” (CLW 02)

Saking andharan ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih tumbak Kyai Makutha Dewa menika mralambangaken kekiyatan saking warga masarakat Keceme. Kekiyatan menika boten namung saking kekiyatan fisik ananging ugi saking batin lan pikiranipun. Songsong Kyai Makutha Dewa ingkang arupi payung menika mralambangaken pengayom tumrap sedaya warga Keceme. Ayom-ayemipun warga menika saged katingal saking hubungan sosial atawisipun sedaya warga masarakat ingkang sae.

## **b. Gunungan**

Tembung gunungan miturut Poerwadarminta wonten ing salebeting Baoesastra Djawa (1939: 156) gadhah teges “tetironing gunung”. Miturut Soelarto (1993: 57) gunungan minangka salah satunggaling sesaji ingkang kaginakaken wonten selamatan nagari saben garebeg lan selikuran. Gunungan miangka ubarampe wonten ing salebeting prosesi jamasan pusaka ingkang dipunkirabaken dening warga masarakat Dhusun Keceme. Gunungan ingkang dipunginakaken wonten ing kirab menika arupi wulu pamedalipun warga masarakat Keceme ingkang saperangan makarya dados tani. Gunungan menika mralambangaken raos syukur warga Keceme awit saking kathahipun asil saking tetanen wonten ing taun saderengipun ingkang dipunwujudaken wonten ing salebeting gunungan. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun informan 01.

”Gunungan kuwi inti sarine minangka rasa syukur wong Ceme, sik diwujudke migunakake hasil tetanen seko wong Ceme.”(CLW 01)

Saking pamanggih wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih gunungan minangka wujud raos syukur warga Dhusun Keceme. Gunungan kadamel saking asiling tetanen lan sayuran ingkang mralambangaken raos syukur awit saking asiling tetanen warga Keceme ingkang sae.

## **c. Sekar Setaman**

Sekar setaman menika wujudipun inggih menika sekar mawar, mlathi lan kenanga. Wonten ing prosesi jamasan pusaka menika sekar setaman kaginakaken wonten ing prosesi jamasan kanthi dipunlebetaken wonten ing toya sendhang Kawidodaren. Sekar setaman minangka ubarampe ingkang kaginakaken wonten ing prosesi jamasan pusaka menika mralambangaken sipat suci lan sedaya ingkang

dipunlampahi dening manungsa menika minangka raos pakurmatan dhumateng para leluhur ingkang sampun sumare. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelan ingforman 01.

“Kembang telon kuwi mujudaken sipat suci. Mawar kae lak ana sik abang sik putih, nek abang kae lak nglambangke wani to, terus nek putih kuwi nglambangake suci. Nek kembang ya kembang mlathi, kanthil, kenanga, mawar kuwi ambune wangi, kuwi ya nglambangaken sucining ati manungsa.” (CLW 01)

Saking andharan wonten ing ngingil saged dipunpendhet dudutan bilih sekar setaman menika mralambangaken manah ingkang suci. Sekar setaman menika ugi mralambangaken sarana kangge ngormati para leluhur ingkang sampun sumare.

#### **E. Paedah saking Upacara Jamasan Pusaka**

Upacara jamasan Pusaka wonten ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo taksih dipunleksanani dening warga masarakat panyengkuyungipun. Masarakat panyengkuyung mliginipun warga Keceme wonten ing pengetan 1 Sura menika taksih nguri-uri adat ingkang sampun kalaksanan kanthi turun-temurun minangka tilaran saking para leluhur. Upacara jamasan pusake menika taksih dipunlampahi ngantos wekdal samenika, awit saking kathahipun paedah-paedah trumrap pagesangan masarakat panyengkuyungipun. Saking lampahing reroncening upacara Jamasan Pusaka wonten ing Dhusun Keceme menika gadhahi paedah-paedah ingkang sae tumrapping warga masarakat. Paedah-paedah ingkang wonten ing upacara kasebat inggih menika paedah spiritual, paedah sosial, paedah ekonomi, paedah pariwisata lan paedah pelestari tradhisi. Saking panaliten ingkang sampun kalampahan,

saengga paedah saking Upacara Jamasan Pusaka menika saged kaandharaken kados wonten ing ngandhap menika.

### **1. Paedah Spiritual**

Paedah spiritual mujudaken paedah ingkang gadhah gegayutan kaliyan kapitadosan warga masarakat dhumateng perkawis-perkawis ingkang ghaib. Paedah spiritual ingkang wonten ing lampahing Upacara Jamasan Pusaka ing Pengetan 1 Sura menika gadhah sesambetan kaliyan manungsa ingkang tansah nyembah lan nyenyuwun dhumateng Gusti ingkang Maha Agung kanthi lumantar para leluhur ingkang sampun sumare. Wonten ing upacara Jamasan Pusaka ingkang dipunlampahi dening warga masarakat Dhusun Keceme paedah spiritual katingal saking lampahing prosesi kenduri lan tirakat ingkang dipunlampahi kanthi ndedonga migunakaken tata cara agama islam. Andharan menika jumbuh kaliyan catatan lapangan 07.

“Wonten ing kenduri menika dipunwaosaken donga slamet lan donga tahlil ingkang gadhah ancas minangka penyuwunan saking warga Dhusun Keceme tumrap wekdal ingkang badhe kalampahan supados piningan kaslamatan lan karaharjan. Wonten ing kenduri menika dipunwaosaken donga ingkang wosipun nyuwun kaslametan.” (CLO 07)

Paedah spiritual menika katingal nalika dipunwonteni kenduri lan tirakat. Wonten ing prosesi kenduri menika dipunwaosaken donga nyuwun kaslametan, nyuwun lancaring rejeki dhumateng Gusti Allah. Masarakat ugi gadhah kapitadosan bilih upacara jamasan pusaka menika saged paring berkah dhumateng warga masarakat panyengkuyungipun, saengga nalika sasampunipun prosesi jamasan pusaka kalampahan ubarampe ingkang awujud gunung menika dipunrebataken dening masarakat, toya sendhang Kawidodaren ingkang

kaginakaken minangka papan kangge jamasan ugi dipunrebataken dening masarakat.

## **2. Paedah Sosial**

Paedah sosial mujudaken paedah ingkang wonten gayutipun antawisipun warga masarakat setunggal kaliyan warga sanesipun. Wonten ing upacara Jamasan Pusaka wonten ing pengetan 1 Sura menika mujudaken raos kerukunan, raket ing raos pasederekan, lan gotong royong ing antawisipun warga masarakat Dhusun Keceme. Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan catatan observasi lapangan 03.

“Reresik wonten ing Sendhang Kawidodaren menika dipunleksanani ing dinten Minggu Legi, surya kaping 3 wulan November 2013. Reresik menika dipunleksanani dening warga Dhusun Keceme ingkang dipundhapuk ngresiki papan Sendhang Kawidodaren kadosta Bapak Jiman, Bapak Sutaryanto, Bapak Kismodiyono lan sanes-sanesipun.” (CLO 03)

Raos sosial wonten ing lampahing upacara Jamasan Pusaka ing Dhusun Keceme menika katingal kanthi wontenipun kerja bakti ingkang dipunlampahi dening warga masarakat. Kawontenan menika mratandhani bilih raos gotong-royong, pasedherekan, lan kerukunan antawisipun sedaya warga Dhusun Keceme taksih sae, tanpa mbeda-bedakaken kawontenan ekonomi lan sosial ingkang wonten ing sajroning pagesangan warga Dhusun Keceme.

## **3. Paedah Ekonomi**

Paedah ekonomi mujudaken paedah ingkang wonten gayutipun kaliyan pamedaling warga masarakat, mliginipun masarakat Dhusun Keceme. Upacara Jamasan Pusaka ingkang dipunleksanani wonten ing Dhusun Keceme menika paring sumbang sih ingkang sae tumrap pamedaling warga masarakat Keceme.

Wonten ing Upacara Jamasan Pusaka ing Dhusun Keceme ingkang dipunlampahi saben taunipun menika kathah warga ingkang sesadean ing kompleks papan wisata Puncak Suroloyo. Warga ingkang sesadean wonten ing kompleks papan wisata Puncak Suroloyo ing Dhusun Keceme nalika pengetan 1 Sura menika boten namung warga Kecme ananging kathah ingkang saking sajawining Dhusun Keceme. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggih informan 03.

“Nalika 1 Sura, kawasan Suroloyo kuwi dadi rame, neng kono masarakate akeh sik dodolan, dadine ekonomi masarakat isa kaangkat sanajan mung sithik.” (CLW 03)

Andharan menika dipunsengkuyung saking pratelan ingforman 02.

“Otomatis saben setunggal Suro lan mbok menawi boten namung setunggal Suro menika kathah menawi daya pikat para pengunjung. Supados kathah pengunjung kanthi menika warga ngriki saged gesang kanthi sadayan menapa kemawon ingkang dados karemanipun.” (CLW 02)

Wujud bebakulan ingkang dipunsade inggih menika tetedhan, omben-omben, dolanan, lan sanes-sanesipun. Kanthi cara sesadean menika saged ningkataken pamedalan ingkang dipunpikantuk dening warga masarakat, saengga ekonomining warga masarakat mliginipun ingkang sesadean ing papan wisata Dhusun Keceme menika saged mindhak.

#### **4. Paedah Pariwisata**

Paedah pariwisata mujudaken paedah ingkang wonten gayutipun kaliyan pariwisata. Upacara Jamasan Pusaka minangka salah satunggaling aset wisata budaya ingkang wonten ing Kabupaten Kulon Progo. Prosesi jamasn pusaka ingkang dipunlampahi wonten ing kompleks papan wisata Puncak Suroloyo saged narik kawigatosan saking warga masarakat lan wisatawan lokal saha wisatawan ngamanca. Cacahing wisatawan ingkang wonten ing Suoloyo ing pengetan warsa

enggal 1 Suro menika saged mindhak ageng ngantos ewon. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggih ingforman 03.

“Suroloyo minangka papan wisata bisa narik kawigatene wisatawan, apa meneh dianani upacara jamasan kuwi bisa dadi aset budaya kanggo narik wisatawan lokal lan wisatawan saka negara ngamanca kana.” (CLW 03)

Mindhaking wisatawan ingkang mlebet wonten ing papan wisata Puncak Suroloyo menika saged minangka sarana kangge ningkataken pamedaling warga masarakat ingkang gadhah pedamelan dados dagang. Saking kathahing wisatawan menika saged ningkataken ekonomi, saking kathahing warga ingkang dados dagang, ugi saking karcis mlebet kompleks Suroloyo ingkang reginipun mindhak lan karcis saking parkir.

## **5. Paedah Pelestari Tradhisi**

Upacara Jamasan Pusaka ingkang dipunlampahi wonten ing Pengetan 1 Sura ing Dhusun keceme menika nggadhahi paedah minangka sarana kangge nglestantunaken tradhisi. Paedah menika gayut kaliyan upaya kangge njagi lestantunipun tradhisi ingkang sampun lumampah kanthi turun-temurun wonten ing Dhusun Keceme. Upacara jamasan pusaka minangka warisan saking leluwur menika dipunlestantunaken dening warga masarakat kanthi dipunlampahi saben taun. Andharan menika jumbuh kaliyan pamanggih informan 01.

“Mula tradhisine kene ya kuwi, njuk aliase seka kersane rama Juru yo go tradhisi. Jamasan kuwi mlebeu tradhisi, Jamasan.”(CLW 01)

Wonten ing upacara jamasan pusaka ingkang dipunlampahi wonten ing Dhusun Keceme menika minangka salah satunggaling wujud tradhisi masarakat ingkang taksih dipunuri-uri dening masarakat panyengkuyungipun. Upacara jamasan pusaka minangka tradhisi ingkang taksih dipunuri-uri katingal saking

kathahupun cacah wisatawan wonten ing kompleks papan wisata Puncak Suroloyo. Lampahing upacara jamasan pusaka menika ugi minangka sarana ingkang kaginakaken kangge nglestantunaken kesenian tradhisional kanthi cara dipunwonteni pagelaran seni tradhisional kadosta jathilan.

## **BAB V**

### **PANUTUP**

#### **A. Dudutan**

Panaliten Upacara Jamasan Pusaka wonten ing Pengetan 1 Sura menika kalampahan wonten ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo. Panaliten menika gadhah ancas supados saged ngandharaken babagan asal-usul, prosesi, sesaji, makna simbolik, lan paedah saking upacara Jamasan Pusaka wonten ing Pengetan 1 Sura ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo.

Kangge ngandharaken ancasing panaliten, panaliti migunakaken metode panaliten *kualitatif* supados saged langkung natural anggenipun nglampahi panaliten saengga saged mundhut dhata langkung valid. Panaliti nindakaken panaliten kanthi cara *pengamatan berperan serta* sarta *wawancara mendalam* saengga saged pikantuk informasi lan dokumentasi kanthi sae. Anggenipun nganalisis data kanthi migunakaken analisis *induktif*. Cara ngesahakaen data kalampahan kanthi migunakaken cara *triangulasi*, saengga data-data ingkang dipunandharaken wonten ing salebeting pirembagan awujud data ingkang sampun *valid* saking *pengamatan berperan serta* saha wawanpirembagan kaliyan informan.

Asal-usul upacara Jamasan Pusaka ing pengetan 1 Sura wonten ing Dhusun Keceme dipunleksanani minangka parentah saking Kanjeng Sri Sultan HB IX lumantar Ki Juru Permana. Upacara menika kalampahan minangka

pengetan dinten 1 Sura ingkang dipunlampahi dening warga masarakat Dhusun Keceme.

Upacara Jamasan Pusaka wonten ing Dhusun Keceme kalamapahan wiwit saderengipun 1 Sura kanthi acara kenduri lan tirakatan wonten ing malem 1 Sura ing dalemipun Dhukuh Keceme. Reroncening adicara jamasan Pusaka kalajengaken wonten ing tanggal 1 Sura kanthi dipunlampahi kirab pusaka lan gunungan saking dalemipun dhukuh Keceme kanthi jalur mubeng margi ing Dhusun Keceme ngantos dumugi Sendhang Kawidodaren. wonten ing Sendhang Kawidodaren dipunlampahi Jamasan Pusaka Kyai Manggala Murti lan dipunlajengaken adicara rebut gunungan. Reroncening adicara jamasan pusaka wonten ing pengetan 1 Sura dipunpungkasi kanthi adicara pagelaran seni Jathilan saking paguyuban Rampak Galuh Jati.

Lampahing prosesi Upacara Jamasan pusaka ingkang dipunlampahi ngwonten ing Dhusun Keceme migunaken maneka warna ubarampe sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing prosesi kenduri lan jamasan pusaka. Ubarampe ingkang dipunginakaken wonten kenduri kadosta ingkung, sekul wuduk, sekul golong, pentho, serundheng, jenang lan sanes-sanesipun. Makna simbolik saking ubarampe ingkang kaginakaken wonten ing pengetan 1 Suro wonten ing dhusun Keceme kababar kados wonen ing ngandhap menika.

#### 1. Sekul saha lawuhipun

##### a. Sekul wuduk

Sekul wuduk menika mralambangaken sesembahan saking warga masarakat lan minangka sarana kangge ngormati para leluhur ingkang sampun sumare.

b. Inkung

Inkung menika mralambangaken bilih tiyang gesang menika kedah manekung utawi pasrah lan nyenyuwun namung kaliyan Gusti Allah.

c. Sekul wuduk

Sekul wuduk menika mralambangaken sesembahan saking warga masarakat lan minangka sarana kangge ngormati para leluhur ingkang sampun sumare.

d. Ambeng

Ambeng menika mralambangaken bilih tiyang gesang menika kedah ngormati para leluhuripun ingkang sampun sumare.

e. Sekul golong

Sekul golong menikamralambangaken raos paurmatan dhumateng para rasul lan ugi pralambang bilih tiyang gesang wonten ing alam donya menika boten wonten ingkang uwal saking kalepatan sanajan namung alit, saengga kedah tansah nyuwun pangapura dhumateng Gusti Allah.

f. Pentho

Pentho menika minangka pralambang saking tekad utawi niat saking tiyang ingkang ngawontenaken slametan.

g. Serundheng

Serundheng menika minangka pralambang bilih tiyang gesang wonten ing alam donya menika kedah gadhah raos syukur dhumateng Gusti Kang maha Kuasa ingkang sampun paring kabagaswarasan, karejeken, kanugrahan. Kathah menapa sekedhik rejeki ingkang dipunpikantuk menika kedah dipunsyukuri kanthi cara ningkataken ibadahipun.

h. Gorengan

Gorengan menika minangka pralambang raos *kesederhanaan* saking warga masarakat ingkang saged nampi kawontenan kanthi ikhlas lan legowo.

i. Jangan

Jangan menika mralambangaken raos pakurmatan dhumateng Dewi Sri ingkang tansah paring kalancaran anggenipun tetanen.

2. Jenang

Jenang ingkang awujud sekawan jinis menika mralambangaken asal mulaning manungsa ingkang asalipun saking wininipun bapak lan ibu ingkang manunggal.

3. Jajan Pasar saha Larakan

a. Jajan Pasar

Jajan Pasar menika mralambangaken kamakmuran saking warga masarakat lan ugi sarana ingkang dipunginakaken kangge yuwun lancaring rejeki dhumateng Gustinipun.

b. Larakan

Larakan minangka pralambang kemakmuran warga masarakat Keceme.

4. Sekar setaman saha Gunungan

a. Sekar setaman

Sekar setaman menika mralambangaken manah ingkang suci.

b. Gunungan

Gunungan menika mralambangaken raos syukur awit saking asiling tetanen warga Keceme ingkang sae.

Upacara jamasan Pusaka wonten ing Dhusun Keceme gadhah paedah tumrap pagesangan masarakat ing sakiwa tengenipun, ing antawisipun: (1) media spiritual, kanthi dipunwonteni reroncening upacara jamasan pusaka, dipunginakaken dening warga masarakat minangka sarana nyenyuwun dhumateng Gusti Kang Maha Agung, katingal saking lampahing prosesi kenduri ingkang dipunisi kanthi mdedonga nyuwun kaslamatan wonten ing taun ingkang badhe kalampahan, (2) sarana kangge nglestantunalken kesenian tradhisional, katingal kanthi dipunwonteni pagelaran seni jathilan, (3) sarana ngraketaken hubungan sosial wonten ing masarakat, saged katingal saking lampahing adicara ingkang dipulampahi sesarengan dening masarakat mliginipun anggenipun damel cecawis ingkang dipunginakaken wonten ing sajroning upacara jamasan pusaka, (4) ningkataken ekonomi warga masarakat, katingal saking kathahing warga ingkang sesadean nalika dipunlampahi upacara jamasan pusaka wonten ing kompleks papan wisata Puncak Suroloyo, (5) papan upacara jamasan Pusaka ingkang kalampah wonten ing Kompleks papan wisata Puncak Suroloyo menika saged kaginakaken minangka sarana kangge ningkataken potensi wisata ingkang awujud wisata budaya wonten ing Kabupaten Kulon Progo.

Saking pratelan ing nginggil, katingal bilih Upacara Jamasan Pusaka wonten ing pengetan 1 Sura wonten ing masarakat. Warga masarakat taksih nglampahi upacara suran menika amargi gadhah pangarep-arep tumrap ancas lan paedah saking lampahing prosesi upacara jamasan pusaka.

## **B. Implikasi**

Implikasi panaliten menika awujud tradhisi ingkang dipunlestantunaken dening masarakat kanthi turun-temurun. Upacara jamasan pusaka ingkang dipunlampahi dening warga masarakat dhusun Keceme dipunpitados dening warga masarakat panyengkuyungipun saged paring berkah tumrap warga. Prosesi ingkang dipunlampahi wonten ing reroncening upacara jamasan pusaka menika gadhah ancas minangka sarana nyenyuwun dhumateng Gusti Kang Maha Kuasa supados saged piningan kaslametan, kasarasan, lan kalancaran anggenipun makarya pados rejeki.

## **C. Pamrayogi**

Upacara jamasan pusaka ingkang dipunlampahi dening warga masarakat Dhusun Keceme menika gadhah potensi kangge wisata ingkang kedah langkung dipunlestatunaken. Kanthi dipunwonteni upacara jamasan pusaka saged kangge nggiyaraken kesenian-kesenian tradhisional mliginipun ingkang wonten ing Kecamatan Samigaluh.

Kanthi dipunwonteni upacara jamasan pusak wonten ing pengetan 1 Suro ing dhusun Keceme menika minangka sarana kangge pasinaon mliginipun babagan pendhidhikan moral. Saking prosesi ingkang dipunlampahi menika mujudaken raos kerukunan lan raos syukur saking warga masarakat Keceme ingkang mujudaken hubungan sosial ingkang sae. Posesi jamasan menika ugi narik kawigatosan mliginipun kangge wisata saengga langkung mbetahaken kawigatosan saking pamarentah kangge ningkataken potensi wisata ingkang wonten ing papan menika.

## KAPUSTAKAN

- Danandjaja, James. 1994. *Folklor Indonesia: Ilmu Gosip, Dongeng dan lain-lain*. Jakarta: Grafities.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Mistik Kejawen : Sinkretisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta : Narasi
- \_\_\_\_\_. 2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- \_\_\_\_\_. 2010. *Folklor Jawa : Macam, Bentuk, dan Nilainya*. Jakarta: Penaku.
- \_\_\_\_\_. 2011. *Agama Jawa*. Yogyakarta: Lembu Jawa.
- Herusatoto, Budiono. 2008. *Simbolisme Jawa*. Yogyakarta : Ombak.
- Moleong, Lexy J. 2007. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung : PT Remaja Rosdakarya
- Koentjaraningrat.1985. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Aksara Baru.
- Muhadjir, Noeng. 2002. *Metodologi Penelitian Kualitatif*.Yogyakarta: Rake Sarasian
- Noto, Titis Bayu. 2013. Upacara Tradhisi Suran wonten ing Petliasan Gunung Lanang Dhusun Bayeman Desa Sindutan Kecamatan Temon Kabupaten Kulon Progo. *Skripsi*. Yogyakarta: UNY.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters' Uitgevers Maatschappij N. V.
- Rubiyatin. 2006. Upacara Jamasan Pusaka di Dusun Kalibening Desa Dawuhan Kecamatan Banyumas. *Skripsi*. Yogyakarta: UNY.
- Soelarto. 1993. *Garebeg Kasultanan Yogyakarta*. Yogyakarta: Kanisius.
- Soepanto, dkk. 1997. *Upacara Tradisional Sekaten Daerah Istimewa Yogyakarta*. Yogyakarta: Depdikbud.
- Spradley, James, (1997). *Metode Etnografi*. Yogyakarta : Tiara Wacana.
- Sumarsih, Sri. 1989-1990. *Upacara Tradisional Labuhan Kraton Yogyakarta*. Yogyakarta: Depdikbud.

Sunjata, Pantja, dkk. 1997. *Kupatan Jalasutra Tradisi, Makna dan Simboliknya*. Yogyakarta: Depdikbud.

Tashadi, dkk. *Upacara Tradisional Saparan Daerah Gamping dan Wonolelo Yogyakarta*. Yogyakarta: Depdikbud.

Tim Penyusun. 2011. *Suroloyo*. Kulon Progo: Disbudparpora.

Tim Penyusun. 2011. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS UNY.

# LAMPIRAN

## Catatan Lapangan Observasi (CLO: 01)


Hari/Tanggal	: Sabtu, 02 November 2013
Jam	: 08.00 WIB – 13.00 WIB
Tempat	: Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo
Topik	: <i>Deskripsi setting</i> Upacara Jamasan Pusaka pengetan 1 Sura wonten ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo

**Kahanan Fisik Papan Panaliten****1. Kahanan Geografis**

Dhusun Keceme inggih menika salah satunggaling dhusun wonten ing Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo. Dhusun menika dumunung ing sisih ler piyambak saha papanipun paling inggil wonten ing tlatah Kecamatan Samigaluh, kanthi inggilipun  $\pm 1.090$  m *dpl*. Dhusun Keceme menika tebihipun 9 km saking pusat pemerintahan Kecamatan Samigaluh, menawi saking kitha Ngayogyakarta kirang langkung 42 km arah ler kilen. Cacah jiwa penduduk ing Dhusun Keceme menika wonten 258 jiwa ingkang kaperang dados 64 kk. Dhusun Keceme menika mujudaken salah satunggaling dhusun ing Desa Gerbosari ingkang kaperang dados 4 RT lan 2 RW.


Wates saking wilayah Dhusun Keceme inggih menika:

- Sisih Ler : wewengkon Kecamatan Borobudur, Kabupaten Magelang
- Sisih kilen : wewengon Desa Ngargosari
- Sisih Kidul : Dhusun Menggermalang
- Sisih Wetan : Dhusun Nglambur



**Gbr. Peta Dhusun Keceme**

Upacara jamasan pusaka menika dipunadani wonten ing kompleks wisata Suroloyo mliginipun wonten ing Sendhang Kawidodaren ingkang dumunung wonten ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo. Sendhang Kawidodaren menika papanipun wonten ing sisih kilen saking Puncak Suroloyo. Sendhang Kawidodaren menika awujud sendhang ingkang sampun dipunbangun dados setunggal kompleks kanthi wiyaripun kirang langkung 200 m<sup>2</sup>. Ing Sendhang Kawidodaren menika wonten Setunggal pendhapa ingkang dipungunakaken dening masarakat kangge tirakatan. Wonten ing upacara Jamasan Pusaka, Sendhang Kawidodaren menika dipunginakaken kangge nindakaken prosesi jamasan pusaka ing tanggal 1 Sura saben taunipun. Pendhapa ingkang wonten ing Sendhang kawidodaren menika ugi dipunginakaken kangge prosesi wungon lan tirakatan ing malem setunggal Sura. Ing ngandhap menika dhenah papan upacara jamasan pusaka ing Dhusun Keceme.



**Gbr. Dhenah papan upacara jamasan pusaka**

## 2. Kahanan Demografi

### a. Penduduk

Keceme minangka dhusun alit ingkang dumunung wonten ing Puncaking Pegunung Menoreh menika cacah warganipun wonten 258 jiwa ingkang kaperang dados 64 kk. Wonten ing ngandhap menika kaandharaken cacah jiwa penduduk Keceme miturut jinis kelaminipun

Jenis kelamin	Cacah jiwa
Pria	131
Wanita	127
Gunggung	258

**Tabel 1. Jumlah Penduduk e**

**Sumber: data Desa Gebosari Juli 2013**

Saking Dhata ing nginggil saged dipunmangerosi bilih cacah jiwa Keceme ingkang wonten 258 jiwa menika kaperang saking 131 tiyang jaler lan 127 tiyang estri. Pedamelan warga masarakat pedhukuhan Keceme saperangan ageng dados tani. Tetaneman ingkang dipuntanem dening warga masarakat pedhukuhan Keceme ingging menika palawija lan teh. Kawontenan Keceme ingkang wonten

ing *dataran tinggi* kanthi gadhahi hawa ingkang asrep menika sae kangge damel perkebunan teh lan palawija.

#### **b. Agama**

Miturut data pemerintah Desa Gerbosari taun 2013, dipunserat bilih sedaya wrga masarakat Dhusun Keceme ngrasuk Agami Islam 100%. Data prosentase masarakat miturut agami kados wonten ing ngandhap menika.

Agama	L	P	Presentase
Islam	131	127	100%
Kristen	-	-	-
Katolik	-	-	-
Jumlah	131	127	100%

**Tabel 2. data agama penduduk Keceme**

**Sumber: data Desa Gebosari Juli 2013**

#### **Catatan Refleksi :**

1. Dhusun Keceme menika manggen wonten ing Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo, kanthi inggilipun 1090 dpl, lan tebihipun saking pusat pamarentahan Samigaluh udakara 9 km.
2. Saking data wonten ing Desa gerbosari wulan juli 2013, penduduk Dhusun Keceme menika wonten 258 jiwa kadadosan saking 64 kk. Penduduk kakung kaliyan estri tetandhinganipun udakara 131 jiwa : 127 jiwa.
3. Miturut data saking pamarentah Desa Gerbosari taun 2013 saking segi agami nedahaken bilih sedaya masarakat Keceme ngrasuk Agami Islam.

## Catatan Lapangan Observasi (CLO: 02)

Hari/Tanggal	: Kamis, 31 Oktober 2013
Jam	: 09.00 WIB – 12.00 WIB
Tempat	: Kantor Kecamatan Samigaluh,
Topik	: Rapat pembentukan panitia pengetan 1 Sura wonten ing Dhusun Keceme.

**Rapat Panitia Pengetan 1 Sura**

Wonten ing salebeting upacara Jamasan Pusaka wonten ing pengetan 1 Sura, warga masarakat Dhusun Keceme kaliyan pemerintah Desa Gerbosari kajibah damel panitia ingkang ngesuhi babagan prosesi Jamasan Pusaka. Cecawis rapat panitia dipunleksanani wonten ing dinten Kemis surya kaping 31 wulan oktober 2013, wonten ing kantor Kecamatan Samigaluh. Rapat menika dipunadani dening pokdarwis, pemerintah Kecamatan Samigaluh, pemerintah Desa Gerbosari kaliyan wakil saking Dhusun Keceme.

Wonten ing rapat menika dipunrembag susunan kepanitaan Upacara Pengetan 1 Sura Wonten ing Dhusun Kenceme. Wonten ing salebeting rapat menika ugi dipunrembag ngengingi ngengrengan dana ingkang badhe dipunbetahaken ing salebeting adicara menika, tim kirab, kabetahan kangge kirab, regi karcis, posko kangge papan *transit* lan rantaman kangge pagelaran seni.

Rapat ingkang dipunlampahi winten ing surya kaping 31 wulan Oktober 2013 menika ngrembag susunan panitia pengetan 1 Sura wonten ing Dhusun Keceme. Kepanitaan menika ingkang tansah dipunsuwuni tanggeljawab tumrap lancaring prosesi jamasan pusaka ingkang badha kalampahan wonten ing 1 Sura warsa 2013. Susunan panitia ingkang dipunrantam wonten ing salebeting rapat kados wonten ing ngandhap menika.

Pelindung : 1. Muspika Kecamatan Samigaluh

	2. Kasi. Dikbud Kec. Samigaluh
	3. Kepala Desa Gerbosari
Ketua	: 1. Sunardi, HS
	2. Drs. Sudarman
	3. Tri Atmono
Sekretaris	: 1. Moh. Triyadi
	2. Ahmad Nurcahyo
Seksi-seksi :	
Kirab pusaka	: 1. Bambang Eko S.
	2. Kismodiyono
	3. Marjo
	4. Suharroyani
	5. Sumber Rini
	6. Puji Lestari
	7. Suratiman
Jamasan Pusaka	: 1. Bambang Wijono
	2. Suhadi
	3. Kismodiyono
Gunungan	: 1. Hadi Sutaryanto
	2. Kartinah
Dokumentasi	: 1. Samsul Muhilal
	2. Agung
	3. Damar
PPPK	: 1. dr. Sri Utami
Keamanan	: 1. Polsek Samigaluh
	2. Koramil Samigaluh
	3. Eko Maryono
	4. Saronto, BA.
	5. Mukidal
	6. Ramelan

**Catatan Refleksi :**

1. Acara rapat ingkang kalampahan wonten ing dinten Kemis, 31 Oktober menika ngrembag babagan susunan kepanitiaan pengetan 1 Sura ingkang badhe kalampahan wonten ing Dhusun Keceme, ingkang dipunpangarsani dening bapak Sunardi, HS, Bapak Drs. Sudarman lan Bapak Tri Atmono.
2. Susunan kepanitiaan taun 2013 menika boten kathah ewah-ewahanipun kaliyan taun saderengipun.

## Catatan Lapangan Observasi (CLO: 03)

Hari/Tanggal	: Minggu, 3 November 2013
Jam	: 08.00 WIB – 11.00 WIB
Tempat	: Sendhang Kawidodaren lan sakiwa tengenipun,
Topik	: Reresik papan upacara Jamasan Pusaka

**Cecawis Papan Upacara Jamasan Pusaka**

Cecawis papan upacara jamasan pusaka menika katindakaken saderengipun dinten upacara Jamasan Pusaka 1 Sura. Cecawis menika awujud reresik wonten ing papan ingkang badhe dipunginakaken kangge ngleksanani Upacara Jamasan Pusaka. Papan ingkang dipunginakaken kangge prosesi jamasan Pusaka inggih menika wonten ing Komplek Sendhang Kawidodaren.

Reresik wonten ing Sendhang Kawidodaren menika dipunleksanani ing dinten Minggu Legi, surya kaping 3 wulan November 2013. Reresik menika dipunleksanani dening warga Dhusun Keceme ingkang dipundhapuk ngresiki papan Sendhang Kawidodaren kadosta Bapak Jiman, Bapak Sutaryanto, Bapak Kismodiyono lan sanes-sanesipun. Resik-resik menika gadhah ancas supados papan ingkang dipunginakaken kangge prosesi jamasan pusaka inggih menika Sendhang Kawidodaren katingal langkung resik boten katingal katah reregedan saking ron-ronan ingkang sampun gogrog lan resik saking sesuketan ingkang tuwuh wonten ing sakiwa tengenipun Sendhang Kawidodaren.

Reresik menika ugi dipuntindakaken wonten ing margi ingkang tumuju Sendhang Kawidodaren saking arah tegal kepanasan lan ingkang saking arah ngandhap. Kawontenan margi ingkang kathah dipunthukuli sesuketan ndadosaken kawontenan dados resek. Margi kasebat lajeng dipunresiki dening warga kanthi migunakaken piranti pacul lan arit. Reresik wonten ing margi menika kalaksanan kanthi gotong royong saengga pedamelan menika sagd lumampah kanthi langkung entheng lan wekdal ingkang dipunbetahaken dados langkung cepet.



Gbr.: **Warga reresik Sendhang Kawidodaren (dok. Novan 2013)**

Wonten ing dinten Senen Pahing, surya kaping 4 November 2013, reresik wonten ing Sendhang Kawidodaren dipunlajengaken kanthi pasang umbul-umbul lan dipunpaes kanthi migunakaken janur kuning. Ancas saking pasang umbul-umbul lan janur kuning manika minangka sarana kangge ngregengaken swasana pegetan 1 Suro wonten ing Dhusun Keceme.

**Catatan Refleksi :**

1. Reresik wonten ing margi lan Sendhang Kawidodaren kalaksanan wonten ing dinten Minggu Wage, 3 November 2013 lan dipunlajengaken wonten ing dinten Senen kanthi pasang umbul-umbul lan paesan wonten ing sakiwa tengenipun Sendhang Kawidodaren.
2. Kanthi dipunwonteni reresik menika mengku ancas kangge ngresiki papan upacara Jamasan Pusaka saking uwuh, reregedan, lan sesuketan.

**Catatan Lapangan Observasi (CLO: 04)**

Hari/Tanggal	: Senen, 4 November 2013
Jam	: 11.00 WIB – 15.00 WIB
Tempat	: Tegal Kepanasan
Topik	: Reresik papan Pagelaran Seni Jathilan

**Cecawis Papan Pagelaran Seni Jathilan**

Wonten ing dinten Senen Pahing, surya kaping 4 November 2013 dipunwonteni cecawis papan kangge pagelaran seni jathilan saha papan kangge among tamu. Papan kangge pagelaran jathilan menika wonten ing sakiduling Tegal Kepanasan, ngandhapipun Kaendran. Papan menika arupi lapangan ingkang sampun asring kangge papan ngawontenaken pagelaran jathilan. Wonten ing papan menika dipunresiki saking reregedan lan uwuh supados langkung resik, lajeng dipunpasang tendha. Amargi tendha menika arupi tendha sewan saengga ingkang madegaken inggih menika tiyang-tiyang saking papan anggenipun nyewa kabiyantu para warga dhusun keceme.

**Catatan Refleksi :**

1. Reresik lan nyepengaken papan kangge pagelaran jathilan dipunlampahi wonten ing dinten Senen, 4 November 2013 wonten ing sakiduling Tegal Kepanasan.
2. Papan kangge pagelaran jathilan menika migunakaken tendha ingkang dipunpasang dening para tukang saking papan sewan tendha kasebat.

## Catatan Lapangan Observasi (CLO: 05)

Hari/Tanggal : Senen, 4 November 2013  
Jam : 10.00 WIB – 17.00 WIB  
Tempat : Dalemipun Bapak Kemat  
Topik : Damel Gunungan

**Cecawis Gunungan**

Gunungan minangka perangan ingkang penting wonten ing Jamasan Pusaka. Gunungan menika dipunkirabaken wonten ing Dhusun Keceme. Cecawis gunungan kangge upacara jamasan pusaka menika padamelanipun sampun dipundum dening panitia Pengetan 1 Sura Desa Gerbosari. Padamelan menika dipunpasrahaken dhateng bapak Wakhid, bapak Yadi, Mas Eko, Mas Dwi, Bapak Wakiyo. Anggenipun damel gunungan dipunleksanani wonten ing dalemipun Bapak Kemat wonten ing dinten Senen Pahing, Surya kaping 4 November 2013.

Gunungan ingkang dipundamel wonten ing Dhusun Keceme menika arupi wulu pametu saking warga masarakat inggih menika awujud sayur-sayuran. Anggenipun damel gunungan menika dipunwiwiti kanthi pados wowohan saha sayuran ingkang badhe dipunpasang wonten ing gunungan menika. Inggih dipuncepengaken kangge gunungan menika inggih menika kacang panjang, jipang, jagung, kobis, timun, wortel, brambet, lombok, bawang, waluh, terog, lan nanas. Saperangan saking sayuran menika wonten ingkang tumbas wonten ing peken lan wonten ingkang saking warga masarakat.



**Gbr. Damel Gunungan (dok. Novan 2013)**

Sasampunipun sedaya menika dipunsamektakaken, lajeng damel anak lan cengkorongan saking kajeng lan bambu. Anak ingkang dipundamel kanthi bentuk kothak lan dipunpasang cengkorongan wonten ing nginggilipun kanthi migunakaken bambu. Cengkorongan ingkang sampun dados lajeng dipuntutup mawi kertas perak werni ijem saengga sedaya cengkorongan saged katutup mawi kertas perak menika. Anggenipun masang sayuran menika migunakaken kawat supados langkung kukuh. Setunggal mbaka setunggal isi saking gunungan menika dipunronce migunakaken kawat saengga gampang anggenipun masang.

Sayuran dipuntata lan dipunpasang kanthi urutan paling ngandhap piyambak kacang lanjaran, kobis, jagung, jipang, winih kacang, timun, pare, terong, wortel, lombok, brambet, bawang, waluh, lan nginggil piyambak nanas. Wujudipun gunungan ingkang kaginakaken wonten ing kirab gunungan 1 Sura wonten ing Dhusun Keceme kados wonten ing gambar ing ngandhap menika.



**Gbr. Gunungan (dok. Novan 2013)**

Gunungan menika anggenipun damel wiwit tabuh 10.00 WIB ngantos dumugi tabuh 17.00 WIB. Dangunipun wekdal ingkang dipunbetahaken kangge damel gunungan menika amargi kaginakaken kangge nyawisaken piranti ingkang kangge damel gunungan, kadosta pring kangge damel cengkorongan, nyawisaken ancak saking blabak, masang woh-wohan ingkang dipunrakit wonten ing gunungan. Gunungan ingkang sampun dados ajeng dipunbeta saking dalemipun Bapak Kemat dhateng dalemipun Ibu Sutiyah minangka Kepala Dhusun Keceme.

**Catatan Refleksi :**

1. Cecawi gunungan menika kalampahan wonten ing dalemipun Bapak Kemat wonten ing dinten Senen, 4 November 2013 wiwit tabuh 10.00 WIB ngantos dumugi 17.00 WIB.
2. Gunungan kadamel saking wulu pamedaling warga masarakat Keceme ingkang arupi : kacang lanjaran, kobis, jagung, jipang, winih kacang, timun, pare, terong, wortel, lombok, brambet, bawang, waluh, lan nginggil piyambak nanas.

## Catatan Lapangan Observasi (CLO: 06)

Hari/Tanggal	: Senen, 4 November 2013
Jam	: 15.00 WIB – 19.00 WIB
Tempat	: Dalemipun Ibu Sutiyah
Topik	: Damel Sesaji Kenduri

**Cecawis Sesaji**

Sesaji minangka salah satunggaling perangan ingkang kaginakaken wonten ing prosesi jamasan pusaka, mliginipun dipunginakaken wonten ing kenduri. Cecawis sesaji lan ubarampe ingkang dipunginaken wonten ing kenduri menika dipundamel woten dalemipun Ibu Sutiyah wonten ing surya kaping 4 wulan November 2013 wiwit tabuh 15.00 WIB. Sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kendhuri menika wujudipun ingkung, tumpeng, sekul golong, sekul rasul, pentho, srundheng, lan jangan kering.

**1) Sekul saha lawuhipun****a) Inkung**

Inkung minangka salah satunggaling sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri menika dipundamel saking sawung wutuh ingkang dipuntaleni ceker lan ndasipun. Anggenipun damel ingkung menika migunakaken bumbu-bumbu, kadosta sarem, bramбет, mrica, tumbar, laos, kunir, gendhis Jawi, miri, lan santen klapa. Anggenipun damel ingkung menika sasampunipun sawung dipunbeleh, dipunresiki lajeng dipuntlikung. Bumbu-bumbunipun menika dipunulek lan dipungongsa. Bumbu saha sawingipun dipunlebetaken dhateng panci saha dipun sukani toya kangge ngungkep supados dagingipun empuk. Sasampunipun empuk ingkang pungkasan lajeng dipunsukani santen klapa lan gendhis Jawi. Wujudipun ingkung kados wonten ing gambar ngandhap menika.



**Gbr. Inkung (dok. Novan 2013)**

**b) Sekul Wuduk**

Sekul wuduk minangka sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduridipun damel saking beras ingkang dipunmasak kanthi dipunsukani santen. Anggenipun damel sekul wuduk menika migunakaken bumbu-bumbu kadosta salam, tumber, brambet, lan sarem. Wujudipun sekul wuduk saged katingal wonten ing gambar ngandhap menika.



**Gbr. Sekul Wuduk (dok. Novan 2013)**

**c) Ambeng**

Ambeng minangka sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri menika awujud sekul ingkang dipunwadahi wonten ing piring utawi besek. Ambeng menika anggenipun damel kanthi cara wos ingkang sampun dipunpususi lajeng dipunliwet ngantos mateng. Anggenipun nyajikaken ambeng menika migunakaken wadah piring uawi besek kanthi cacah setunggal. Wonten ing kenduri suran ingkang dipunlampahi wonten ing Dhusun Keceme menika

anggenipun nyamektakaken ambeng menika dados setunggal kaliyan larakan, lan jajan Pasar.



**Gbr. Jajan pasar, larakan, lan ambeng (dok. Novan2013)**

#### **d) Sekul Golong**

Sekul golong minangka salah satunggaling sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri menika kadamel saking beras ingkang dipunliwet kanthi pera. Wujud sekul golong menika wonten kalih werni, sekul golong panggung lan sekul golong gilig. Sekul golong giliginggih menbika sekul golong ingkang dipundamel kanthi cara dipunkepli kanthi cacah 15 iji,. Sekul golong panggung inggih menika sekul golong inkang anggenipun nyajikaken namung dipunlebetaken wonten ing satunggaling wadhah tanpa dipunkepli. Sekul golong ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri menika wonten ugi ingkang boten dipunkepli ingkang dipunsebat golong pagung. Wonten ing prosesi kenduri menika migunakaken sekul golong panggung. Wujudipun sekul golong saged katingal wonten ing gambar ngandhap menika.



**Gbr. Sekul Golong (dok. Novan 2013)**

**e) Pentho**

Pentho menika minangka sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing prosesi Kenduri. Pentho saged kadamel saking pathi kanji utawi parutan pohung ingkang dipungoreng. Bumbu-bumbu ingkang dipunginakaken kangge damel pentho inggih menika sarem lan bawang. Wonten ing kenduri ing Dhusun Keceme menika Anggenipun damel pentho migunakaken pohung ingkang dipunparut lajeng dipunperes supados toyanipun saged tuntas. Bumbu-bumbunipun dipunuleg ngantos alus lajeng dipuncampuraken kaliyan parutan pohung. Campuran pohung lan bumbu menika dipunkepli bunder-bunder lajeng dipungoreng ngantos mateng. Wujudipun pentho ingkang kaginakaken wonten ing kenduri meniuka kados wonten ing ngambar ngandhap menika.



**Gbr. Pentho (dok. Novan 2013)**

#### f) Serundheng

Serundheng menika kadamel saking parutan klapa ingkang dipungongsa. Langkung sae menawi migunakaken klapa ingkang sampun tuwa ananging sepetipun taksih ijem. Bumbu-bumbu ingkang dipunginakaken kangge damel serundheng inggih menika sarem, brambet, bawang, tumber, lan gendhis Jawi. Bumbu-bumbunipun menika dipunulek lajeng dipuncarub kaliyan parutan klapa. Sasampunipun carub lajeng dipungongsa lan dipunsukani gendhis Jawi kanthi cara dipunsisir. Parutan klapa menika dipungongsa ngantos wernipun dados coklat. Wujudipun Serundheng ingkang kaginakaken wonten ing kenduri kados wonten ing gambar ngandhap menika.



**Gbr. Serundheng (dok. Novan 2013)**

#### g) Gorengan

Gorengan minangka sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri. Wujud gorengan ingkang dipunginakaken inggih menika tempe, tahu, lan krupuk. Bumbu-bumbu ingkang dipunginakaken inggih menika sarem kaliyan bawang. Anggenipun damel gorengan menika kanthi cara bumbu-bumbunipun dipunuleg lajeng dipun campuraken kaliyan tahu lan tempe lajeng dipugoreng ngantos mateng. Gorengan ingkang kaginakaken wonten ing kenduri 1 Sura menika minangka sesaji ingkang mujudaken tetedhan ingkang mirah lan dipunremeni dening warga masarakat. Wujudipun gorengan ingkang kaginakaken wonten ing kenduri ing Dhusun Keceme kados wonten ing ngandhap menika.



**Gbr. Gorengan (dok. Novan 2013)**

#### **h) Jangan**

Jangan ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri menika wujudipun jangan kering. *Bahan* ingkang dipunginakaken kangge damel jangan menika saged migunakaken tahu, tempe, kentang, lan sapanunggalanipun. Bumbu-bumbu ingkang kaginakaken kangge damel jangan inggih menika sarem, brambet, bawang, lombok, ron salam, lan penyedhap rasa. Kangge damel jangan menika tahu, tempe lan kenthang ingkang sampun dipunrajang alit-alit lajeng dipun goreng ngantos garing utawi mateng. Bumbu-bumbunipun dipun uleg ngantos alus lajung dipungongsa. Sasampunipun bumbu-bumbu menika arum, lajeng gorenga tahu, tempe, lan kenthang meika dipunlebetaken wonten ing wajan lan dipuncampur ngantos sedaya mateng. Wujudipun jangan ingkang kaginakaken wonten ing kenduri ing Dhusun Keceme kados wonten ing ngandhap menika.



**Gbr. Jangan Kering (dok. Novan 2013)**

## 2) Jenang

Jenang minangka sesaji ingkang dipundamel saking tepung beras. Wujud jenang ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri Suran menika wonten sekawan inggih menika jenang putih, jenang abang, jenang baro-baro, lan jenang pliringan. Wujudipun jenang ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri kados gambar ngandhap menika.



Gbr. Jenang (dok. Novan 2013)

### a) Jenang Pethak

Jenang pethak menika kadamel saking glepung beras kanthi migunakaken bumbu-bumbu kadosta sarem, lan santen klapa. Anggenipun damel jenang menika kanthi cara tepung beras dipunmasak dados bubur wonten ing kwali, sasampunipun setengah mateng lajeng dipunsukani santen lan sarem kanthi dipunadhuk ngantos dumugi mateng.

Jenang pethak menika anggenipun nyajekaken migunakaken piring utawi mangkok. Anggenipun damel jenang pethak menika sekalian kaliyan damel jenang baro-baro kaliyan jenang pliringan.

### b) Jenang Abrit

Jenang abrit kadamel saking glepung beras. Anggenipun damel jenang abrit menika sami kaliyan damel jenang pethak, ananging kanthi migunakaken gendhis Jawi saengga wernipun dados abrit. Gendhis Jawi dipuntambahaken sareng sasampunipun santen dipunlebetaken. Sasampunipun bumbu-bumbu dipuncampuraken lajeng dipunadhuk ngantos dumugi mateng.

Jenang abrit menika anggenipun damel sareng kaliyan jenang pethak. Sasampunipun jenang pethak mateng lan saperangan dipunsajikaken lajeng jenang pethak ingkang taksih wonten ing kwali menika dipuntambah gendhis Jawi saengga wernipun dados abrit. Jenang abrit menika dipunsajikaken wonten ing piring. Jenang abrit menika ugi kaginakaken kangge damel jenang baro-baro sareng kaliyan jenang pethak.

### **c) Jenang Baro-baro**

Jenang baro-baro menika wujudipun wonten ing setunggal wadhah dipunisi sepalih jenang abrit lan sepalih jenang pethak. Anggenipun damel menika migunakaken jenang pethak lan jenang abrit. Jenang baro-baro minangka salah setunggaling jenang ingkang wonten ing kenduri ingkang kadamel saking sepalih jenang abrit lan sepalih jenang pethak.

### **d) Jenang pliringan**

Jenang pliringan menika wujudipun jenang pethak ingkang dipunsukani gendhis jawi. Anggenipun damel jenang pliringan menika migunakaken jenang pethak ingkang nalika taksih benter dipun sukani cuilan gendhis Jawi kanthi cacah tiga utawi sekawan iji.

Jenang pliringan minangka sesaji ingkang kaginakaken wonten ing kenduri menika wujudipun jenang pethak ingkang dipunsukani cuilan gendhis Jawi. Benter saking jenang menika ndadosaken gendhis Jawi ingkang wonten ing nginggiing jenang menika ajer.

## **3) Jajan Pasar saha Larakan**

### **a) Jajan pasar**

Wujud saking jajan pasar menika sedaya wujud tetedan utawi jajanan tradhisional ingkang saged dipunpanggihi wonten ing pasar, kadosta jadah, wajik, krasikan, jenang, apem, clorot, pasung lan sapanunggalanipun. Jajan pasar menika minangka salah satunggaling sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing kenduri.

Wujudipun jajan Pasar ingkang wonten ing kenduri ing Dhusun Keceme menika namung migunakaken tetedhan kemasan ingkang dipunsade wonten ing warung-warung kemawon kaliyan migunakaken lemet.

**b) Larakan**

Larakan kadamel saking pala kependhem kadosta pohung, tela pendhem, tales, lan sapanunggalanipun. Anggenipun damel larakan menika kanthi cara umbi-umbi menika dipunkumbah ngantos resik lajeng dipungodhog ngantos mateng. Umbi-umbi menika wonten ingkang dipunonceki ugi wonten ingkang botendipun onceki. Umbi ingkang boten dipunonceki kadosta tales, tela pendhem, lan umbi ingkang dipunonceki kadosta pohung, uwi, kimpul utawi tales, lan sanes-sanesipun.

**4) Sekar Setaman**

Sekar setaman minangka salah setunggaling ubarampe utawi sesaji ingkang kaginakaken wonten ing prosesi jamasan pusaka. Sekar setaman menika wujudipun inggih menika sekar mawar, mlathi lan kenanga. Wonten ing prosesi jamasan pusaka menika sekar setaman kaginakaken wonten ing prosesi jamasan kanthi dipunlebetaken wonten ing toya sendhang Kawidodaren. Wujudipun sekar setaman ingkang kaginakaken wonten ing prosesi jamasan pusaka kados wonten ing gambar ngandhap menika.



**Gbr. sekar setaman (dok. Novan 2013)**

**Catatan Refleksi:**

1. Sesaji ingkang kaginakaken wonten kenduri menika dipundamel wonten ing dalemipun ibu Sutyah dinten Senen, 4 November 2013 wiwit tabuh 15.00 ngantos dumugi tabuh 19.00.
2. Sesaji ingkang dipuncawisaken inggih menika wujudipun arupi ingkung, sekul golong, sekul rasul, pentho, srundheng, lan jangan kering.
3. Kangge ubarampe jamasan pusaka migunakaken sekar setaman ingkang dipuncampur kaliyan toya Sendhang Kawiodaren.

## Catatan Lapangan Observasi (CLO: 07)

Hari/Tanggal : Senin, 4 November 2013

Jam : 20.00 WIB – 21.00 WIB

Tempat : Dalemipun Ibu Sutiyah

Topik : Kenduri lan tirakat

**Kenduri lan tirkatan**

Prosesi kenduri lan tirakat wonten ing upacara jamanan pusaka ingkang kalampahan wonten ing dhusun Keceme menika mengku ancas minangka sarana kangge ndedonga dhumateng Gusti Kang Maha Kuasa ingkang dipunleksanani dening warga masarakat wonten ing malem 1 Sura kanthi nindakaken Kenduri lan tirakat. Lampahig prosesi kenduri menika dipuntindakaken wonten ing dalemipun Ibu Sutiyah minangka dhukuh Keceme. Kenduri menika dipunlampahi wonten ing surya kaping 4 wulan November 2013 kirang langkung tabuh 20.25 WIB.

Kenduri menika katindakaken minangka sarana slametan kanthi cara ndedonga sesarengan ingkang dipunpimpin dening kaum dhusun Keceme, ingkang dipunlajengaken dundum sekul berkat lan ingkung. Kenduri menika miangka sarana ndedonga mugiya sedaya warga masarakat mliginipun Dhusun Keceme pikantuk kasarasan, kaslametan, lan mirah ing karejeken wonten ing warsa enggal 1 Sura.

Kenduri menika dipunpimpin dening bapak Mukidal. Wonten ing kenduri menika dipunwaosaken donga slamet lan donga tahlil ingkang gadhah ancas minangka penyuwunan saking warga Dhusun Keceme tumrap wekdal ingkang badhe kalampahan supados pinaringan kaslamatan lan karaharjan. Wonten ing

kenduri menika dipunwaosaken donga ingkang wosipun nyuwun kaslametan.

Wujudipun donga ingkan dipunwaosaken dening bapak Mukidal inggih menika.

*A'uudzu billaahi minasy-syaithaanir rajiim; Bismillaahir rahmaanir rahiim. Allahumma shalli wa sallim 'alaa sayyidinaa Muhammadin wa 'alaa alii sayyidinaa Muhammadin.*

*Bismillaahir rahmaanir rahiim. Alhamdulillaahi rabbil'aalamiin, hamdasy-syaakiriin, hamdan naa'imiin, hamday yuwaafii ni'amahuu wa yukaafii-u maziidah, yaa rabbanaa lakal hamdu kamaa yambaghii lijalaali wajhika wa 'azhiimi sulthaanik.*

*Allahumma innaa nas-aluka salaamatan fiddiin wa 'aafiyatan fil jasadi, wa ziyaaadatan fil'ilmu, wa baraqatan fir-rizqi, wa taubatan qablal maut, wa rahmatan 'indal maut, wa magfiratam ba'dal maut. Allahuma hawwin 'alainaa fi sakaraatil maut, wan-najaata minan-naar, wal 'afwa 'indal hisaab. Rabbanaa laa tuzigh quluubanaa ba'da idzhadaitanaa wa hablanaa milladunka rahmatan innaka aantal wahhaab. Rabbanaa wali wali dainna warhamhuma kamna rabbayanii saqhirah. Wali jamingil muhminina wal mukminnat, wal muslimat, innaka ngalakuli syai'in qodir. Rabbanaa aatinaa fiddunyaa hasanataw wa fil aakhirati hasanataw wa qiinaa 'adzaabannaar. Wasalallahu ngala sayyidinna Muhammadin, wa 'alaa aliihi wa sahbihii wa salim wal hamdulillahirabbil ngalamin.*

Donga ingkang kawaosaken menika mujudaken donga ingkang wosipun inggih menika nyuwun kaslametan mliginipun tumrap sedaya warga masarakat Keceme. Donga kawaosaken dening juru donga, salajengipun ubarampe utawi sesaji ingkang kaginakaken wonten ing kenduri lajeng dipunbagi-bagi kanthi cacah warga ingkang tumut wonten ing kenduri kasebat. Sasampunipun kenduri lajeng dipunlampahi tirakat utawi wungon wonten ing dalemipun ibu dhukuh. Wonten ing tirakat menika warga sami ngangsu kawruh kaliyan warga sanesipun. Wonten ing wungon menika uga dipunisi kanthi ndedonga, tahlilan, lan nyenyuwun dhumateng Gusti Kang Maha Kwasu Ananging wonten ing malem 1 Sura ing warsa 2013 menika waga ingkang nglapahi tirakat utawi wungon menika namung sekedhik.

**Catatan Refleksi:**

1. Kenduri lan tirakat dipunlampahi wonten ing dalemipun Ibu Sutiyah, wonten ing dinten Senen, 4 November 2013 wiwit tabuh 20.00 WIB. Kenduripun kawiwitan wonten ing tabuh 20.25 WIB.
2. Kenduri dipunpimpin dening Bapak Mukidal minangka juru donga Dhusun Keceme, kanthi pasarta kenduri menika warga Keceme, ananging ingkang tumut namung saking warga saking sakiwa tengenipun dalemipun Ibu Sutiyah.
3. Kenduri kalaksanan kanthi ndedonga lan dipunpungkasi kanthi bagi sekul berkat.
4. Tirakat lan wungon kalampahan sasampunipun kenduri, kanthi dipunisi kanthi ndedonga, tahlilan, lan ngangsu kawruh antawisipun warga masarakat.

**Catatan Lapangan Observasi (CLO: 08)**

Hari/Tanggal : Selasa, 5 November 2013  
Jam : 09.00 WIB – 10.00 WIB  
Tempat : Dhusun Keceme  
Topik : Kirab Gunungan lan pusaka.

**Kirab gunungan**

Kirab gunungan lan pusaka menika gadhah ancas minangka wujud manunggaling warga masarakat Dhusun Keceme angenipun nglampahi pagesangan. Wonten ing pengetan 1 sura ing warsa 2013 menika gunungan lan pusaka menika dipunkirabaken saking patung punakawan dumugi sendhang Kawidodaren. Ananging adatipun ingkang sampun lumampah, anggenipun kirab gunungan menika dipunwiwiti saking dalemipun dhukuh Keceme dumugi Sendhang Kawidodaren.



**Gbr. Kirab Gunungan (dok. Novan 2013)**

Wujud Gunungan ingkang kadamel saking wulupamedalipun warga masarakat menika mujudaken kekiyatanipun warga Dhusun Keceme anggenipun

nyengkuyung lan mengeti warsa enggal 1 Sura. Anggenipun kirab gunungan dipunwiwiti saking dalemipun Ibu Sutiya minangka dhukuh Dhusun Keceme ngantos dumugi sendhang Kawidodaren.

**Catatan Refleksi:**

1. Kirab gunungan lan pusaka kalampahan wonten ing dinten Selasa, 5 November 2013, tabuh 09.00 WIB ingkang kawiwitan saking dalemipun Ibu Sutiya ngantos dumugi Sendhang Kawidodaren.
2. Kirab gunungan menika kalampahan kanthi pasarta dhomas, para abdi ingkang mbekta pusaka, gunungan, lan para prajurit.

### Catatan Lapangan Observasi (CLO: 09)

Hari/Tanggal : Selasa, 5 November 2013

Jam : 10.00 WIB – 10.30 WIB

Tempat : Sendhang Kawidodaren, Dhusun Keceme

Topik : Jamasan Pusaka

#### **Jamasan Pusaka**

Upacara jamasan pusaka kalampahan wonten ing dinten Slasa Pon, surya kaping 5 wulan November 2013. Upacara jamasan pusaka dipunpimpin dening Bapak Bambang Wijono. Prosesi jamasan pusaka ingkang dipunlampahi wonten ing Sendhang Kawidodaren menika dipunwiwiti nalika pusaka ingkang dipunkirab dumugi wonten ing Sendhang kawidodaren. Tumbak kyai Manggala Murti ingkang dipunkirabaken lajeng dipunpasrahaken dhumateng bapak Bambang Wijono. Wujud saking pusaka ingkang dipun jamasi wonten ing pengetan 1 Sura kados wonten ing ngandhap menika.



**Gbr.Pusaka (dok. Novan 2013)**

Tatacara ingkang kaginakaken kangge jamasan pusaka inggih menika kanthi cara warangka tumbak dipunbikak lajeng mata tumbakipun dipuncopot

saking landeanipun. Wesi tumbak lajeng dipunjamasi migunakaken toya Sendhang Kawidodaren ingkang dipuncampur kaliyan sekar setaman. Tumbak dipunresiki kanthi dipungosok migunakaken jeram pecel kanthi ancas supados karat ingkang wonten ing tumbak menika saged ical. Sasampunipun pusaka dipungosok migunakaken jeram pecel prosesi salajengipun inggih menika dipusiram malih migunakaken toya sendhang lajeng dipungaringaken. Pusaka tumbak Kyai Manggala Murti ingkang sampun garing lajeng dipungosok migunakaken minyak cendana kanthi ancas supados boten kencing karat sadangunipun dipunsimpen ngantos dumugi jamasan ingkang badhe kalaksanan ing taun sangajengipun. Pusaka ingkang sampun dipunjamasi lajeng dipunwangsulaken dhateng dalemipun Dhukuh Keceme minangka papan kangge nyimpen pusaka.

Jamasan pusaka menika gadhah ancas kangge ngresiki pusaka ingkang awujud Tumbak Kyai Manggala Murti lan Songsong Kyai Makutha Dewa. Lampahing upacara jamasan pusaka menika dipuntindakaken kanthi ngumbah pusaka migunakaken toya ingkang sampun dipuncampur kaliyan sekar setaman. Supados ical karatipun dipungosok migunakaken jeram pecel lan pungkasanipun dipunsukani minyak cendana. Jamasan menika dipunleksanani dening sesepuh Dhusun Keceme lan Desa Gerbosari. Kanthi dipunleksanani jamasan pusaka menika mujudaken raos pakurmatan dhumateng para leluhur.



**Gbr. Jamasan Pusaka (dok. Novan 2013)**

Pusaka ingkang dipunjamasi wonten ing Sendhang Kawidodaren nalika pengetan 1 Sura ing warsa 2013 menika ugi wonten pusaka-pusaka gadhahipun masarakat ingkang arupi keris kanthi cacah wonten gansal.

**Catatan Refleksi:**

1. Jamasan Pusaka minangka Prosesi Puncak menika kalampahan wonten ing dinten Slasa, 5 November 2013 udakara tabuh 10.00 WIB, wonten ing Sendhang Kawidodaren.
2. Jamasan pusaka katindakaken dening bapak Bambang Wijono, pusaka ingkang dipunjamasi inggih menika Tumbak Kyai Manggala Murti, lan ugi wonten pusaka milik pribadi warga masarakat ingkang awujud keris.
3. Ubarampe ingkang kaginakaken wonten ing prosesi jamasan Pusaka inggih menika sekar setaman, jeram pecel, minyak cendana, lan toya Sendhang Kawidodaren.
4. Sasampunipun jamasan Pusaka Tumbak Kyai Manggala Murti lan Songsong Kyai Makutha Dewa rampit, pusaka kekalih lajeng dipunwangsulaken dhateng dalemipun Ibu Sutiyah.

**Catatan Lapangan Observasi (CLO: 10)**

Hari/Tanggal : Selasa, 5 November 2013  
Jam : 11.00 WIB – 15.00 WIB  
Tempat : Papan Pagelaran Seni Jathilan, Dhusun Keceme  
Topik : Pagelaran Seni

**Pagelaran seni**

Rerangkening prosesi upacara Jamasan Pusaka ingkang dipunlampahi dening warga masarakat Dhusun Keceme menika katutup kanthi pagelaran seni jathilan saking paguyuban Rampak Galuh Jati. Pagelaran jathilan menika kalaksanan wonten ing dinten Slasa surya kaping 5 wulan November 2013 tabuh 11.20 WIB. Adicara pagelaran seni jathilan minangka salah satunggaling adicara ingkang dipuntengga dening warga masarakat. Pagelaran seni jathilan saged katingal kados wonten ing gambar ngandhap menika.



**Gbr. Pagelaran Seni Jathilan (dok. Novan 2013)**

Pagelaran seni jathilan saking paguyuban Rampak Galuh Jati menika dipunpentasaken kalih babak. Babak ingkang sepisan menika mentasaken

sendratari kanthi cariyos para prajurit ingkang nglawan angkaramurka ingkang dipunwujudaken para butho. Para butha ingkang minangka raseksa ingkang gadhah tumindak awon menika saged dipunatoraken dening para prajurit ingkang gadhah tumindak becik. Wonten ing babak kaping kalih dipungiyaraken tari rampak butho, ingkang dipunpungkasi kanthi sedaya buthanipun sami kesurupan.

**Catatan Refleksi:**

1. Pagelaran seni Jathilan minangka sarana kangge ngregengaken swasana pengetan warsa enggal 1 Sura wonten ing Dhusun Keceme kalampah wiwit tabuh 11.00 WIB.
2. Pagelaran seni menika nggiyaraken seni jathilan saking Paguyuban Rampak Galuh Jati saking Dhusun Clumprit, Desa Gerbosari.

## Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 01)

Hari/Tanggal : Sabtu, 16 November 2013

Jam : 19.00 WIB

Tempat : Dalemipun Bapak Wachid

Narasumber : Bapak Wachid

Novan : *Nuwun sewu pak, kepareng badhe tanglet babagan sejarah dipunwonteni upacara jamasan pusaka wonten ing Suroloyo?*

P Wachid : *sejarah dianani jamasan pusaka ning Dhusun Ceme biyen kuwi Inti sarine rama juru nampadhawuh saka Ngarsa dalem swargi, merga biyen teteki nang kene, pucaka iku banjur dibalekake nang kene, kon ngrumat warga masyarakat kene khususe, bisa murakabi ora mung desa kene, munggah mudune tekan wilayah, saiki rak yo sak Kulon Progo. Ning ora dimaksud nek uwong-uwong kon nyembah pusaka kui, dudu. Ananging mung kon ngormati, ana pituahe yaiku bisa mberkahi. Pusaka diserahke nang kene kui, digawe acara tanggapan tanggap warsa 1 Sura lan kandhane Jamasan Pusaka saben taune.*

*Mbiyen nalika rama juru rawuh , saben Sura nyebar udhik-udhik. Udhik-udhik kui kedadeyan saka beras kuning karo dhuwit, karo koro, pokoke sembaranglah. Pralambang kesejahteraan wong urip. Koyo ngono kui terus dianani, merga biyen rama juru le oleh dhawuh malem Jemuwah Legi banjur dianani acara wungon, melesanlah. Sakjroning wungon padha nenuwun , nganggo dhikiran, tahlilan, macapatan, dhongeng-dhongeng sing ngenani kanggo anak putu mbesuk. Terus neng yo kui, dadi nek sesuk ana rejaning jaman, aja nggo rebutan. Tekan saiki nek tak etung-etung ora mung desa kene wae, tekan kabupaten melu ndhuweki.*

Novan : *Lajeng prosesipun menapa kemawon?*

P Wachid : *Pusaka dijamasi, diarak. Nek maleme bengi jane do tirakatan. Nek saiki ora, merga ora ana tuntunan sing kenthel, uwong njuk nerak to? Dadine nek sing towo we ngono apa meneh sik enom. Pangandikane ora kena digugu, mula terus sing ngarep kana wong kuwi nek ora isa keduwung meneng. Ning nek saiki meneng kleru, ngomong kleru, tinimbange bgomong kleru keduwung meneng. Saiki le ngudhari angel. Meneng merga semedi apa meneng merga ora bisa omong. Mula alika wingi, entas iki, Sura sing wis rong Sura, kene ora melu nang Yoja.gek bar Sura nang dhuwur, Kanjeng Ratu rawuh, kene lak medhun. Nang kana dianani acara tapa bisu bengi. Nang kono kui sedyane kabeh uwong duwe penuwunan, penuwunan keslametan, kerejeken le nyambut gawe, yo macem-macem lah. Lhah nang kene ndisik arep diananin acara kaya kuwi, acarane munggah gunung ning meneng.ning saiki-iki wong nang kene iki seka kana-kana , nek cara kana ngana, cara kene ngene. Ngono kui sakbenere ora pas, cara kene ya kene, cara kana ya kana.*

*Mula tradhisine kene ya kuwi, njuk aliase seka kersane rama Juru yo go tradhisi. Jmasan kuwin mlebeu tradhisi, Jamasan. Dadi tak omongke, tumbak mau rupane dudu asline, wis bedha. Diarani tumbak ‘Manggala Murti’ karo ‘Makutha Dewa’. Makutha Dewa kui sing payung, wong le njenengi yo nang kene. Pas kenduren nang wetan, sing njenengi yo Rama Juru kuwi. Yo dho lenggah ngene kiyi, kae lesehane mujur ngetan ngene kiyi. Rama Juru ngalungake cili muni karo swargine mbah Manten. Dijenengi sing mbah manten “Tirta Wiraga” trus swargi mbah Carik “Tirta Wiguna”. Tirta banyu, wiraga kui awak. Terus, sing kulon tirta “banyu” wiguna” kuwi kagunan, kagunaning banyu. Trus pusakaniijg kui nang kono le njenengi, “Kyai Manggala Mukti” karo “Kyai Makutha Dewa”. Manggala Mukti, manggala kui prajurit, mukti kuwi kepenak. Makutha Dewa, Makutha kuwi kuluk, dewa. Dadi kuluking Dewa.*

*Mula kasebut Suroloyo kuwi papan kadewan. Lha wong-wongane kui, nek disebut dewa ya kena kleru. Kurang luwih ya ngono kuwi.*

Novan : *Menawi prosesi wonten ing upacara Jamasan Pusaka Kala wingi menapa kemawon? Menapa wonten kenduri, tirakatan?*

P Wachid : *Prosesine wingi ya ana kenduren, Le kenduri wingi kae ana ing omahe bu Dhukuh. Sik teka ya mung saperangan wae, ya mung sik cerak-cerak kene. Nek sik tirakatan ya mung sik mangkat kenduren mau jane.*

Novan : *Menawi kenduri menika ubarampe ingkang dipunginakaken menika menapa kemawon? Menawi wonten ngandhap menika migunakaken ingkung sekul gurih, sekul golong?*

P Wachid : *Nek sajene ya padha wae, ya nganggo ingkung, sego gurih, sego golong, ambeng, jenang, larakan, tukon pasar,jangan, gorengan, srundheng, ro pentho.*

Novan : *Sedaya sesaji menika mralambangaken menapa kemawon?*

P Wachid : *umpamane piye?*

Novan : *Umpaminipun Inkung menika mralambangaken tiyang ingkung sujud menapa kados pundi?*

P Wachid : *nek Inkung kuwi wujud lak kaya wong kang lagi sujud, kuwi mralambangake manungsa kuwi kudu nyembah lan nyenyuwun marang Gusti Allah. Terus apa meneh?*

Novan : *Menawi sekul gurih, sekul golong, ambeng, lan sanes-sanesipun menika mralambangakaen menapa kemawon?*

P Wachid : *ubarampe luyane kuwi ya duwe pralambang dhewe-dhewe. Sekul wuduk kuwi kanggo ngormati Kanjeng Nabi Muhammad SAW lan para sahabate sing mapan ana Mekah lan Medinah. Terus ambeng*

*mralambangake pakormatan marang leluhur, umpamane mbah-mbahmu biyen. Segu golong kuwi inti sarine kanggo ngormati Nabi Adam AS sak kluwarga, uga mralambangake anggone nyuwun pangapura marang Gusti Allah awit manungsa kuwi nang donya kuwi akeh sithik mesthi duwe kaluputan. Terus nek serundheng kuwi pralambang manungsa kuwi tansah duwe rasa syukur marang rejeki saka Gusti Allah, sethitik apa okeh, tetep kudu disyukuri. Apa meneh?*

Novan : *Taksih pentho, larakan, jenang, gorengan, janganan, kaliyan tukon Pasar.*

P Wachid : *Saiki nek pentho, entho kuwi mralambangake antep tekad anggone gawe slametan. Jenang, nanggone kenduren wingi, jenang kuwi wujud ana papat, yaiku jenang abang, jenang putih, jenang baro-baro, karo jenang pliringan. Nek intisarine jenang putih kuwi inti sarine nggambarake wiji saka bapak, dadi manungsa kuwi kudu ngormati marang bapakne. Jenang abang kuwi inti sarine mujudake wiji seko ibu. Dadine anak kuwi kudu ngormati ibune aja ngasi mbantah apa maneh wani karo ibune. Jenang baro-baro mralambangake manunggaling wiji saka bapak lan ibu, uga katentreman tumrap kabeh warga. Nang endi wae parane, muga bisa oleh katentreman anggone urip, gampang anggone golek rejeki, terus apa sik dikarepake bisa kalaksanan, nanging ya kudu tansah dibarengi usaha lan ibadah sing temen. Teus nek jenang pliringan kuwi intisarine mujudake kakang kawah adi ari-ari. Bocah kuwi dilairke orang mung dhewe ananging ya duwe tunggal, ning ya kuwi, ora ketok.*

*Larakan kuwi intisarine mujudake pametune wong tani. Wujud larakan kuwi lak saka woh-wohan sing kependhem, kaya jendal, kimpul, tales, tela pendhem, uwi. Terus jajan pasar kuwi intisarine*

*ngambarake kemakmurane warga masarakat khususe warga Keceme. Pasar kuwi lak mujudake salah siji pusat ekonomi warga masarkat. Nek jangan kuwi intisarine mralambangake kumpule wong cilik. Sing keru dhewe gorengan, gorengan kuwi mujudake rasa kesederhanaan, lha wong ndeso kuwi mangan cukup nganggo lawuh tempe, tahu, nganggo sambel. Inti sarine seka uba rampe sik dinggo kenduren ya mung kaya ngono kuwi.*

Novan : *Menawi saking prosesi menika lak migunakaken ubarampe gunung. Menapa gunung menika ugi gadhah pralambang tartamtu?*

P Wachid : *Gunung kuwi inti sarine minangka rasa syukur wong Ceme, sik diwujudke migunakake hasil tetanen seko wong Ceme. Gunung kuwi digawe saka wulu pametune wong Ceme, ya gunungane mung wujud saka sayuran ngana kae.*

Novan : *Lajeng menawi saking pusaka ingkang dipunjamasi menika menapa nyimbolaken makna tartamtu?*

P Wachid : *wujuding pusaka sik dijamasi nang kene lak ya tumbak Kyai Manggala Murti karo songsong Kyai Makutha dewa. Tumbak kui lak rupane lancip, kuwi mralambangake pikiran manungsa kuwi kudu lantip. Terus nek songsong kui ya go ngayomi. Inti sarine ya mung ngonoi kuwi. Apa menah sik arep ditakoke?*

Novan : *Sampun Cekap, nuwun.*

### **Catatan Refleksi:**

1. Asal-usul pusaka ingkang dipunjamasi menika asalipun saking Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Pusaka ingkang dipun jamasi arupi tumbak lan songsong ingkang dipunnamani Tumbak Kyai Manggala Murti lan Songsong Kyai Makutha Dewa.

2. Prosesi jamasan pusaka dipunwiwiti kanthi kenduri lan tirakat wonten ing malem 1 Sura.
3. Wonten ing tanggal 1 Sura dipunlampahi upacara kirab gunung lan pusaka, saking dalemipun Dhukuh Keceme tumuju Sendhang Kawidodaren ingkang dipunlajengaken prosesi jamasan Pusaka. Sasampunipun pusaka dipunjamasi, gunung dipunrebataken dening warga masarakat.
4. Prosesi Kenduri igunakaken maneka warna ubarampe ingkang gadhahi pralambang tartamtu tumrap pagrsangan masarakat.
5. Gunung ingkang dipunebataken mujudaken wulu pamedal saking masarakat Keceme, ingkang miturut kapitadosan masarakat gunung menika saged paring berkah.
6. Pusaka Kyai Manggala Murti mralambangaken lantiping pikiran manungsa lan Songsong Kyai Makutha Dewa mralambangaken kawontenan ingkang ayom ayem.

## Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 02)

Hari/Tanggal : Sabtu, 23 November 2013

Jam : 15.00 WIB

Tempat : Dalemipun Bapak Kismodiyono

Narasumber : Bapak Kismodiyono

Novan : *Nuwun sewu pak, kepareng badhe tanglet babagan sejarah dipunwonteni upacara jamasan pusaka wonten ing Suroloyo?*

P Kismo : *Pusaka niki asal-usulipun saking Sri Sultan IX, lewat Ki Juru Permana, dipuntitipaken ing Dhusun Keceme. Wujudipun pusaka, setunggal menika Tumbak Kyai Manggala Mukti, lan ugi Songsong Kyai Makutha Dewa. Kerasanipun Sri Sultan lewat Ki Juru Permana kala semanten saben setunggal Sura menika dipunjamasi sarana dipunkirabaken mubeng Dhusun Keceme. Lajeng kangge uba rampe jamasan pusaka lan kirabipun menika kanthi dipunwonteni gunungan arupi wuluwedalipun para warga Dhusun Keceme, ugi minangka sarana jamasan menika mawitoya sendhang Kawidodaren. Kanthi dipun kantheni syarat-syaratipun menika sekar setaman, ugi ingkang kangge ngresiki menika jeruk pecel lan ingkang kangge paling kantung piyambak menika minyak cendana. Lajeng sasampunipun menika, gunungan dipunrebataken sedaya masa utawi pengujung. Pusakanipun lajeng dipunwangsulaken dhateng papanipun, ing gedhung pusaka. Dene papanipun pusaka menika wonten dalemipun dhukuh, dados dhukuh menika mangkih ingkang dhukuh kala semanten menika Bapak Ngadi Wiharjo, samenika gantos Bapak Suhadi, lajeng gantos Bu Sutiyah, dados mapanipun pusaka wonten ing panggenanipun rumah dhukuh.*

- Novan : *Lajeng tujuan saking prosesi jamasan pusaka menika menapa kemawon?*
- P Kismo : *Tujuan saking upacara menika, saking kersane Sri Sultan amrih warga mriki menika saged murah sandhang, mirah pangan, kanthi wontenipun pusaka kekalih menika dipuntitipakn wonten mriki. Otomatis saben setunggal Suro lan mbok menawi boten namung setunggal Suro menika kathah menawi daya pikat para pengunjung. Supados kathah pengunjung kanthi menika warga ngriki saged gesang kanthi sadeyan menapa kemawon ingkang dados karemanipun. Mekaten tujuanipun.*
- Novan : *Menawi prosesi wonten ing upacara Jamasan Pusaka Kala wingi menapa kemawon? Menapa wonten kenduri, tirakatan?*
- P Kismo : *Menawi prosesipun upacara jamasan pusaka menika wonten kirab pusaka lan gunung, lajeng dipunwonteni jamasan pusaka wonten ing Sendhang Kawidodaren.*
- Novan : *Pusaka ingkang dipunjamas menika mralambangaken menapa?*
- P Kismo : *Tumbak minangka lambang kekuatan utawi kekiyatan warga masyarakat menawi songsong saged ngayomi warga masyarakat ing ngriki.*
- Novan : *Menawi jamasan pusaka wonten ing Dhusun Keceme menika dipunwiwiti kapan?*
- P Kismo : *Jamasan menika dipunmulai wiwit Jumat Legi saking Ngarsa Dalem Sri Sultan Kanthi Utusan Ki Juru Permana. Laeng kala semanten dipundherekaken prajurit saking Ngayogyakarta, ugi nderekaken kirab Pusaka ing komplek Suroloyo menika.*
- Novan : *Menawi kala rumiyin, wonten ing salebeting gunung menika dipunsukani ingkung saha tumpeng. Kenging menapa wonten ing boten wonten?*
- P Kismo : *Sejatosipun sarana menika saged dipunagengaken amrih boten ngabot-aboti warga masyarakat. Dados ingkang baku boten kedhah*

*mawi ingkung mawi sarana ageng dados kanthi sakwontenipun ananging tetep dipunlampahi.*

Novan : *Lajeng menawi saderengipun jamasan pusaka menika dipunwonteni cecawis. Menawi wonten sendhang kala wingi dipunresiki amargi badhe upacara jamasan menapa sampun rutin?*

P Kismo : *Saderengipun upacara jamasan menika dipuntindakaken, dipunwonteni resesik ing sakiwa tengenipun sendhang. Nalika kala wingi ingkang resesik wonten ing sendhan menika ana kang Jiman, mbah Sutar, ya aku barang. Tujuane saking resesik menika supados reregedan ingkang wonten ing sendhang menika saged resik lan prosesi jamasan ingkang kalampahan saged langkung kepenak.*

Novan : *Menawi mekaten, kula kinten cekap kemawon, matur nuwun.*

#### **Catatan Refleksi:**

1. Asal usul pusaka saking Sri Sultan IX, lumantar Ki Juru Permana. Pusakanipun arupi tumbak ingkang dipunsebat Tumbak Kyai Manggala Murti lan Songsong Kyai Makutha Dewa.
2. Pusaka dipunjamasi saben 1 Sura kanthi dipunwonteni kirab gunung lan pusaka mubeng Dhusun Keceme. Gunung kadamel saking asil bumi warga masarakat Keceme.
3. Pusaka dipunjamasi migunakaken toya sendhang Kawidodaren lan migunakaken sekar setaman, jeram pecel lan minyak Cendhana.
4. Gunung dipunrabataken dening masarakat awit dipunpitados saged paring berkah tumrap warga masarakat.
5. Saderengipun dipunwonteni upacara jamasan pusaka, papan wonten ing sakiwa tengenipun Sendhang kawidodaren dipun resiki dening warga masarakat Keceme.

## Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 03)

Hari/Tanggal : Jumat, 29 November 2013

Jam : 19.00 WIB

Tempat : Dalemipun Bapak Sudarman

Narasumber : Bapak Sudarman (Ketua panitia Suran)

Novan : *Nuwun sewu pak, kepareng badhe tanglet babagan sejarah dipunwonteni upacara jamasan pusaka wonten ing Suroloyo?*

P Darman : *Nek sejarah jamasan pusaka sing dianani ing Suroloyo kuwi biyen tujuane seko Ngarso Dalem dinggo wisata ritual, tahun 1986 Ngarso Dalem maringi pusaka awujud tumbak Manggala Murti karo payung makutho Dewa. Saben-saben 1 sura dikirabke karo jamasan.*

Novan : *Lajeng manfaat saking upacara menika menapa kemawon?*

P Darman : *Manfaat Suroloyo sakwise Sertani mlebu, dampake dalane wis diambake, terus tanggal 20 Mei 212 dianake festival Punokawan, festival Punokawan kuwi yo bejo, mergane kejaba oleh idi palilahe Ngarso Dalem Sri Sultan, GKR Hemas ugi nyarujuki madege padhepokan Suroloyo. Kanthi festival punokawan kuwi kanggo nangani, terus nggrengsengake, budaya Ngayogyakarta mligine, sing kondhang adiluhung. Saiki rata-rata akeh generasi mudha sik wis lali ro budayane dhewe. Conto sedherhana nek biyen bocah nek diingetke wis tanggap, nek saiki diingetke bales ngingetke. Ngene ini dampak luar biasa, luwih-luwih nang sesrawungan sing akhire ora bisa nregani awake dhewe, merga hakekate nregani uwong liya mergo bisa nregani awake dhewe. Contone nek aku kepethuk njenengan terus mesem piye le mangsuli?*

Novan : *Kedahipun nggih mesem.*

P Darman : *Nek saiki wis ora, kepara weruh wae ya wis weruh thok. Iki antarane, budaya-budaya sik wiwit kekikis. Iki dadi keprihatinan paguyuban kabudayan Suroloyo sing pangarep-arepe kerjasama karo Dewan Budaya Propinsi, boko sethithik digarap m sing pengarep-arepe bisa balik pulihe budaya adiluhung ketimuran mligine Ngayogyakarta.*

*Saiki nggo conto, biyen aku dikandhani wong tuwaku, aja pisan-pisan wani karo ibumu, mergo ibumu sik metengke kowe, nglairke kowe, nggedheke kowe. Kalane ibumu tangi tengah wengi ngganti popokmu, bapakmu bisa turu ngorok. Ora ateges oleh wani karo bapakmu. Barang ditelusuri maknane jembar, rasa hormat marang wong tuwa. Biyen kuwi ana tetembungan pasar ilang kumandhange, kali ilang kedhunge, wadon ilang wilange. Saiki wis dadi kenyataan, contone Pasar Galuh kae nek setengah pitu seko Gunung Jongkang krungu le dho kemruwek, saiki wis mlebu ngomah. Pasar ilang kumndhange, jamas wis moderen. Saiki kali ilang kedhunge, merga manungsa ora tresna marang alam, dadi alam ora tresna marang manungsa. Gunung padha kekikis, longsor, kedhung jero dadi kebak walet lan sak piturute. Ning ana untunge, watu munggah kendhil, wis diliwet, watu-watu kui digoleki. Saiki lewat 1 Suro sik wis kelakon terus arep diadani terus dinggo nenangi adiluhung budaya Jawa. Mula taun iki Dikbudparpora kulon Progo ngadani kirab 1 Sura disambung wayangan tanggal 7 Desember, terus tanggal 25 Desember ana kethoprak lesung, tanggal 1 ana kegiatan ning Suroloyo. Ning emane kerukunan masarakat ceme kuwi kurang, mukire Suroloyo kuwi sik duwe wong Ceme. Saiki Suroloyo kuwi sik duve udu wong Ceme meneh, nanging duweke wong sak donya meneh. Buktine nalika dianake festifal punokawan, sik teka malah seka Jerman, Belanda, Selandia Baru. Malah sik seka Jerman karo Londo basa krama inggile alus, nek arep sinau basa Jawa malah*

*ndadak nang Londo, mergane awake dhewe emoh nyinau nguri-uri basa Jawa. Mula arah ke depan kanggo budaya arep nganake kongres kanggo ndongkrak mligine Suroloyo. Mergo wilayah Pegunungan Menoreh wiwit Kokap tekan Suroloyo dadi 1 kawasan. Terus apa meneh?*

Novan : *Menawi babagan kepanitiaan upacara Jamasan Pusaka kados pundi?*

P Darman : *Masalah panitia Suran wingi dileksanani nalika tanggal 31 Oktober. Rapat panitia dileksanani ana ing kecamatan, seka anggota pokdarwis, pemerintah Gerbosari karo saperangan warga Ceme. Neng kono dirembug babagan susunan kepanitiaan, dana, tim kirab disusun mateng, kebutuhan kanggo gunung, papan transit ing SD Suroloyo, terus babagan pentas seni. Ananging nalika pelaksanaane ana sing kurang, dalan sing arah tegal kepanasan kae kudune steril seka bakul, ning nyatane ya ngono kae, do nggo bakulan, ngasi akhire nalika pak Tedjo arep budhal, dalane kebak ngasi mobile ora isa mlaku. Salah sijine ya kui. Nek seka laporan kepanitiaan wingi hasileya wis apiklah.*

Novan : *Lajeng menawi lampahipun prosesi jamasan pusaka menika kados pundi?*

P Darman : *Nek masalah prosesine ya ngana kae, njenengan lak melu to? Prosesine kuwi ya mung dianani kirab gunung lan pusaka banjur dianake jamasan pusaka neng Sendhang Kawidodaren. Yo mung ngono kuwi.*

Novan : *Saking lampahing upacara jamasan pusaka menika padeah menapa kemawon ingkang saged dipun pendhet tumrap pagesangan masarakat?*

P Darman : *Manfaat seko upacara Jamasan Pusaka, mligine kanggo masarakat Ceme sing paling ketok yo kuwi manfaat ekonomi. Nalika 1 Sura, kawasan Suroloyo kuwi dadi rame, neng kono masarakate akeh sik dodolan, dadine ekonomi masarakat isa kaangkat sanajan mung sithik. Manfaat liyane, Suroloyo minangka papan wisata bisa narik kawigatene wisatawan, apa meneh dianani upacara jamasan kuwi bisa dadi aset budaya kanggo narik wisatawan lokal lan wisatawan saka negara ngamanca kana. Mligine ngono kuwi manfaat seko jamasan pusaka. Apa ana sik arep ditakoke meneh?*

Novan : *Kula kinten cekap rumiyin. Matur nuwun.*

#### **Catatan Refleksi:**

1. Asal usul pusaka saking Sri Sultan IX, nalika tahun 1986. Pusakanipun arupi tumbak ingkang dipunsebat Tumbak Kyai Manggala Murti lan Songsong Kyai Makutha Dewa. Pusaka dipunjamasi saben 1 Sura saben taunipun.
2. Upacara Jamasan Pusaka minangka sarana kangge nguri-uri kabudayan ingkang adiluhung.
3. Ewah-ewahaning jaman ndadosaken kathah kabudayan saking daerah sanes mlebet ing budaya Jawa, ananging kedah saged milih budaya menapa ingkang cocok lan sae tumrap pagesangan masarakat Jawa.
4. Rapat panitia dipunlampahi wonten ing 31 Oktober 2013 wonten ing pendhapa Kecamatan Samigaluh dening perangkat Desa Gerbosari, camat Samigaluh, Kepolisian lan saperangan warga masarakat Keceme.
5. Paedah saking upacara Jamasan pusaka menika arupi paedah pariwisata lan paedah ekonomi.

## Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 04)

Hari/Tanggal : Sabtu, 23 November 2013

Jam : 16.00 WIB

Tempat : Dalemipun Bapak Pawiro Kartono

Narasumber : Bapak Pawiro Kartono

Novan : *Nuwun sewu Mbah, kepareng badhe wawancara babagan Upacara Jamasan Pusaka kala wingi.*

B Pawiro : *O, ya.*

Novan : *Jamasan Pusaka sejarahipun kados pundi mbah?*

B Pawiro : *Seka kraton kae to? Seka Kraton kae lak ngekeki pusaka kuwi ben dijamasi saben Sura, tanggal sepisan.*

Novan : *Wujud pusaka menika menapa kemawon mbah??*

B Pawiro : *Pusaka Tumbak karo songsong, ning jenenge apa kae, kok lali.*

Novan : *Tumbak Kyai Manggala Murti kaliyan Songsong Kyai Makutha Dewa.*

*Mbah menawi prosesi jamasan Pusaka menika kados pundi?*

B Pawiro : *Pusakane ya dikirabke banjur dijamasi ana neng sendhang kana.*

Novan : *Lajeng ubarampe ingkang dipunginkaken menapa kemawon Mbah?*

B Pawiro : *Ubarampene kuwi ya ,umg jeruk pecel kae, karo kembang barang. Ngko nek bar disiram banjur dikosoki jeruk kuwi. Nek wis rampung pusakane banjur dibaleke nang ngomahe dhukuh.*

Novan : *Lajeng menawi tujuan saking jamasan pusaka menika menapa?*

B Pawiro : *Tujuan seka jamasan pusaka kuwi, muga Keceme iki diparingi ayom ayem, wargane padha diparingi kasarasan lan kalancaran anggone golek rejeki.*

Novan : *Lajeng menawi wonten ndalu sak derengipun jamasan menika wonten acara menapa kemawon mbah??*

B Pawiro : *Nek bengine dianake genduren,karo tirakatan.*

Novan : *Menawi kenduri menika lak migunakaken ubarampe, ubarampenipun menika menapa kemawon lan mralambangaken menapa kemawon mbah?*

B Pawira : *Nek ubarampe genduren kuwi ana ingkung, ingkung menika mralambangake wahyu suci al Quran, nderek sarekat kanjeng nabi Muhammad, sekul Wuduk kanggo ngormati kanjeng rasul nabi muhammad ingkang sumare wonten ing mekah lan medinah sagarwa saputra saha sahabatpindah. Sekul gurih utawi sekul wuduk menika kangge malambangaken pakurmatan dhumateng para rasul lan para leluhur. Golong panggung kanggo ngormati nabi Adam ing Mekah lan Medinah sak garwa putra miwah sahabat, leluhur saking jaler lan setri ingkang kebersihan boten kebersihan sepuh anem kagungan kalepatan kaliyan Gusti Allah paringana pangapura, pangapuranipun kaluberna dhateng kula. Gusti allah ngijabahna sadaya panyuwun kula.*

*Pentho menika mujudaken raos golong giligipun tiyang ingkang damel wilujengan. Jenang abang menika mralambangaken ibu tiyang sekaliyan, Jenang putih menika mralambangaken bapak tiyang sekaliyan. Baro-baro munggil pretapan sanes panggenan ingkang mencar dumugi pesisir kidul ndadosna ayom ayem si... ingkang mapan ing ler, kidul, wetan utawi kilen. Utawi dinten 7 pekenan 5 keblat sekawan gangsal, nem badan, pitu sukma, wolu*

*sukma, 9 sak sarengatipun. Jenang pliringan kangge mengeti kakang kawah adhi wingking.*

*Larakan menika mujudaken kasuburaning lemah ingkang saged katingal saking asilipun kayata jendal, kimpul, uwi, tela pendhem, lan sapanungaalane Ya mung kuwi sak ngertiku.*

Novan : *Menawi mekaten nggih matur nuwun mbah?*

### **Catatan Refleksi:**

1. Asal usul pusaka saking Kraton Yogyakarta. Pusakanipun arupi tumbak ingkang dipunsebat Tumbak Kyai Manggala Murti lan Songsong Kyai Makutha Dewa.
2. Wonten ing malem 1 Sura dipunwonteni kenduri lan tirakat. Kenduri menika migunbkakaen manika warna sesaji ingkang ngemu pralambang tartamtu.
3. Pusaka dipunjamasi saben 1 Sura kanthi dipunwonteni kirab gunung lan pusaka mubeng Dhusun Keceme. Gunung kadamel saking asil bumi warga masarakat Keceme.
4. Pusaka dipunjamasi migunakaken toya sendhang Kawidodaren lan migunakaken sekar setaman, jeram pecel lan minyak Cendhana.

## Catatan Lapangan Wawancara (CLW: 05)

Hari/Tanggal : Sabtu, 23 November 2013

Jam : 17.00 WIB

Tempat : Dalemipun Bapak Wachid

Narasumber : Ibu Kartinah

Novan : *Nuwun sewu Bu, kepareng badhe nyuwun wekdalipun kangge wawancara ngengingi Upacara Jamasan Pusaka kala wingi.*

I Kartinah : *Bab apa sok arep ditakoke?*

Novan : *Kala wingi wonten prosesi kenduri, lajeng ubarampe utawi sesaji menapa kemawon ingkang dipunbetahaken?*

I Kartinah : *Nek ubarampe utawa sesaji sik dienggo kanggo kenduri kuwi ana ingkung, sega golong, sega wuduk, ambeng, pentho, srundheng, janganan, larakan, jajan pasar, jenang, lan janganan kering.*

Novan : *Menawi anggenipun damel menik akados pundi?*

I Kartinah : *Le gawe apa?*

Novan : *Nggih sedaya sesaji menika, menawi ingkung kados pundi, lajeng bumbu-bumbu ingkang dipun betahaken menika menapa kemawon?*

I Kartinah : *Ya nek ingkung kuwi le gawe seka pitik ditaleni gulu ro sikile. Terus bumbu-bumbune kuwi ngango brambang, bawang, garam, gula jawa, mrica, laos, salam, tumbar, kunir, karo santen. Nek le masak ya digodhog paling ora ya sak jam.*

Novan : *Lajeng menawi damel sekul wuduk lan ubarampe sanesipun kados pundi?*

I Kartinah : *Uba rampe liyane legawe ya ngene iki, Segu gurih atau sega wuduk kuwi bahane ya beras biasa, ananging le masak diwenehi santen. Bumbu-bumbu sik dienggo kuwi uyah, brambang, tumbar, ro godhong salam. Bumbu-bumbune diuleg terus dicampur ro santene. Nek berase dicakel disik ngasi kekel, terus dicemplingke nang santen. Nek wes asad diangkat lan diangin-anginke sebentar. Bar kuwi dikukus meneh ngasi mateng. Terus nek ambeng kuwi sega biasa sik diwadahi piring utawa besek. Nek le gawe ya mung kaya ngliwet biasa kae.*

*Bar kuwi ana sega golong, Segu golong kuwi ya sega biasa, le masak mung diliwet kaya ngliwet biasa. Ning nek sega golong kuwi ana sik dikepli sik disebut golong gilig karo sik ora dikepli sik disebut golong panggung.*

Novan : *Lajeng menawi damel pentho, serundheng, jenang, jangon, lan sanesipun kados pundi?*

I Kartinah : *Pentho kuwi le gawe seka jendal sik diparut, dibumboni uyah ro bawang. Nek uwis campun banjur dikepli njuk digoreng. Nek serundheng kuwi digwe nganggo klapa sik diparut terus digoreng. Bumbu-bumbu sik dienggo ya kuwi bawang, brambang, uyah, tumbar, ro gula Jawa. Carane gawe bumbune dimasak bareng ro parutan kelapa terus gulane disisir dicampurke ngasi serundhenge mateng.*

*Nek jenang kuwi le gawe werna papat, ana jenang abang, jenang putih, jenang baro-baro, lan jenang pliringan. Nek gawe jenang putih kuwi bahane seka tepung beras. Bumbune ya kuwi uyah ro santen. Carane gawe jenang putih kuwi tepung berase digawe bubur nganggo banyu, nek wis kekel utawa setengah mateng banjur diwenehi santen ro uyah. Jenang abang kuwi le gawe padha karo jenang putih, bahane ya padha mung ditambahi gula Jawa. Le gawe*

*dadi siji, nek jenang putihe wis mateng terus ditambahi gula. Jenang baro-baro kuwi jenang abang karo jenang putih. Jenang pliringan kuwi jenang sik ana cuilane gula jawa. Terus apa meneh?*

Novan : *Menawi damel janganan, gorengan, larakan, lan jajan pasar menika kados pundi anggenipun damel?*

I Kartinah : *Nek le njangan sik dienggo kenduri biasane janganan kering. Bahan sik dipakai ana tahu, tempe, lan kentang. Bumbu-bumbune ya mung bumbu dapur biasane. Terus le gawe gorengan kuwi ya mung tempe digoreng, dibumboni bawang ro uyah.*

*Larakan kuwi wujud godhog-godhogan kayata jendal, kimpul, tela pendhem, uwi. Nek jajan pasar kuwi ya mung le toko nang pasar, nek jaman biyen jajan pasar kuwi wujud kaya jadah, wajik, krasikan, jenang, apem, clorot, pasung lan liya-liyane. Ning ya kuwi, nek saiki wujud ya mung jajanan cilik-cilik kuwi. Nek sajene ya mung ngono kuwi le gawe.*

Novan : *Nggih menawi mekaten mutur nuwun.*

### **Catatan Refleksi:**

1. Sesaji kenduri dipundamel wonten ing dalemipunh ibu Dhukuh Keceme
2. Wujud sesaji ingkang dipundamel wonten 11 jinis inggih menika: ingkung, sekul wuduk, ambeng, sekul golong, pentho, serundheng, jenang, larakan, jajan pasar, gorengan, lan janganan.



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA

**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**

Alamat: Karangmalang, Yogyakarta 55281 ☎ (0274) 586168 psw. 519 Fax. (0274) 548207  
http://www.fbs.uny.ac.id//

FRM/FBS/32-01  
10 Januari 2011

Nomor : 703 / UN34.12 / PBD / IX / 2013  
Lampiran : -  
Hal : Permohonan Izin Observasi/Penelitian  
Kepada Yth.  
Dekan  
u.b. Wakil Dekan I  
Fakultas Bahasa dan Seni UNY

Yogyakarta, 30 September 2013

Bersama ini kami kirimkan nama mahasiswa FBS UNY Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Prodi Pendidikan Bahasa Jawa yang mengajukan permohonan izin observasi/penelitian untuk keperluan penyusunan Tugas Akhir lengkap dengan deskripsi keperluan penelitian tersebut sebagai berikut:

1. Nama : **NOVANTO SETYAWAN**
2. NIM : 10205241058
3. Jurusan/Program Studi : Pendidikan Bahasa Daerah / Pendidikan Bahasa Jawa
4. Alamat Mahasiswa : Keceme, Gerbosari, Samigaluh, Kulonprogo
5. Lokasi Penelitian : Dusun Keceme
6. Waktu Penelitian : Oktober - Desember 2013
7. Tujuan dan maksud Penelitian : Pengambilan data untuk penulisan Skripsi
8. Judul Tugas Akhir : Jamasan Pusaka Wonten Ing Pangetan 1 Sura Ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Samigaluh, Kulon Progo
9. Pembimbing : Dr. Suwardi, M.Hum.

Demikian permohonan izin tersebut untuk dapat diproses sebagaimana mestinya.

Ketua Jurusan,

Dr. Suwardi, M.Hum.  
NIP 19640403 199001 1 002



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**

Alamat: Karangmalang, Yogyakarta 55281 ☎ (0274) 550843, 548207 Fax. (0274) 548207  
http://www.fbs.uny.ac.id//

FRM/FBS/33-01  
10 Jan 2011

Nomor : 0936/UN.34.12/DT/X/2013  
Lampiran : 1 Berkas Proposal  
Hal : **Permohonan Izin Penelitian**

3 Oktober 2013

Kepada Yth.

Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta  
c.q. Kepala Biro Administrasi Pembangunan  
Sekretariat Daerah Provinsi DIY  
Kompleks Kepatihan-Danurejan, Yogyakarta 55213

Kami beritahukan dengan hormat bahwa mahasiswa kami dari Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta bermaksud mengadakan **Penelitian** untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS)/Tugas Akhir Karya Seni (TAKS)/Tugas Akhir Bukan Skripsi (TABS), dengan judul:

***JAMASAN PUSAKA WONTEN ING PENGETAN 1 SURA ING DHUSUN KECEME, DESA GERBOSARI,  
KECAMATAN SAMIGALUH, KABUPATEN KULONPROGO***

Mahasiswa dimaksud adalah :

Nama : NOVANTO SETYAWAN  
NIM : 1020541058  
Jurusan/ Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa  
Waktu Pelaksanaan : Oktober – Desember 2013  
Lokasi Penelitian : Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulonprogo

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon izin dan bantuan seperlunya.

Atas izin dan kerjasama Bapak/Ibu, kami sampaikan terima kasih.

a.n. Dekan  
Kabag Tata Usaha FBS,  
  
Drs. Yudi Surtama, M.Pd.  
NIP 19620610 198601 1 001

Tembusan:

1. Kepala Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulonprogo



PEMERINTAH DAERAH DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA  
SEKRETARIAT DAERAH  
Kompleks Kepatihan, Danurejan, Telepon (0274) 562811 - 562814 (Hunting)  
YOGYAKARTA 55213

SURAT KETERANGAN IJIN

070 /Reg / VI / 7227 / 9 / 2013

Membaca Surat : **KABAG TU FBS UNY**

Nomor : **0936/UN.34.12/DT/X/2013**

Tanggal : **03 OKTOBER 2013**

Perihal : **PERMOHONAN PENELITIAN**

- Mengingat :
1. Peraturan Pemerintah Nomor 41 Tahun 2006 tentang Perizinan bagi Perguruan Tinggi Asing, Lembaga Penelitian dan Pengembangan Asing, Badan Usaha Asing dan Orang Asing dalam Melakukan Kegiatan Penelitian dan Pengembangan di Indonesia;
  2. Peraturan Menteri Dalam Negeri Nomor 20 Tahun 2011 tentang Pedoman Penelitian dan Pengembangan di Lingkungan Kementerian Dalam Negeri dan Pemerintah Daerah;
  3. Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 37 tahun 2008 tentang Rincian Tugas dan Fungsi Satuan Organisasi di Lingkungan Sekretariat Daerah dan Sekretariat Dewan Perwakilan Rakyat Daerah;
  4. Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 18 Tahun 2009 tentang Pedoman Pelayanan Perizinan, Rekomendasi Pelaksanaan Survei, Penelitian, Pendataan, Pengembangan, Pengkajian dan Studi Lapangan di Daerah Istimewa Yogyakarta.

**DIJINKAN** untuk melakukan kegiatan survei/penelitian/opengembangan/pengkajian/studi lapangan kepada:

Nama : **NOVANTO SETYAWAN**

NIP/NIM : **1020541058**

Alamat : **KARANGMALANG YOGYAKARTA**

Judul : **JAMASAN PUSAKA WONTEN ING PENGETAN 1 SURA ING DHUSUN KECEME DESA GERBOSARI  
KECAMATAN SAMIGALUH KABUPATEN KULON PROGO**

Lokasi : **KAB. KULON PROGO**

Waktu : **04 OKTOBER 2013** s/d **04 JANUARI 2014**

**Dengan Ketentuan**

1. Menyerahkan surat keterangan/ijin survei/penelitian/pendataan/pengembangan/pengkajian/studi lapangan \*) dari Pemerintah Daerah DIY kepada Bupati/Walikota melalui institusi yang berwenang mengeluarkan ijin dimaksud;
2. Menyerahkan *softcopy* hasil penelitiannya baik kepada Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta melalui Biro Administrasi Pembangunan Setda DIY dalam bentuk *compact disk* (CD) maupun mengunggah (*upload*) melalui website : [adbang.jogjapro.go.id](http://adbang.jogjapro.go.id) dan menunjukkan naskah cetakan asli yang sudah di syahkan dan di bubuhi cap institusi;
3. Ijin ini hanya dipergunakan untuk keperluan ilmiah, dan pemegang ijin wajib mentatati ketentuan yang berlaku di lokasi kegiatan;
4. Ijin penelitian dapat diperpanjang maksimal 2 (dua) kali dengan menunjukkan surat ini kembali sebelum berakhir waktunya setelah mengajukan perpanjangan melalui *website*: [adbang.jogjapro.go.id](http://adbang.jogjapro.go.id);
5. Ijin yang diberikan dapat dibatalkan sewaktu-waktu apabila pemegang ijin ini tidak memenuhi ketentuan yang berlaku.

Dikeluarkan di Yogyakarta  
Pada tanggal **04 OKTOBER 2013**

An. Sekretaris Daerah

Asisten Perekonomian dan Pengembangan  
Ub.

Biro Administrasi Pembangunan



Tembusan:

- 1 Yth. Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta (sebagai laporan)
- 2 BUPATI KULON PROGO C.Q KPT
- 3 Ka. Dinas Kebudayaan DIY
- 4 KABAG TU FBS UNY
- 5 YANG BERSANGKUTAN

Endang Susilowati, SH.  
NIP. 1980120198503 2 003



**PEMERINTAH KABUPATEN KULON PROGO**  
**BADAN PENANAMAN MODAL DAN PERIZINAN TERPADU**  
Unit 1: Jl. Perwakilan No. 2, Wates, Kulon Progo Telp.(0274) 775208 Kode Pos 55611  
Unit 2: Jl. KHA Dahlan, Wates, Kulon Progo Telp.(0274) 774402 Kode Pos 55611  
Website: [bpmpt.kulonprogokab.go.id](http://bpmpt.kulonprogokab.go.id) Email : [bpmpt.kulonprogo@gmail.com](mailto:bpmpt.kulonprogo@gmail.com)

**SURAT KETERANGAN / IZIN**

Nomor : 070.2 /00731/X/2013

- Memperhatikan : Surat dari Sekretariat Daerah Provinsi DIY Nomor: 070/REG/V/7227/9/2013, TANGGAL 4 OKTOBER 2013, PERIHAL : IZIN PENELITIAN
- Mengingat : 1. Keputusan Menteri Dalam Negeri Nomor 61 Tahun 1983 tentang Pedoman Penyelenggaraan Pelaksanaan Penelitian dan Pengembangan di Lingkungan Departemen Dalam Negeri;  
2. Peraturan Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta Nomor 18 Tahun 2009 tentang Pedoman Pelayanan Perizinan, Rekomendasi Pelaksanaan Survei, Penelitian, Pengembangan, Pengkajian dan Studi Lapangan di Daerah Istimewa Yogyakarta;  
3. Peraturan Daerah Kabupaten Kulon Progo Nomor : 16 Tahun 2012 tentang Pembentukan Organisasi dan Tata Kerja Lembaga Teknis Daerah;  
4. Peraturan Bupati Kulon Progo Nomor : 73 Tahun 2012 tentang Uraian Tugas Unsur Organisasi Terendah Pada Badan Penanaman Modal dan Perizinan Terpadu..
- Diizinkan kepada : **NOVANTO SETYAWAN**  
NIM / NIP : 10205241058  
PT/Instansi : UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
Keperluan : IZIN PENELITIAN  
Judul/Tema : JAMASAN PUSAKA WONTEN ING PENGETAN 1 SURA ING DHUSUN KECEME ,DESA GERBOSARI,KECAMATAN SAMIGALUH KABUPATEN KULON PROGO
- Lokasi : DHUSUN KECEME, GERBOSARI, SAMIGALUH
- Waktu : 04 Oktober 2013 s/d 04 Januari 2014

1. Terlebih dahulu menemui/melaporkan diri kepada Pejabat Pemerintah setempat untuk mendapat petunjuk seperlunya.
2. Wajib menjaga tata tertib dan mentaati ketentuan-ketentuan yang berlaku.
3. Wajib menyerahkan hasil Penelitian/Riset kepada Bupati Kulon Progo c.q. Kepala Badan Penanaman Modal dan Perizinan Terpadu Kabupaten Kulon Progo.
4. Izin ini tidak disalahgunakan untuk tujuan tertentu yang dapat mengganggu kestabilan Pemerintah dan hanya diperlukan untuk kepentingan ilmiah.
5. Surat izin ini dapat diajukan untuk mendapat perpanjangan bila diperlukan.
6. Surat izin ini dapat dibatalkan sewaktu-waktu apabila tidak dipenuhi ketentuan-ketentuan tersebut diatas.

Ditetapkan di : Wates  
Pada Tanggal : 07 Oktober 2013



**Dra. NIKEN PROBO LARAS, S.Sos.,M.H**  
N.P. Pembina Tk.I ; IV/b  
NIP. 19630801 199003 2 002

Tembusan kepada Yth. :

1. Bupati Kulon Progo (Sebagai Laporan)
2. Kepala Bappeda Kabupaten Kulon Progo
3. Kepala Kantor Kesbangpol Kabupaten Kulon Progo
4. Kepala Dinas Pendidikan Kabupaten Kulon Progo
5. Camat Kecamatan Samigaluh
6. Kepala Desa Gerbosari
7. Yang bersangkutan
8. Arsip

## SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan di bawah ini,

Nama : Wachid  
Umur : 57 th  
Agama : Islam  
Pendidikan : SD  
Jenis Kelamin : Laki - laki  
Pekerjaan : Tani  
Alamat : Keceme

Dengan ini menyatakan bahwa, Saya benar-benar telah diwawancarai oleh Saudara **Novanto Setyawan**, untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul "**Jamasan Pusaka Wonten Ing Pengetan 1 Sura Ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo.**"

Demikian surat pernyataan ini Saya buat, semoga dapat digunakan sebagaimana mestinya dan harap menjadi periksa. Terima kasih.

Samigaluh, 23 November 2013

Yang membuat pernyataan,

  
( WACHID )

## SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan di bawah ini,

Nama : *Hesmodiyono*  
Umur : *60 th*  
Agama : *Islam*  
Pendidikan : *SD*  
Jenis Kelamin : *Laki*  
Pekerjaan : *Tani*  
Alamat : *Keceme*

Dengan ini menyatakan bahwa, Saya benar-benar telah diwawancarai oleh Saudara **Novanto Setyawan**, untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul "**Jamasan Pusaka Wonten Ing Pengetan 1 Sura Ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo.**"

Demikian surat pernyataan ini Saya buat, semoga dapat digunakan sebagaimana mestinya dan harap menjadi periksa. Terima kasih.

Samigaluh, 23 November 2013

Yang membuat pernyataan,



( *Hesmodiyono* )

## SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan di bawah ini,

Nama : Sudarman  
Umur : 66 tahun  
Agama : Kristen  
Pendidikan : SI IKIP PGRI  
Jenis Kelamin : Laki-laki  
Pekerjaan : Pensiunan PNS  
Alamat : Keweron, Sidoharjo, Samigaluh, KP.

Dengan ini menyatakan bahwa, Saya benar-benar telah diwawancarai oleh Saudara **Novanto Setyawan**, untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul "**Jamasan Pusaka Wonten Ing Pengetan 1 Sura Ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo.**"

Demikian surat pernyataan ini Saya buat, semoga dapat digunakan sebagaimana mestinya dan harap menjadi periksa. Terima kasih.

Samigaluh, ~~29~~ November 2013

Yang membuat pernyataan,

  
( SUDARMAN )

## SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan di bawah ini,


Nama : Pawiro Kartono  
Umur : 87 th  
Agama : Islam  
Pendidikan : SR  
Jenis Kelamin : laki - laki  
Pekerjaan : Tani  
Alamat : Keceme

Dengan ini menyatakan bahwa, Saya benar-benar telah diwawancarai oleh Saudara **Novanto Setyawan**, untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul "**Jamasan Pusaka Wonten Ing Pengetan 1 Sura Ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo.**"

Demikian surat pernyataan ini Saya buat, semoga dapat digunakan sebagaimana mestinya dan harap menjadi periksa. Terima kasih.

Samigaluh, 29 November 2013

Yang membuat pernyataan,



( Pawiro Kartono )

## SURAT PERNYATAAN

Yang bertanda tangan di bawah ini,

Nama : Kartinah  
Umur : 52 th  
Agama : Islam  
Pendidikan : SMP  
Jenis Kelamin : Perempuan  
Pekerjaan : Jami  
Alamat : KeReme

Dengan ini menyatakan bahwa, Saya benar-benar telah diwawancarai oleh Saudara **Novanto Setyawan**, untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS) yang berjudul "**Jamasan Pusaka Wonten Ing Pengetan 1 Sura Ing Dhusun Keceme, Desa Gerbosari, Kecamatan Samigaluh, Kabupaten Kulon Progo.**"

Demikian surat pernyataan ini Saya buat, semoga dapat digunakan sebagaimana mestinya dan harap menjadi periksa. Terima kasih.

Samigaluh, 23 November 2013

Yang membuat pernyataan,

  
( Kartinah )